ToTAL
Tout Timoun Ap Li

M ap li nèt ale

Liv mèt la – #3



Twazyèm ane

USAID | AYITI
ÈD PÈP AMERIKEN

Ministère de l'Education Nationale
et de la Formation Professionnelle

Remèsiman espesyal

Metòd « M ap li nèt ale » se rezilta èd pèp ameriken an bay Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) pa mwayen pwojè ToTAL (Tout Timoun Ap Li). Se RTI Entènasyonal k ap egzekite l pou USAID/ Ayiti.
Metòd « M ap li nèt ale, 3èm ane » a te jwenn konkou anpil moun pou l ka rive reyalize. Yo te pote kontribisyon yo nan konsepsyon ak elaborasyon materyèl la, nan fason yo te soutni travay la ak nan konsèy yo te bay. Se poutèt sa n ap remèsye espesyalman :

Moun ki te patisipe nan elaborasyon, konsepsyon ak koreksyon materyèl la :

- Marie-Jeanne Léo LOUIS-CHARLES, Spécialiste du développement des matériels de créole, USAID/ RTI/ ToTAL
- Reginald Calixte BRICE, Educateur, Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Jovany VINCENT, Educateur, Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Standley KETAN, Educateur/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Walph Ferentzi YOUYOU, Educateur/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Darline ALEXIS, Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL, (Correction et relecture)
- Josette GABOTON, Consultante, DEF/ EPT-BM (Correction)
- Fritz Berg JEANNOT, Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL (Relecture)
- Nathalie LEMAINE, Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL (Élaboratrice d'histoires)
- Marie Rodny Laurent ESTÉUS, Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL (Élaboratrice d'histoires)
- Marlène ETIENNE, Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL (Élaboratrice d'histoires)
- Mitchell Pierre, Illustrateur, Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL

Moun ki te soutni ak bay konsèy

- Loretta GARDEN, USAID
- Fabiola LOPEZ-MINATCHY, USAID
- Josiane H. BARNES, USAID
- Nathalie RICOT, USAID
- Kadidia DIENTA, COP, USAID/ RTI/ ToTAL
- Andrew JOHNSTON, DCOP, USAID/ RTI/ ToTAL
- Mary DENAUW, Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL
- Laurette CUPIDON, Coordonnatrice du Curriculum, USAID/ RTI/ ToTAL
- Emmanuel FILIPPI, Coordonnateur du bureau du Nord, USAID/ RTI/ ToTAL
- Lionel HOGU, Consultant, DEF/ MENFP
- Jean Winor PIERRE, Directeur, DEF/ MENFP
- Claudin SAINT- JOUR, Chef de service du Curriculum et formation, DEF, MENFP
- Chantal ROQUES, Coordonnatrice PDCL
- Raymond JEAN-LOUIS, Responsable de formation PDCL
- Dieudonne JOSEPH
- Jean Daniel CLEDOR
- Alius JOSEPH

Sa ki nan liv la

Premye koze **3**
Zouti pou aplikasyon metod la **8**
Resanblans ak Diferans ant Kreyol ak Franse **15**
Leson 101 ..... **23**
Leson 102 ..... **28**
Leson 103 ..... **33**
Leson 104 ..... **38**
Leson 105 ..... **43**
Leson 106 ..... **47**
Leson 107 ..... **52**
Leson 108 ..... **56**
Leson 109 ..... **61**
Leson 110 ..... **66**
Leson 111 ..... **70**
Leson 112 ..... **75**
Leson 113 ..... **79**
Leson 114 ..... **84**
Leson 115 ..... **88**
Leson 116 ..... **92**
Leson 117 ..... **97**
Leson 118 ..... **102**
Leson 119 ..... **107**
Leson 120 ..... **112**
Leson 121 ..... **116**
Leson 122 ..... **121**
Leson 123 ..... **126**
Leson 124 ..... **131**
Leson 125 ..... **136**
Leson 126 ..... **140**
Leson 127 ..... **145**
Leson 128 ..... **150**
Leson 129 ..... **155**
Leson 130 ..... **159**
Leson 131 ..... **163**
Leson 132 ..... **168**
Leson 133 ..... **172**
Leson 134 ..... **177**
Leson 135 ..... **181**
Leson 136 ..... **185**
Leson 137 ..... **190**
Leson 138 ..... **194**
Leson 139 ..... **198**
Leson 140 ..... **202**
Revizyon Leson 141 ..... **206**
Revizyon Leson 142 ..... **210**
Revizyon Leson 143 ..... **214**
Revizyon Leson 144 ..... **218**
Revizyon Leson 145 ..... **222**
Modèl evalyasyon Leson 146 ..... **226**
Modèl evalyasyon Leson 147 ..... **229**
Modèl evalyasyon Leson 148 ..... **231**
Modèl evalyasyon Leson 149 ..... **233**
Modèl evalyasyon Leson 150 ..... **236**

Premye koze

Pwogram ToTAL (Tout timoun ap li) jwenn finansman nan men USAID pou kore Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) nan efò l ap fè pou amelyore konpetans lekti elèv ki nan premye sik lekòl fondamantal.
Metòd « M ap li nèt ale » a se yon metòd ansèyman lekti ki itilize lang kreyòl pou devlope konpetans lekti elèv yo. Li pèmèt timoun yo aprann li ak ekri byen. Li chita sou senk poto mitan: konsyans fonemik, prensip alfabè, fliyidite, vokabilè ak konpreyansyon. Poto mitan sa yo ap ede timoun yo konprann, reflechi epi eksprime lide yo sou sa yo li.
Metòd la respekte objektif Ministè a (MENFP) defini nan kourikoulòm premye sik lekòl fondamantal la pou ansèyman kreyòl.

I. Anseyman lekti nan metòd « M ap li nèt ale »

Pou twazyèm ane a, metòd la pousuiv ak konpozant lekti yo. Li vin ranfòse demach ki te devlope nan premye ak dezyèm ane a. Nan ane sa a metòd la sitou apiye sou twa nan senk poto mitan yo : ***li ak fasilite, vokabilè ak konpreyansyon***. Se pou sa nou mete plis aksan sou lekti divès kalite tèks. Nou itilize tou yon demach kote lekti endividyèl okipe yon plas enpòtan nan leson yo menm si lekti modèl mèt la ak lekti gide a toujou prezan.

Kòm se yon apwòch pa konpetans, nou ajoute lòt tèm nan kominikasyon yo tankou kominikasyon oral, vokabilè ak gramè ki vin fasilite konprayansyon tèks yo. Toujou nan lide pou ankouraje elèv yo pran gou nan aktivite lekti, nou mete nan chak leson, yon aktivite k ap sèvi pou atikilasyon ak entonasyon.

II. Demach pedagojik

Metòd ***« M ap li nèt ale »*** a chita sou prensip pedagoji aktiv. Sa vle di li suiv yon apwòch patisipativ kote pwosesis ansèyman-aprantisaj la santre sou elèv yo. Yon apwòch konsa fasilite entèraksyon pwofesè-elèv, elèv-elèv. Konsa elèv yo vin premye aktè nan pwosesis aprantisaj la. Sa pèmèt yo aprann pi byen epi devlope kapasite pou yo sèvi ak konesans yo.

Pou apwòch patisipativ sa a fonksyone byen nou itilize plizyè estrateji, tankou :

1.Modelizasyon

Li pèmèt anseyan an bay egzanp, akonpaye elèv yo anvan li ba yo chans fè egzèsis pou kont yo. Li genyen yon entwodiksyon, yon modèl (tou pa m), yon egzèsis sou kontwòl anseyan an (ann fè l ansanm) ak yon egzèsis san kontwòl anseyan an (tou pa nou). Pou twazyèm ane a, sa fèt sitou pou nosyon ki nouvo yo. Nan aktivite « Li tèks la », souvan anseyan an fè lekti modèl pou bay elèv yo egzanp.

2.Kòmantè sou fòmasyon/ Fidbak

Nan metòd ***M ap li nèt ale*** a li enpòtan anpil pou anseyan yo toujou pran tan pou yo fè kòmantè pou elèv yo sou sa yo aprann. Kòmantè anseyan an bay pandan fòmasyon an gen rapò egzakteman ak sa yon elèv ap fè oubyen sa li pa fin fè. Konsa li pèmèt elèv la pran konfyans nan tèt li epi korije sa li pa t byen fè.

3.Travay de pa de

Youn nan estrateji ki enpòtan nan metòd la se travay de pa de. Sa pèmèt timoun yo aprann dyaloge ak kamarad yo sou yon kesyon mèt la poze. Sa fè plis elèv patisipe nan aktivite yo.

I. Jan metòd la aplike

Nan aplikasyon metòd sa a n ap itilize twa dokiman : gid mèt, liv elèv ak kaye ekriti. Twa dokiman sa yo mache ansanm.

1. Gid mèt la

Nan **gid mèt** la nou jwenn 150 leson antou ki repati an 3 tòm. Nan chak tòm yo nou eksplwate plizyè kalite tèks ak elèv yo. Nou itilize tèks naratif, enfòmatif ak pwezi. Nan pi fò leson yo, nou itilize yon tèks pou de jou. Nan premye jou a, nou poze kesyon ki pèmèt elèv yo jwenn enfòmasyon ki parèt klè nan tèks la (kesyon eksplisit). Elèv yo li menm tèks la nan dezyèm jou a epi yo reponn yon seri kesyon ki pèmèt yo reflechi pou jwenn enfòmasyon ki pa eksprime dirèkteman nan tèks la (kesyon enferansyèl). Chak senkyèm jou, nou fè elèv yo li yon pwezi yo te deja prepare lakay yo. Anplis eksplwatasyon tèks yo, anndan Gid mèt la nou prezante lòt aktivite sou kominikasyon oral, vokabilè, fliyidite ak kèk nosyon gramè.

Men ki sa n ap jwenn anndan chak tòm :

- 40 leson òdinè
- 5 leson revizyon.
- 5 modèl evalyasyon.

a. **Leson òdinè** yo genyen menm estrikti a toupatou nan gid mèt la :

- Yon bann desine oswa yon devinèt pou kominikasyon oral;
- Aktivite sou mo (silab, prefiks, sifiks…)
- Vokabilè
- Konpreyansyon : prediksyon, kontèks tèks la
- Lekti tèks la
- Gramè
- Ekriti
- Fliyidite

b. **Leson revizyon** yo reprann tout nosyon ki te etidye nan peryòd la. Yon modèl sou chak kalite tèks parèt nan chak leson revizyon. Yo genyen yon estrikti ki diferan ak leson òdinè yo. Men se menm aktivite tankou devinèt, vokabilè, konpreyansyon tèks, lekti, ekriti ak gramè.

ch. **Modèl Evalyasyon** yo prezante konsa :

- yon tèks ak kesyon konpreyansyon sou li ;
- egzèsis sou vokabilè ;
- egzèsis sou gramè ;
- egzèsis pwodiksyon ekri.

Tout kesyon ak egzèsis ki nan **modèl evalyasyon** yo dwe gide anseyan an lè l ap prepare egzamen pou elèv yo. Anseyan an pa oblije sèvi ak tout. Li ka fòmile lòt egzèsis selon eksperyans li fè nan klas la ak elèv yo. Tèks evalyasyon yo nan liv elèv la tou. Anseyan an pa bezwen èksplwate yo avèk elèv yo. Men yo ka toujou li tèks yo poukont yo.

2. Liv elèv

Nan ***liv elèv*** la nou jwenn 150 leson antou. Leson yo koresponn ak nosyon sou diferan domèn ki devlope nan gid mèt la. Men ki jan leson yo òganize nan liv la :

- Tèm leson an
- Bann desine (BD) / devinèt

- M ap li (mo ki mache ak chan leksikal tèks la)
- M ap aprann sans mo ki nan tèks la (vokabilè)
- M ap li ak bon ton (kontin / fraz)
- Mwen dwe konnen (nosyon gramè)
- Istwa a ak kesyon yo
- Mo vokabilè
- Desen ki mache ak istwa a
- Pwezi ak kesyon yo
- Desen ki mache ak pwezi a
- Pale sou imaj (leson revizyon)
- Evalyasyon

3. Kaye egzèsis

Kaye ekriti a genyen divès kalite egzèsis ki koresponn ak nosyon sou diferan domèn ki devlope nan gid mèt la. Egzèsis sa yo bay elèv yo posiblite aplike nosyon yo aprann nan leson yo. Pi fò egzèsis yo fèt sou vokabilè, ekriti, gramè ak pwodiksyon. Gen egzèsis tou ki ede nan konpreyansyon tèks yo.

III. Evalyasyon

Nan metòd ***M ap li nèt ale*** a nou itilize evalyasyon fòmativ. Li fèt 3 fason.

a. Nan chak leson, anseyan an bay fidbak pou apresye epi korije travay elèv yo pandan tout pwosesis ansèyman an.

b. Nan kòmansman chak leson gen yon aktivite rapèl ki pèmèt mèt la asire li elèv yo te byen asimile nosyon yo te wè nan dènye leson an. Nan finisman chak leson, gen yon rapèl sou prensipal aktivite ki fèt nan leson an. Aktivite sa a pèmèt elèv yo montre nan ki nivo yo metrize aktivite sa yo.

ch. Gen 5 leson revizyon nan chak tòm kote elèv yo gen posiblite retounen sou kèk nosyon yo te aprann pandan peryòd la. Sa bay anseyan an okazyon verifye nivo konpreyansyon elèv yo pou peryòd la.

d. Nan finisman chak tòm, nou pwopoze anseyan an yon seri tèks ak egzèsis li ka itilize pou prepare egzamen pou elèv yo.

IV. Tablo pwogresyon Tòm 3

TABLO PWOGRESYON TÒM 3						
Semèn	**Tèm**	**Leson**	**Tip ak jan tèks**	**Tit Tèks yo**	**Mo vokabilè**	**Nosyon**
21	Pwoteje kò nou	101 – 102	Naratif : istwa sou sa k ap pase tout bon nan lavi	Yon aksidan	Ekilib, Enkyè, Radyografi, Planch, Nouvèl , Bando	– Gwoup vèbal : Konpleman objè dirèk
		103 – 104	Enfòmatif	Ki sa malarya ye ?	Konvèsasyon, Malarya, Laboratwa, Klowokin, Anofèl, Moustikè	– Gwoup vèbal : Konpleman objè dirèk (suit)
		105	Pwezi	Marengwen	Takinen, Plamen	– Revizyon
22	Konnen bèt yo	106 – 107	Enfòmatif	Lapèch nan Pestèl	Polisyon, endistri, sale, nas, rivaj, resiklaj	– Gwoup vèbal : Konpleman objè endirèk
		108 – 109	Naratif : sa ki pase tout bon nan lavi	Yon jounen piknik	Konje, piknik, bati, boukannen, obsève, ensèk	– Gwoup vèbal : Konpleman objè endirèk (suit)
		110	Pwezi	Ti pwason ak pechè	Foli, fent	– Revizyon
23	Chèche konnen anvan ou jije lòt yo	111 – 112	Naratif: istwa sou sa ki pa pase tout bon nan lavi	Yon bèl ankèt (1)	Kontrarye, kès, sispèk, kase, akize, ankèt	– Advèb
		113 – 114	Naratif : istwa sou sa ki pa pase tout bon nan lavi	Yon bèl ankèt (2)	Manda, fouye, bifèt, frijidè, inosan, eskiz	– Advèb (suit)
		115	Pwezi	Bwat sekrè	Ekonomi, kachèt	– Revizyon
24	Dwa timoun yo	116 – 117	Enfòmatif : pèsyasif	Timoun yo gen dwa	Fot, enterese, akonpaye, palman, dwa, lwa	– Konpleman sikonstansyèl lye, tan
		118 – 119	Naratif : fiksyon	Antoni ak krapo a	Toutrèl, Karabann, Pè, Rasin, Klis, Reflechi	– Konpleman sikonstansyèl manyè, koz
		120	Pwezi	Dwa pa m	Edikasyon, ankadre	
25	Chak moun gen entelijans pa yo	121 – 122	Naratif : fiksyon	Konpè kòk ak mesye Rena	Santinèl, nouvèl, kazwèl, anbetman, rena, entelijans	– Pwonon : Pwonon pèsonèl sijè
		123 – 124	Biyografi	Silvyo Cator	Atlèt, meday, so, je olenmpik, ranpòte, kotize	– Pwonon Pèsonèl konpleman
		125	Pwezi	Bouki jete diri	Pari, barik	– Revizyon
26	Envansyon pou kominike ak deplase	126 – 127	Enfòmatif	Telefòn nan peyi d Ayiti	Kominike, entènèt, imel, lapòs, telegraf, anons	– Kontraksyon : Mwen, ou, li, nou
		128 – 129	Enfòmatif	Mwayen pou vwayaje	Bato, zile, kas, sobwe, tren, ray	– Kontraksyon (suit)
		130	Pwezi	Viv telefòn	Distans, telefòn	

TABLO PWOGRESYON TÒM 3						
Semèn	**Tèm**	**Leson**	**Tip ak jan tèks**	**Tit Tèks yo**	**Mo vokabilè**	**Nosyon**
27	Jesyon ris ak dezas	131 – 132	Naratif enfòmatif	Goudougoudou	Tranblemandtè, akoupi, syèk, dire, panike, alabri	– Makè tan : prezan, pase, fiti
		133 – 134	Naratif enfòmatif	Aprè Goudougoudou	Anvayi, replik, souke, kloti, sekirite, konpòte	– Makè tan: prezan, pase, fiti (suit)
		135	Pwezi	Goudougou	Kalite, laperèz	– Revizyon
28	Andikape yo gen dwa yo	136 – 137	Enfòmatif : lèt opinyon	Lèt katyana pou elèv klas li yo	Chans, manke, podyab, gadyen, atis, beki	– Lèt opinyon Mo sinonim
		138 – 139	Enfòmatif : lèt opinyon	Yon lèt pou depite Petyonvil la	Polyo, pòk, potorik, bibit, palman, ranp	– Mo kontrè
		140	Pwezi	Viv avè m	Bezwen, paspouki	– Revizyon
29	Vakans pral rive	141	Naratif : sa ki pase tout bon nan lavi	Egzamen final rive	Repase, konpoze, biyoloji, chema	
		142	Naratif : sa ki pase tout bon nan lavi	Jou kanè	Konsole, kaskad, sou biskèt, wonn pòt	
		143	Naratif : sa ki pase tout bon nan lavi	Yon vakans nan vil Ansavo (1)	Viwonnen, tansyon, ponp gaz, dous makòs	
		144	Naratif : sa ki pase tout bon nan lavi	Yon vakans nan vil Ansavo (2)	Lesivyè, vakans, galèt pwovens	
		145	Pwezi	Vakans	Detant, Rafrechi	
30		**146, 147, 148, 149, 150 : Evalyasyon**				

Zouti pou aplikasyon metòd la (ZAM)

Materyèl an kreyòl ki devlope nan kad pwojè **ToTAL** la, se dokiman pou yon nouvo metòd lekti : **« M ap li nèt ale »**. Dokiman sa yo vize ofri anseyan ak elèv toupatou nan peyi d Ayiti pi bon demach ak estrateji pou aprantisaj lekti. Jan nou di sa deja, metòd **« M ap li nèt ale »** a devlope nan twa dokiman ki konekte youn ak lòt pou fasilite pwosesis ansèyman-aprantisaj la nan klas yo. **Gid mèt** la pèmèt anseyan an mennen leson an san difikilte ; **Liv elèv** la gen tout sa elèv yo bezwen pou yo li, reflechi epi travay imajinasyon yo ; **Kaye egzèsis** la pèmèt elèv yo antrene nan tout konpetans ki devlope nan chak leson.

Zouti nou pwopoze pou aplikasyon metòd la, se yon seri esplikasyon sou divès eleman nan metòd **« M ap li nèt ale »** a. Tout esplikasyon sa yo dwe sèvi mèt la lè li kwaze ak yon aktivite nan yon leson ki mande eklèsisman. Se pou sa mèt la dwe itilize yo nan moman l ap prepare leson yo. Konsa l ap pi alèz nan prezantasyon li yo. Esplikasyon sa yo konsène toulètwa dokiman yo : **Gid mèt** la, **Liv elèv** la ak **Kaye egzèsis** la.

I. Gid mèt la (prezantasyon)
Gid mèt la se yon dokiman eskripte. Sa vle di yon dokiman ki vize bay mèt la tout sa ki nesesè pou chak leson byen prezante. Li devlope daprè yon plan byen defini ki ekspoze pwogresyon leson yo semèn aprè semèn, jou aprè jou.

Plan ki prezante pwogresyon leson yo



1.Jan nou dwe itilize gid la

Pou nou byen itilize Gid mèt la, nou dwe suiv konsiy sa yo :

- Byen prepare leson yo davans. Sa vle di byen li chak leson anvan jou n ap prezante li a rive. Se pi bon mwayen ki genyen pou leson an pase san pwoblèm yon fason pou pèmèt elèv yo patisipe. Yon bon preparasyon se kle ki pou pèmèt ansèyman an fèt yon fason ki enteresan.

- Prezante tout aktivite leson an youn aprè lòt nan lòd yo parèt nan gid mèt la. Nou pa dwe chanje aktivite yo plas, ni nonplis neglije okenn aktivite nan leson an.

- Nou dwe li konsiy yo jan yo ye nan gid la. Sonje gen de kalite konsiy : konsiy nou dwe li lè n ap prezante leson an pou elèv yo ak konsiy ki konsène mèt la sèlman. Tout konsiy ki konsène mèt la sèlman, parèt an gra italik epi yo nan mitan de kwochè. Konsiy sa yo sèvi pou esplike mèt la sa li dwe fè nan chak aktivite. Nou pa bezwen li yo lè n ap prezante leson an nan klas la. Sonje tou lè nou byen prepare leson an, prezantasyon an fèt ak anpil fasilite. Elèv yo pa menm rann yo kont si se li n ap li konsiy yo.

- Bay tout elèv yo menm chans. Jan nou ka remake sa nan konsiy ki konsène mèt la, chak fwa n ap kesyone elèv yo, nou dwe toujou chwazi menm kantite ti fi ak ti gason. Anplis, pandan dewoulman leson yo, nou dwe chwazi elèv yo toupatou nan klas la. Se pou nou chwazi yo devan, nan mitan, dèyè. Nou pa dwe toujou pran menm elèv yo tout tan. Objektif la se pou pèmèt chak elèv nan klas la patisipe.

- Toujou bay fidbak. Pou yon elèv santi li alèz pou li patisipe nan aktivite leson yo, li bezwen asire li mèt la ap apresye efò l. Pou rezon sa a, nou dwe toujou bay fidbak chak fwa yon elèv, yon gwoup elèv oswa tout klas la patisipe nan yon aktivite. Aspè sa a enpòtan anpil pou reyisit leson yo paske se li menm k ap ede nou jwenn konfyans elèv yo. Nan tout leson yo, n ap jwenn konsiy nan mitan kwochè yo ki mande nou bay fidbak chak fwa elèv yo patisipe.

- Respekte dire chak aktivite. Pou chak aktivite nan leson yo, gen yon kantite minit ki prevwa epi ki ekri sou kote aktivite a. Li bon pou nou fè aktivite yo nan tan ki prevwa pou yo fèt. Si nou pase twòp tan nan yon sèl aktivite, sa ka gen konsekans sou rès leson an. Sa ka fè nou pèdi atansyon elèv yo nan kèk aktivite ki enpòtan anpil nan leson an.

  Leson yo elabore yon fason pou nosyon yo repete nan plizyè jou. Kidonk si gen elèv ki mal pou yo metrize yon nosyon, n ap jwenn okazyon nan lòt leson pou nou rezoud pwoblèm nan. Men tou si aprè tout tantativ yo, pwoblèm nan pèsiste pou kèk elèv, nou ka chwazi yon moman nan jounen an (rekreyasyon oswa aprè klas) pou nou ede yo an patikilye.

2.Kèk presizyon sou repatisyon leson yo

Nan gid la, leson yo repati yon fason ki pèmèt nou eksplwate twa tèks chak semèn : de tèks pou kat premye jou yo ak yon pwezi pou senkyèm jou a. Kidonk elèv yo ap gen pou yo li yon tèks nan de leson. Prensip sa a chanje sèlman nan leson sekyèm jou yo, leson revizyon yo ak modèl evalyasyon yo (ref. : Tablo pwogresyon).

Leson senkyèm jou

Chak senkyèm jou, tèks leson an se yon pwezi. Anplis lekti ekspresiv ki dwe fèt pandan leson an, elèv yo ap gen pou patisipe nan yon konkou pwezi. Pou konkou pwezi a byen reyisi nou dwe suiv konsiy sa yo :

- Depi de jou anvan, fòme de ekip twa elèv k ap gen pou patisipe nan konkou a. Bay chak manm ekip yo yon nimewo soti nan 1 rive nan 3 ;
- Mande elèv yo prepare pwezi a de jou anvan, jan sa prevwa nan gid la ;
- Nan moman konkou a, mete de ekip yo chita devan. Aprè sa, rele kandida/patisipan yo youn aprè lòt selon nimewo yo pou vin resite pwezi a.
- Chak fwa yon jwè fin resite pwezi a, mete kantite pwen ou ba li sou 10 bò kote non li. Ou dwe note pwen sa yo sou yon fèy papye epi pa kite okenn elèv wè konbyen pwen ou bay. Lè tout jwè yo fin prezante, fè total pwen chak ekip.
- Mande rès klas la aplodi toulède ekip yo anvan ou bay rezilta konkou a.

Leson revizyon yo

Leson revizyon yo se yon seri 5 leson ki vini nan fen chak tòm anvan modèl evalyasyon yo. Yo la pou pèmèt nou reprann avèk elèv yo yon seri nosyon yo te aprann nan leson anvan yo. Leson revizyon yo dwe ede elèv yo ranfòse konpetans yo nan lekti anvan yo patisipe nan egzamen yo.

Modèl evalyasyon yo

Chak tòm nan gid mèt la fini ak senk modèl evalyasyon. Chak modèl evalyasyon gen yon tèks ak divès kalite egzèsis mèt la ka itilize pou egzamen. Mèt la pa gen pou li bay tout modèl yo chak fwa egzamen rive ni nonplis li pa oblije bay egzakteman sa ki pwopoze nan gid la jan li ye a. Li gen tout libète pou li chwazi sa li vle mete nan egzamen li. Men si gen eleman nan modèl yo ki enterese li, li ka sèvi ak yo.

Se mèt la ki dwe mezire dire egzamen li bay elèv yo. Pou sa li dwe deside sou ki kantite egzèsis l ap mete pou li ka respekte dire a.

3.Kèk presizyon sou aktivite yo

Tout aktivite leson yo makonnen youn ak lòt pou pèmèt elèv yo byen konprann tèks yo li a. Men yon tablo ki rezime objektif chak aktivite yo.

Tablo ki rezime objektif ak dire aktivite yo nan gid mèt la

Aktivitie	**Objektif**	**Dire**
Bann desine	Aktivite sa a sèvi pou kòmanse yon seri leson. Li gen 2 objektif : - melanje tèks ak imaj pou bay elèv yo yon ide sou sa ki pral devlope nan leson an ; - envite elèv yo reflechi sou imaj la epi di sa yo panse aprè.	2 minit
Devinèt	Menm jan ak bann desine yo, devinèt yo kòmanse yon seri leson. Objektif aktivite sa a se : - pèmèt elèv yo dekouvri sans yon mo kle ki nan tèks yo pral li a oswa ki gen rapò ak li ; - pèmèt elèv yo reflechi davans sou kontèks mo a pral itilize a.	2 minit
Rapèl	Aktivite rapèl la bay mèt la posiblite teste sa elèv yo sonje nan dènye leson li te prezante nan klas la.	2 minit
Li mo	Gen plizyè fòm aktivite sou dekodaj mo. Selon leson an nou jwenn : marye silab pou li mo, prefiks ak sifiks pou fòme mo, mo kle leson an. Objektif aktivite sa yo, se pèmèt elèv yo rive li tout mo yo kontre san difikilte. Sa vle di ak fliyidite.	
Vokabilè	Se yon poto mitan enpòtan nan metòd la. Li pèmèt : - elèv yo dekouvri sans mo yo nan kontèks tèks y ap li a ; - elèv yo an mezi itilize mo sa yo pou yo ekri pwòp fraz pa yo.	10 minit

Konpreyansyon	Se pi gwo poto mitan ki genyen nan lekti. Objektif aktivite konpreyansyon yo se : - pèmèt elèv yo sèvi ak eleman ki pa anndan tèks la (desen, tit) pou travay imajinasyon yo sou sa ki pral pase nan tèks la (prediksyon) ; - pèmèt elèv yo reflechi sou eleman ki gen rapò ak sa ki devlope nan tèks la epi ki pa depaman ak sa yo viv nan kominote yo (kontèks tèks).	5 minit
Li tèks	Aktivite sa a pèmèt elèv yo : - li yon tèks ak fliyidite ; - jwenn enfòmasyon nan tèks la ; - reflechi sou tèks la ;	12 minit (20 minit pou pwezi)
Aktivite revèy	Aktivite revèy yo prezan nan tout leson yo. Objektif yo se : - pèmèt elèv yo amize yo ; - rann leson yo pi enteresan pou elèv yo.	2 minit
Gramè	Chak leson gen yon aktivite ki prezante yon nosyon gramè. Aktivite sa a gen objektif : - bay elèv yo zouti k ap pèmèt yo konprann pi byen fonksyònman lang nan ; - amelyore kapasite elèv yo nan pwodiksyon ekri.	8 minit
Egzèsis nan kaye	Tout leson yo toujou prevwa yon seri egzèsis nan kaye elèv la. Egzèsis sa yo vize : - bay elèv yo posiblite antrene sou divès nosyon ki anseye nan leson yo; - devlope kapasite elèv yo pou yo pwodui tèks pa yo.	10/ 12 minit
Li ak bon ton	Se yon aktivite ki vize : - amelyore kapasite elèv yo pou yo li ak fasilite (fliyidite) ; - ede elèv yo li ak bon ton pandan y ap respekte siy ponktyasyon ak teknik entonasyon.	3 minit
Sa nou te aprann	Se dènye aktivite nan chak leson. Li gen objektif : - teste sa elèv yo aprann nan leson an ; - fè yon sentèz sou pwen ki pi enpòtan nan leson an.	2 minit
N.B.- Tout aktivite sa yo pa prezan nan chak leson. Selon leson an gen nan yo ki prezan, gen nan yo ki pa prezan.		

4.Ekriti kisiv (Modèl ak esplikasyon chak lèt)

Nan de premye ane yo nou te aprann elèv yo ekri ak lèt enprimri. Ane sa a, n ap aprann yo ekri ak lèt kisiv. Pou nou rive fè sa, n ap sèvi ak teknik ki devlope nan tablo sa a pou chak lèt yo.

Tablo lèt kisiv ak esplikasyon sou jan pou yo fèt

Lèt	Jan pou fè yo
a	*Trase yon won. Aprè sa trase yon liy vètikal soti anwo desann vire adwat.*
b	*Trase yon dwat panche soti anba monte vire agoch. Aprè sa desann rive anba. Tounen adwat monte yon tikras epi fè yon ti liy orizontal.*
c	*Trase yon won ki prèske fèmen.*
d	*Trase yon won. Aprè sa trase yon liy vètikal soti anwo desann vire adwat.*
e	*Trase yon dwat panche monte vire agoch. Desann vire adwat.*
f	*Kòmanse yon dwat panche monte vire agoch. Desann tou dwat. Vire adwat. Monte rive nan mitan. Aprè sa vire adwat.*
g	*Trase yon won. Aprè sa trase yon dwat panche soti anwo, desann rive anba. Vire agoch pou rive anba won an. Tounen adwat.*
h	*Trase yon dwat. Aprè sa trase yon ti koub vire adwat.*
i	*Trase yon dwat panche soti anba monte. Aprè sa desann vire adwat.*
j	*Trase yon dwat panche monte rive anwo. Desann rive anba tounen agoch. Aprè sa monte vire adwat.*
k	*Trase yon dwat panche monte vire agoch. fè yon ti koub vire agoch. Aprè sa fè yon dwat desann panche adwat.*
l	*Trase yon dwat panche soti anba monte vire agoch. Desann rive anba. Tounen adwat.*
m	*Trase yon dwat soti anba monte vire adwat. Desann epi monte vire adwat Desann ankò epi remonte. Aprè sa vire desann adwat.*
n	*Trase yon dwat soti anba monte vire adwat. Desann epi monte vire adwat.*

c	Trase yon won.
p	Trase yon ti dwat panche adwat. Aprè sa trase yon koub vire adwat.
g	Trase yon ti dwat soti anba monte vire adwat. Desann vire adwat.
r	Trase yon ti dwat panche soti anba rive anwo. Tounen adwat aprè sa vire agoch.
s	Trase yon ti dwat soti anba rive anwo. Desann vire adwat. Aprè mete yon ti dwat orizontal anwo a.
t	Trase yon ti dwat soti anba rive. Desann vire adwat. Remonte epi desann vire adwat.
u	Trase yon ti liy koub vire adwat. Desann epi monte vire adwat.
v	Trase yon ti liy koub vire adwat. Desann. Tounen adwat epi monte. Vire adwat. Desann epi remonte.
w	Trase yon ti liy koub vire adwat. Aprè desann vire adwat epi monte. Aprè sa desann tou dwat rive anba. Tounen agoch monte panche adwat.
y	Trase yon ti dwat panche adwat. Fè yon ti liy orizontal. Vire desann toupiti. Aprè sa tounen adwat epi desann panche agoch. Vire monte adwat.

II. Liv elèv la

Liv elèv la se prensipal materyèl pou elèv yo aprann li. Li gen divès eleman k ap pèmèt elèv yo li epi konprann sa yo li a. Liv elèv la prezante sou fòm yon seri ribrik ki koresponn egzakteman ak jan leson an devlope nan gid mèt la.

1.Kèk presizyon sou repatisyon leson yo

Menm jan ak gid mèt la, leson yo òganize yon fason pou elèv yo li yon tèks nan de jou. Prensip sa a diferan sèlman nan leson senkyèm jou yo, leson revizyon yo ak modèl evelyasyon yo. Konsa, pou leson òdinè yo n ap jwenn pou chak semèn, de tèks ak yon pwezi. Tablo ki vini aprè a ap bay yon lide sou jan aktivite yo prezante nan liv elèv la ak rapò liv la genyen ak gid la.

Aktivite nan gid mèt la	Aktivite nan liv elèv la
Tèm	Tèm
Bann desine	Bann desine
Devinèt	Devinèt
Rapèl	x
Li mo	M ap il
Vokabilè	M ap aprann sans mo ki nan tèks la
Konpreyansyon	x
Li tèks	Tèks ak kesyon/ Pwezi ak kesyon
Aktivite revèy	X
Gramè	Mwen dwe konnen
Egzèsis nan kaye	X
Li ak bon ton	M ap li ak bon ton
Sa nou te aprann	X
N.B. - Tout aktivite sa yo pa prezan nan chak leson. Selon leson an gen nan yo ki prezan, gen nan yo ki pa prezan.	

2.Fason pou byen itilize liv elèv la

Pou nou pèmèt elèv yo byen itilize liv la, nou dwe asire nou yo byen metrize korespondans aktivite gid mèt yo ak sa ki nan liv la. Se pa tout aktivite ki nan gid la n ap jwenn nan liv elèv la. Mete sou sa, aktivite yo pa gen menm non nan toulède dokiman yo. Se sa ki fè, depi nan preparasyon leson an, li enpòtan pou nou gade jan aktivite gid mèt yo mache ak sa ki nan liv elèv la.

Sonje pou modèl evalyasyon yo, tèks yo parèt nan liv elèv la san kesyon. Nan sans sa a, lè evalyasyon pral rive, nou dwe mande elèv yo li tèks ki nan modèl evalyasyon yo lakay yo yon fason pou yo pare pou kèlkeswa tèks n ap chwazi pou fè evalyasyon an.

III. Kaye egzèsis la

Kaye egzèsis la se zouti travay ki pèmèt elèv yo pratike aktivite leson yo. Li gen divès kalite egzèsis. Selon leson an, n ap jwenn egzèsis sou mo, vokabilè, gramè, òtograf ak pwodiksyon ekri. Nan premye leson yo, gen egzèsis k ap inisye elèv yo nan ekriti kisiv. Egzèsis sa yo se egzèsis bonis nou ka bay elèv yo lè nou jwenn tan pou sa. Sa ap pèmèt yo antrene nan teknik pou yo ekri lèt sa yo byen.

Youn nan fòm egzèsis ki dwe atire atansyon nou nan kaye a se egzèsis ki koresponn ak aktivite chema tèks la. Egzesis sa a pèmèt elèv yo ranfòse konpreyansyon yo sou tèks yo li nan leson an. Lè n ap fè aktivite sa a, nou dwe toujou asire nou elèv yo konprann demach la.

Resanblans ak Diferans ant Kreyòl ak Fransè : *Yon dokiman Anseyan yo ka itilize nan klas yo*

Elèv yo ap kapab li ak ekri pi fasil lè y ap aprann kreyòl ak fransè si anseyan yo ka ede yo konprann sa ki menm ak sa ki diferan ant fransè ak kreyòl. Ou ka itilize tablo sa a chak fwa w ap ede elèv yo aprann lèt yo, ede yo dekode oubyen aprann jan mo yo konpoze, epi lè w ap ede yo eple mo yo. Elèv yo ap ka detekte lang yo pi byen pandan y ap aprann vin pi konsyan sou jan mo yo fòme.

Vwayèl

Lang fransè a gen 6 lèt ki sèvi pou vwayèl epi pou fòme vwayèl. Men 6 lèt sa yo fè plis pase 16 son. Lè vwayèl yo mete avèk aksan oubyen ak lòt lèt yo ka bay yon bann son. 10 vwayèl sa yo fè 10 son. Tablo sa a bay pi fò son nou ka jwenn nan lang fransè a. Lè nou konpare yo ak vwayèl ak son nan lang kreyòl la nou ap ka wè diferans ant fransè ak kreyòl nan son yo.

Vwayèl fransè	*Sijesyon pou anseyan yo*
A a	Ni kreyòl ni fransè tou de lang yo gen lèt a epi yo fè menm son nan tou de lang yo. Pa egzanp ni an kreyòl ni an fransè nou di *papa*.
Â â	Lèt sa a se an fransè ki genyen l. Li pa nan lang kreyòl la. Lèt sa a konpoze avèk lèt a epi yon ti chapo sou tèt li. Ti chapo sa a a rele aksan sikonflèks. An fransè nou di « accent circonflexe ». Sa vle di, aksan sikonflèks la se ti chapo ki sou tèt lèt a, tankou â. Ti chapo ki sou tèt lèt a sa a, sa vle â, fè li vin yon vwayèl ki gen son alonje devan yon lèt tankou lèt t. Nou ka jwenn yon egzanp konsa tankou nan mo fransè bâtir ak mo fransè *pâte*. En kreyòl nou di *bati* – san mete pyès ti chapo sou lèt a ki anvan lèt t a. Pa bliye, nan lang kreyòl la pa gen aksan sikonflèks – pa gen pyès ti chapo sou pyès lèt nan lang kreyòl la.
ai	Nan lang fransè, konbinezon lèt a avèk i bay yon son ki sanble ak son /E/ an kreyòl. Lang kreyòl la pa gen konbinezon lèt a avèk i sa a. Konbinezon lèt a avèk i se son e an kreyòl. Nan lang fransè a, konbinezon lèt a avèk i pwononse menm jan ak lèt é nan lang fransè a. Nan lang fransè a, nou di *« je parlerai »*. En kreyòl nou di pito *m pral pale*. Mo « pale » a rete menm jan an nan lang kreyòl la, jan nou wè l la nan fraz *« m ap pale »*.

ais	Konbinezon lèt sa a bay son è. Nou jwenn li pa egzanp nan mo « *tu parlerais*» an fransè. Konbinezon lèt ais pwononse tankou è nan lang kreyòl la. Konbinezon lèt sa a pa egziste nan lang kreyòl la. Nan lang kreyòl la tèminezon vèb yo pa chanje. Yo prèske rete toujou menm jan. Nan lang fransè a nou di « *je parlerais* ». Nan lang kreyòl la nou di « *m ta pale* ». Mo « pale » a rete menm jan an nan lang kreyòl la, jan nou wè l la nan fraz *m ap pale* ak nan fraz *m ta pale*.
an	Nou jwenn konbinezon lèt *an* an ak son li ni nan kreyòl ni nan fransè. Nan lang fransè a nou jwenn li nan mo tankou mo *banque*. Nan lang kreyòl la nou jwenn li nan mo tankou mo *bank, ban*. Konbinezon lèt a n, sa vle an, se youn nan vwayèl nen nan lang kreyòl la. Sa vle vwayèl sa a fè mo yo pale nan nen.
am	Konbinezon lèt a m se yon vwayèl nen nan lang fransè a. Li pwononse tankou an. Li vini anvan lèt b ak p nan lang fransè a. Nou jwenn li nan mo tankou mo *chambre* ak mo *ambulance*. Nan lank kreyòl la nou pa itilize lèt m anvan b ak p. konbinezon lèt a ak m ki bay vwayèl nen *am* nan pa nan lang kreyòl la. Lang kreyòl la itilize konbinezon lèt a ak n pito ki bay son an. Pa egzanp an kreyòl nou di epi ekri *chanm*, *anbilans*. An kreyòl nou pa di ni ekri chambre ni *ambulance*. Se an fransè nou ekri yo konsa. Nou dwe aprann son sa a byen lè n ap aprann lang fransè a. Sonje byen *am* pwononse prèske tankou an.

as	Konbinezon lèt sa a se an fransè ki genyen l. Li pa nan lang kreyòl la. Se yon nouvo lèt, yon nouvo son timoun Ayisyen yo k ap aprann fransè dwe aprann byen. Nan lang fransè a nou jwenn son 'as' la nan mo tankou *bas*, las. Nan lang fransè a s ki nan fen mo sa yo rete bèbè. *bas* pwononse tankou *ba*. *Las* pwononse *tankou* la. Sonje byen pa gen pyès lèt ki ret bèbè nan lang kreyòl la. An kreyòl nou ekri mo sa yo san mete s nan fen yo : pa egzanp nou di epi nou ekri ba, la. Pa bliye mo ba ka vle di sa gason oubyen fi mete nan pye anvan yo met soulye. Gen ba fi gen ba gason. Epi pa bliye tou, nan kèk kote nan peyi a, mo ba vle di sa yo met sou bèt tankou bourik ak cheval lèt yo itilize yo pou pote chay. An kreyòl nou ekri epi nou di *la* tankou nan fraz mwen santi m *la*. Gen kote nan peyi a moun yo di mwen santi m *las*, men nan ka sa a mo s la pwononse nòmalman, li pa ret bèbè tankou nan lang fransè a.
au	Konbinezon lèt sa yo bay son O tankou nan mo *chaud*, *Chaudière*. Pa gen vwayèl sa a nan lang kreyòl la. Nan lang kreyòl la nou itilize O pito tankou nan mo *cho*, *Chodyè*.
E e	Nou te aprann lèt sa a an kreyòl. Se menm lèt la ki gen nan lang fransè a tou, men yo pa gen menm son. An kreyò li gen son /e/. An fransè fòk ou fèmen bouch ou, men an kreyòl fòk ou ouvri bouch ou pou fè son sa a, pa egzanp lè w ap di mo *kache*. An fransè, nou jwenn lèt sa a nan mo tankou *devant*, *demi*. fòk ou fèmen bouch ou pou di « de ». Lang kreyòl la itilize e pou ekri mo devan tou, men fòk ou fèmen bouch ou lè w ap di « de » an fransè tandike fòk ou ouvri bouch ou lè w ap di « devan » an kreyòl.
E **(E muet)**	Son sa a pa egziste nan lang kreyòl la. Se yon son ki bèbè nan lang fransè a tankou nan mo *samedi*. An kreyòl nou ekri mo sa a san lèt e : *samdi*. Pa bliye an kreyòl pa gen lèt ki bèbè.

É é	Sa k sou tèt e a rele aksan egi. An fransè nou di « accent aigu ». An kreyòl nou pa ekri lèt sa a avèk ti siy sa a sou tèt li. Men, an kreyòl nou gen menm son sa a. Pa egzanp, an fransè, nou ekri mo *café*, men an kreyòl nou ekri pito *kafe*, san nou pa mete anyen sou tèt e a. Yo pa ekri menm jan men yo gen menm pwononsyasyon.
È è	Lèt sa a egiziste ni an fransè ni an kreyòl. Yo fè menm son, men yo pa itilize menm jan. An fransè, siy (`) ki sou e a rele « accent grave ». An kreyòl siy sa a rele « aksan fòs ». Se sèlman siy sa a nou jwenn sou tèt kèt lèt tankou e nan lang kreyòl la. Nou ka jwenn li tou sou vwayèl e, o, a. An fransè, nou itilize è nan mo tankou élève, légère. An kreyòl nou itilize vwayèl è nan mo tankou : elèv, lejè. Nou ka wè diferans la ak resanblans la. An kreyòl nou itilize siy (`) sou o tankou nan mo zòn, bòl.  An kreyòl nou itilize siy (`) sou a tankou nan mo *pàn*, *Àn*.
Ê ê	Se nan lang fransè a ki genyen vwayèl *e* avèk ti chapo sa a sou li. Pa bliye ti chapo sa a rele aksan sikonflèks an fransè. Pa gen siy sa a an kreyòl. Lè gen ti chapo sa a sou vwayèl e, li chanje son e a an son ê tankou nan mo *bête*. Pou nou ekri mo sa a an kreyòl nou itilize aksan fòs. Nou ekri mo sa a konsa : *bèt*. Ni mo fransè *bête* ni mo kreyòl *bèt* tou de gen menm son. Sonje byen : se sèl aksan ki gen nan lang kreyòl la. Nou itilize l sou vwayèl e, o, a pou chanje son yo.
eau	Konbinezon vwayèl sa yo bay son O tankou nan mo *eau*, *beau*. Pa gen konbinezon vwayèl sa a nan lang kreyòl la. An kreyòl nou itilize o pito tankou lè n ap ekri mo *dlo*. Mo fransè *beau* pa egziste nan lang kreyòl la. An kreyòl nou di *bèl* ni pou fi ni pou gason.
ei	Konbinezon vwayèl sa yo pa egziste nan lang kreyòl la. Nan fransè nou jwenn li nan mo tankou mo *peine*. An kreyòl nou ekri *pèn* oubyen *lapenn*. Nan mo tankou pèn oubyen *lapenn*, konbinezon vwayèl *ei* nan lang fransè a sanble ak son *èn* ak *enn* nan lang kreyòl la.

em	Konbinezon lèt sa a se yon vwayèl fransè. An fransè li itilize anvan lèt b ak p. nou jwenn vwayèl em nan mo fransè tankou *embargo*. Sonje, *em* pwononse tankou *an*. Nan lang kreyòl la nou pa itilize m anvan lèt b ak p. vwayèl em nan pa egziste nan lang kreyòl la. An kreyòl nou itilize konbinezon lèt *an* pito. An kreyòl nou ekri *anbake*, *anbago*. Nou dwe aprann son sa a byen lè n ap aprann fransè.
en	Konbinezon lèt sa a se yon vwayèl nen nan lang fransè a. nou pwononse l menm jan nou pwononse vwayèl kreyòl *an*. Nou jwenn li nan mo fransè tankou tankou mo encadrer. An kreyòl nou ekri mo sa a konsa : *ankadre*. An kreyòl nou gen konbinezon lèt *en* tou men li pa gen menm son ak fransè. Son *en* nan lang kreyòl la se tankou son *in* nan lang fransè a. Nan lang kreyòl la nou di *enkyete*, *fen*. Men nan lang fransè a nou di *inquiéter*, *fin*. Nou dwe aprann son sa yo byen lè n ap aprann lang fransè a.
er	Konbinezon lèt ak vwayèl er prèske pwononse tankou é nan lang fransè tankou nan mo *frapper*. Nan lang kreyòl la se lèt *e* nou itilize tankou lè n ap ekri mo *frape*. Nou pa met pyès siy sou li an kreyòl.
es	Son sa a pa nan lang kreyòl la. Nou itilize l nan mo fransè tankou c'est = ce + est. Pa egzanp nou di *« c'est une femme »*. Ou pa tande son s la nan mo est. Li prèske bèbè nan mo fransè tankou *tu parles*. Li rete silans tou nan fen mo *femmes* tankou lè n di *les femmes*. Nan lang kreyòl la nou ekri mo se pito. Nou pa di *c'est une femme* an kreyòl. Nou di pito : *se yon fanm*.
eu	Konbinezon vwayèl sa a pa egziste nan lang kreyòl la. Sa pral yon nouvo son pou nou aprann. Son sa a nan anpil mo fransè tankou professeur, acteur. An kreyòl nou itilize è pito (e aksan fòs) tankou nan mo profesè, actè. Prèske tout mo fransè ki fini ak eur vin tounen è (e aksan fòs) an kreyòl.
eu	Lòt konbinezon vwayèl sa a pa egziste nan lang kreyòl la nonplis. Sa pral yon nouvo son pou nou aprann. Se yon lòt konbinezon fransè nou jwenn nan mo bleu, feu. An kreyòl nou itilize e pito tankou nan mo *ble, dife*.

ez	Konbinezon lèt sa a pwononse tankou é nan lang fransè a. nou jwenn li nan mo tankou *parlez*. Nan lang kreyòl la nou itilize *e* pito tankou nan mo *pale*.
i	Nou aprann lèt sa a an kreyòl. Se menm lèt epi se menm son an nou genyen an fransè ak kreyòl. An fransè nou ekri dix. An kreyòl nou ekri *di* tankou lè n ap di *« di goud »* oubyen *dis* tankou lè n ap di *ban m dis mango*.
in	Konbinezon lèt sa a se yon vwayèl nen an fransè. Li pwononse tankou vwayèl *en* an kreyòl. An fransè nou jwenn li nan mo tankou *cinq, sincère*. An kreyòl se konbinezon lèt ki bay vwayèl *en* nou itilize pito. An kreyòl nou ekri mo yo konsa pito : *senk, sensè*. Vwayèl fransè ki fèt ak konbinezon lèt in pa egziste an fransè. Nou dwe aprann vwayèl fransè sa a byen.
im	Konbinezon lèt sa a se yon vwayèl nen an fransè. Li pwononse tankou vwayèl en an kreyòl. Men an fransè fòk nou fè son m nan soti. Nan fransè nou jwenn li nan mo tankou *impossible, impact*. Vwayèl nazal im nan pa egziste nan lang kreyòl la tankou li ye nan fransè a. An kreyòl se konbinezon lèt e ak n ki bay vwayèl *en* nou itilize. An kreyòl nou ekri mo sa yo konsa : *enposib, enpak*. Nou dwe aprann son sa a byen lè n ap aprann fransè.
o	Lèt sa a gen menm son ni nan kreyòl ni an fransè. An fransè nou di epi nou nou ekri : professeur. Men an kreyòl nou di epi nou ekri : pwofesè.
o	Lèt oubyen vwayèl o sa a se nan fransè nou jwenn li nan mo tankou *bottes*. An kreyòl nou gen vwayèl o a tou ki prèske gen menm son an. Men an kreyòl nou itilize aksan fòs sou o a pito. Pa egzanp, nou di epi nou ekri mo *bòt*.
Ô	Se an fransè ki gen lèt vwayèl o sa a avèk ti chapo a sou tèt li. Se yon vwayèl nou dwe aprann byen paske li pa menm jan an kreyòl. Nou jwenn lèt oubyen vwayèl sa a nan mo fransè tankou *bientôt, tôt*.

œu	Konbinezon vwayèl sa a pa nan lang kreyòl la. Fòk nou aprann li byen. Nou jwenn li nan mo fransè tankou *œuf*, *sœur*. Olye konbinezon vwayèl ŒU, an kreyòl nou itilize *e* oubyen *è* tankou nan mo *ze*, *sè*.
om	Konbinezon lèt ak vwayèl sa a se yon vwayèl nen an fransè. Li pwononse tankou vwayèl nen *on* nan lang kreyòl la. Nan lang fransè a nou jwenn li nan mo tankou *ombre*, *combler*. An kreyòl se konbinezon on nou itilize pito. An kreyòl nou di epi nou ekri *lonbray*, *konble*. Pa gen vwayèl om an kreyòl. Nou dwe aprann ni byen.
on	Konbinezon lèt ak vwayèl sa a gen menm son an kreyòl ak an fransè. An fransè nou di *bonbon* ; an kreyòl nou di : *bonbon*. Sonje gen yon diferans ant bonbon an fransè ak bonbon an kreyòl.
ou	Son sa a se menm an kreyòl ak an fransè. An fransè nou di *douze*, *doux*. An kreyòl nou di epi nou ekri *douz*, *dous*.
u	Sa a se yon vwayèl ki itilize anpil nan lang fransè a pa gen son sa a nan lang kreyòl la. Sa ap yon son nouvo nou gen pou nou aprann byen. Nou jwenn son sa a nan mo fransè tankou *sucre*, *bureau*. An kreyòl se se i nou itilize tout kote fransè a itilize u. pa egzanp an kreyòl nou di epi nou ekri *sik*, *biwo*.
Û	Sa se yon lèt ak yon son fransèt nou jwenn nan mo tankou *bûcher*. Li pa egziste nan lang kreyòl la. Nou gen pou ni aprann ni byen.
um	Konbinezon lèt ak vwayèl sa a se yon vwayèl nen an fransè. Nou jwenn ni nan mo tankou *humble*, *parfum*. An kreyòl nou itilize pito vwayèl *en* nan anpil kote fransè a itilize um. An kreyòl nou di epi nou ekri *enb*, *pafen*. Vwayèl nen fransè um pa nan lang kreyòl la. Nou dwe aprann ni byen.

un	Konbinezon lèt ak vwayèl sa a se yon vwayèl nen an fransè. Nou jwenn ni nan mo tankou *lundi*, *brun*. An kreyòl nou itilize pito vwayèl *en* an anpil kote fransè a itilize un. An kreyòl nou di epi nou ekri *lendi*. Vwayèl nen fransè um pa nan lang kreyòl la. Nou dwe aprann ni byen.
y	Gen lèt oubyen son sa a nan fransè men li pa nan lang kreyòl la. Sa ap yon nouvo son pou nou aprann. Nou jwenn ni nan mo tankou *style*, stylo. An kreyòl nou itilize i tankou nan mo Estil.
ym	Konbinezon lèt sa a bay yon vwayèl nen an fransè. Li pwononse tankou vwayèl kreyòl en. Men an fransè fòk ou peze sou lèt m nan. Nou jwenn ym nan mo tankou *sympa*, *symphonie*. Konbinezon lèt ym pa egziste nan lang kreyòl la. An kreyòl nou itilize en pito. An kreyòl nou ekri *senpatic*, *senfoni*. Nou dwe aprann son sa a byen lè n ap aprann fransè.

Pwoteje kò nou

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. ***[Bay elèv yo 30 segonn.]***

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.

Kilès ki ka di m ki pèsonaj ki nan bann desine a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Kilès ki ka di m sa li panse de Maryo ki di li pa ka tonbe ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Kilès ki ka di m sa li panse de jès Maryo fè lè li chwazi desann ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 101 an. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.]***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : ekilib

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Wozita kanpe sou yon sèl pye san li pa pèdi ekilib. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **ekilib**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **ekilib** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **ekilib** vle di : **sitiyasyon yon kò ki rete kanpe san problèm**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **ekilib**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : enkyè

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Jonas enkyè aprè egzamen an. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **enkyè**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **enkyè** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **enkyè** vle di : **ki pa trankil, ki toumante**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **enkyè**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. ***[30 segonn]***
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. ***[30 segonn]***
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse tèks la pral pale ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]***

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede nou konprann tèks nou pral li jodi a

Kesyon yo :

1. Kilès ki konn wè moun k ap monte pyebwa deja ? Ki jan nou konn wè yo fè ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***
2. Ki danje nou panse ki genyen nan aktivite monte pyebwa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) *[Tit tèks la : Yon aksidan]*

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks naratif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Nan yon **Tèks naratif**, evènman yo prezante daprè yon seri etap. Tout etap sa yo ansanm, fòme yon chema naratif.
3. **Chema naratif** la gen 5 etap : yon sitiyasyon inisyal, yon pwoblèm, aksyon yo, yon solisyon, yon sitiyasyon final.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 1 an pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. ***[Pran liv elèv la. Li tèks : « Yon aksidan » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanp.]***

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Konplete fraz sa a daprè tèks la :
   - Pèsonaj nan tèks la se :
2. Ki sa Ketna te fè ?
3. Ki sa k rive li ?
4. Ki kote papa l mennen l ?
5. Ki fraz ki montre Ketna te pè ?
6. Pou ki sa doktè a mete plat la ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **fason mwen manje**. Chak fwa mwen di non yon fwi n ap mime jan yo manje fwi a. Nou pare !

Mango – Fig – Zaboka – Zoranj – Kann – Kokoye – Melon

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Kounye a, n ap fè yon aktivite sou **gwoup vèbal**.

Nou dwe konnen

1. Yon **gwoup vèbal** ka fòme ak yon vèb pou kont li oubyen ak yon vèb ki gen youn oswa plizyè mo aprè li.
2. Nan yon **gwoup vèbal** mo ki vini aprè vèb la kapab jwe wòl : konpleman **objè** (dirèk – endirèk), konpleman **sikonstansyèl** oswa **advèb**.

Jodi a, nou pral idantifye konpleman objè dirèk nan gwoup vèbal.

Nou dwe konnen

1. Yon **konpleman objè dirèk** se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè pati **gwoup vèbal** la pou konplete sans vèb la.
2. Pou nou jwenn konpleman objè dirèk la, nou dwe poze kesyon « **kilès** ? » oswa « **ki sa** ? » devan gwoup sijè a. Kesyon an dwe fini nan vèb la.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Elèn pral achte valiz. »]

– M ap li fraz la : **Elèn pral achte valiz.**

– ***[Aprè sa di :]***

– M ap souliye gwoup vèbal la.
Elèn <u>pral achte valiz</u>

– M ap chèche vèb la epi m ap mete **v** sou tèt li.

V
Elèn <u>pral achte valiz.</u>

– M ap poze kesyon : **ki sa Elèn pral achte ?**

– M ap reponn : **Elèn pral achte valiz.**

– Se **valiz** Elèn pral achte. Mo **valiz** se yon konpleman objè dirèk paske se li ki fè m wè ki sa Elèn pral achte.

– M ap ekri fraz la ankò epi m ap mete **v** sou tèt vèb la, **K.O.D** sou tèt konpleman objè dirèk la.

V K.O.D
– **Elèn pral achte valiz**.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 101 an pou nou fè egzèsis # 1 an.

– An n li fraz la : **Elèn pral achte valiz.**

– ***[Aprè sa di :]***

– An n souliye gwoup vèbal la.
Elèn <u>pral achte valiz</u>

– N ap chèche vèb la epi n ap mete v sou tèt li.

V
Elèn <u>pral achte valiz.</u>

– An n poze kesyon : **ki sa Elèn pral achte ?**

– An n reponn : Elèn pral achte valiz.

– Se **valiz** Elèn pral achte. Mo **valiz** se yon konpleman objè dirèk paske se li ki fè nou wè ki sa Elèn pral achte.

– N ap ekri fraz la ankò epi n ap mete **v** sou tèt vèb la, **K.O.D** sou tèt konpleman objè dirèk la.

V K.O.D
– **Elèn pral achte valiz.**

Tou pa nou

– ***[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]***

– **Pòl konn fè machin.**

– ***[Aprè sa di :]***
Li fraz la byen. Mete **v** sou tèt vèb la epi **K.O.D** sou tèt konpleman objè dirèk a.
[Bay elèv yo 60 minit pou yo fè egzèsis la aprè sa di :]

– Kilès ki ka di m ki kesyon li te poze pou li jwenn konpleman objè dirèk la.

– Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 6 <u>Egzèsis nan kaye (12 minit)</u>

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzesis k ape ede nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis #4 la.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 7 Li nan ton kòrèk la (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li yon kontin yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 101 an pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. ***[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan poukont yo.]***

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **konpleman objè dirèk** ? ***[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè oute esplike nan leson an.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Pwoteje kò nou

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon aparèy.
Mwen gen koulè blan.
Lè janm yon moun
Oswa bra yon moun kase
Doktè mete m nan janm
Oswa nan bra moun nan
Pou zo yo ka kole ankò.
Ki sa mwen ye ? *(plat)*

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **chema naratif**. Kilès ki ka di m sa li konnen sou **chema naratif** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Nou te di **chema naratif** la gen 5 etap. Kilès ki ka di m de nan etap yo li sonje ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Kilès ki ka di m ki sa li konnen sou konpleman objè dirèk ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 **Li mo kle leson an (2 minit)**

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 102 a. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.]***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : radyografi

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Doktè voye Jilbè fè radyografi pou li ka wè sa li genyen. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **radyografi**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **radyografi** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **radyografi** vle di : **imaj yon pati anndan kò yon moun ki montre si li malad oswa si li ansante.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **radyografi**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : plat

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Doktè mete yon plat nan bra Jinèt. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **plat**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **plat** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **plat** vle di : **poud blanch yo sèvi pou fè bandaj pou moun ki gen zo kase**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **plat**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Li tèks (5 minit) *[Tit : Yon aksidan]*

Jodi a, nou pral li menm **tèks naratif** nou te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Nan yon **tèks naratif**, evènman yo prezante daprè yon seri etap. Tout etap sa yo ansanm, fòme yon **chema naratif**.
3. **Chema naratif** la gen 5 etap : yon sitiyasyon inisyal, yon pwoblèm, aksyon yo, yon solisyon, yon sitiyasyon final.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 102 a pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Mete fraz sa yo nan lòd selon jan istwa a dewoule nan tèks la.
   - Pye Ketna glise sou pye mango a.
   - Ketna ak Wozlò al keyi mango.
   - Doktè a mete bra l nan plat paske l kase.
   - Papa Ketna mennen l lopital aprè l fin tonbe a.
2. Pou ki sa Ketna te pè ?
3. Èske papa Ketna te fè yon bon aksyon lè li mennen Ketna lopital la ? Pou ki sa ?
4. Èske sa rive w deja pou w fè aksidan ? Rakonte.

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **kous cheval**. M ap frape tablo a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès. Nou pare ! ***[Frape tablo a, aprè sa di]*** :

Sote – Vire adwat – Vire agoch – Galope – Kanpe sèk – Aplodi

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Jodi a, nou pral idantifye **konpleman objè dirèk** nan **gwoup vèbal**.

Nou dwe konnen

1. Yon **konpleman objè dirèk** se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè pati **gwoup vèbal** la pou konplete sans vèb la.
2. Pou nou jwenn konpleman objè dirèk la, nou dwe poze kesyon « **kilès** ? » oswa « **ki sa** ? » devan gwoup sijè a. Kesyon an dwe fini nan vèb la.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Richa keyi yon mango. »]

– M ap li fraz la : Richa keyi yon mango.

– ***[Aprè sa di :]***

– M ap souliye gwoup vèbal la.

Richa <u>keyi yon mango.</u>

– M ap chèche vèb la epi m ap mete v sou tèt li.

V
Richa <u>keyi yon mango</u>.

– M ap poze kesyon : **ki sa Richa keyi ?**

– M ap reponn : **Richa <u>keyi yon mango</u>.**

– Se **yon mango** Richa keyi. Gwoup mo « **yon mango** » se konpleman objè dirèk paske se li ki fè m wè ki sa Richa keyi.

– M ap ekri fraz la ankò epi m ap mete **V** sou tèt vèb la, **K.O.D** sou tèt konpleman objè dirèk la.

V K.O.D
Richa <u>keyi yon mango</u>.

An n fè l ansanm

– Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 102 a pou nou fè egzèsis # 1 an.

– An n li fraz la : **Richa keyi yon mango**.

– ***[Aprè sa di :]***

– An n souliye gwoup vèbal la.

Richa <u>keyi yon mango</u>.

– N ap chèche vèb la epi n ap mete v sou tèt li.

V
Richa <u>keyi yon mango</u>.

– An n poze kesyon : **ki sa Richa keyi ?**

– An n reponn : **Richa <u>keyi yon mango</u>**.

– Se **yon mango** Richa keyi. Gwoup mo « **yon mango** » se konpleman objè dirèk paske se li ki fè nou wè ki sa Richa keyi.

– N ap ekri fraz la ankò epi n ap mete **V** sou tèt vèb la, **K.O.D** sou tèt konpleman objè dirèk la.

V K.O.D
Richa <u>keyi yon mango</u>.

Tou pa nou

[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo]

– Anèt bwè anpil dlo.

– ***[Aprè sa di :]***

– Li fraz la ankò. Mete **V** sou tèt vèb la epi **K.O.D** sou tèt konpleman objè dirèk la.

– Kontinye fè egzèsis nan kaye nou. ***[Bay elèv yo 60 segonn pou yo fè egzèsis la. Aprè sa di :]***

– Kilès ki ka di m ki kesyon li te poze pou li jwenn konpleman objè dirèk la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 5 <u>Egzèsis nan kaye (12 minit)</u>

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la.

[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]

Nou vle ekri yon istwa sou yon aksidan ki rive. Ekri sou chak liy enfòmasyon ki bay repons kesyon sa yo.

1. Ki non nou chwazi bay pèsonaj yo ? _____
2. Ki kote yo ye ? _____
3. Ki sa y ap fè ? _____
4. Ki aksidan ki rive ? _____
5. Ki sa yo oblije fè ? _____
6. Kòman sa fini ? _____

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 **Li ak bon ton (3 minit)**

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li kèk fraz yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 102 a pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. ***[Li fraz yo pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz yo pou kont yo.]***

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **konpleman objè dirèk** ? ***[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Pwoteje kò nou

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. ***[Bay elèv yo 30 segonn.]***

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.

Èske menm jan ak Maryo nou ta renmen konnen kote moustik yo soti ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Kilès ki ka di m pou ki sa nou pa dwe kite moustik anvayi nou ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **chema naratif**. Kilès ki ka di m sa li konnen sou **chema naratif** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Nou te di **chema naratif** la gen 5 etap. Kilès ki ka di m de nan etap yo li sonje ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Kilès ki ka di m ki sa li konnen sou konpleman objè dirèk ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 103 a. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.]***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : konvèsasyon

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Elèv yo t ap fè yon konvèsasyon sou egzamen an ki pral rive. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **konvèsasyon**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **konvèsasyon** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **konvèsasyon** vle di : **echanj pawòl ant de oswa ant plizyè moun sou yon sijè.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **konvèsasyon**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : malarya

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Lè yon moun gen malarya, li dwe ale prese prese kay doktè*. *» Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **malarya**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **malarya** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **malarya** vle di : **maladi moun trape aprè yon moustik ki rele anofèl fin pike li**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **malarya**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. ***[30 segonn]***
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. ***[30 segonn]***
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]***

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede nou konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Èske nou panse lè moustik pike yon moun li ka fè li malad ? Ki maladi moun nan ka genyen ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***
2. Kilès ki ka di m ki jan li konn santi li lè li gen lafyèv ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) *[Tit : Ki sa malarya ye.]*

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks enfòmatif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
2. **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.
3. **Tèks enfòmatif** la prezante aksyon oswa fenomèm ki pase nan reyalite a.
4. Nenpòt moun ka verifye **enfòmasyon** li jwenn nan yon **tèks enfòmatif**.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 103 a pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki sa timoun yo ap fè sou lakou a ?
2. Pou ki sa Jak pa ansanm ak zanmi l yo ?
3. Ki siy ki pèmèt nou rekonèt malarya ?
4. Ki jan yo rele marengwen ki bay malarya a ?
5. Pou ki sa Jak kontan lè l sot kay doktè a ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **fason mwen manje**. Chak fwa mwen di non yon fwi n ap mime jan yo manje fwi a. Nou pare !

Mango – Fig – Zaboka – Zoranj – Kann – Kokoye – Melon

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Jodi a, nou pral idantifye **konpleman objè dirèk** nan **gwoup vèbal.**

Nou dwe konnen

1. Yon **konpleman objè dirèk** se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè pati **gwoup vèbal** la pou konplete sans vèb la.
2. Pou nou jwenn konpleman objè dirèk la, nou dwe poze kesyon « **kilès** ? » oswa « **ki sa** ? » devan gwoup sijè a. Kesyon an dwe fini nan vèb la.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Badèt rankontre zanmi li yo. »]

M ap li fraz la : **Badèt rankontre zanmi li yo**.

– ***[Aprè sa di :]***

– M ap souliye gwoup vèbal la.

– **Badèt <u>rankontre zanmi li yo</u>**.

– M ap chèche vèb la epi m ap mete **v** sou tèt li

V

– **Badèt <u>rankontre zanmi li yo</u>**.

– M ap poze kesyon : **Kilès Badèt rankontre ?**

– M ap reponn : **Badèt <u>rankontre zanmi li yo.</u>**

– Se « **<u>zanmi li yo</u>** » Badèt rankontre. Gwoup mo « **zanmi li yo** » se konpleman objè dirèk paske se li ki fè m wè kilès Badèt rankontre.

– M ap ekri fraz la ankò epi m ap mete **V** sou tèt vèb la, **K.O.D** sou tèt konpleman objè dirèk la.

V K.O.D

– **Badèt <u>rankontre zanmi li yo</u>**.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 103 a pou nou fè egzèsis # 1 an.

– An n li fraz la :

Badèt rankontre zanmi li yo.

– ***[Aprè sa di :]***

– An n souliye gwoup vèbal la.

– **Badèt <u>rankontre zanmi li yo.</u>**

– N ap chèche vèb la epi n ap mete **V** sou tèt li

V

– **Badèt <u>rankontre zanmi li yo</u>**.

– An n poze kesyon : **Kilès Badèt rankontre ?**

– An n reponn : **Badèt <u>rankontre zanmi li yo.</u>**

– Se « **<u>zanmi li yo</u>** » Badèt rankontre. Gwoup mo « **<u>zanmi li yo</u>** » se konpleman objè dirèk paske se li ki fè nou wè kilès Badèt rankontre.

– N ap ekri fraz la ankò epi n ap mete **V** sou tèt vèb la, **K.O.D** sou tèt konpleman objè dirèk la.

V K.O.D

– **Badèt <u>rankontre zanmi li yo.</u>**

Tou pa nou

[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo]

– **Kami ap tann manman li.**

– ***[Aprè sa di :]***

Li fraz la ankò. Mete **V** sou tèt vèb la epi **K.O.D** sou tèt konpleman objè dirèk la.

– Kontinye fè egzèsis nan kaye nou. ***[Bay elèv yo 60 segonn pou yo fè egzèsis la. Aprè sa di :]***

– Kilès ki ka di m ki kesyon li te poze pou li jwenn konpleman objè dirèk la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 6 <u>Egzèsis nan kaye (12 minit)</u>

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis #4 la.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 7 **Li nan ton kòrèk la (3 minit)**

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li yon kontin yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 103 a pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. ***[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]***

Enpòtan

[Ekri pwezi ki nan paj leson 105 nan liv elèv la sou tablo a. Mande elèv yo kopye li nan yon ti kaye. Aprè sa di yo pou yo byen aprann pwezi a lakay yo pou yo ka resite li nan klas la jou w ap fè leson pwezi a.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **konpleman objè dirèk** ? ***[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Pwoteje kò nou

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon maladi.
Mwen mache ak gwo tèt fè mal.
Lè yo moun genyen m
Li pran tranble chak apremidi
Moun trape m akoz piki
Yon marengwen ki rele anofèl.
Ki sa mwen ye ? ***(malarya)***

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **chema naratif**. Kilès ki ka di m sa li konnen sou **chema naratif** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Nou te di **chema naratif** la gen 5 etap. Kilès ki ka di m de nan etap yo li sonje ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Kilès ki ka di m ki sa li konnen sou konpleman objè dirèk ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 **Li mo kle leson an (2 minit)**

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 104 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.]***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : anofèl

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Si yon* anofèl *pike yon moun, moun nan ap malad. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **anofèl** .
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **anofèl** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **anofèl** vle di : **moustik ki bay moun malarya**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **anofèl**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : moustikè

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Moustikè sa a twò piti pou kabann nan. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **moustikè**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **moustikè** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **moustikè** vle di : **rido fen ki antoure kabann pou anpèche moustik pike moun k ap dòmi**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **moustikè**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Li tèks (12 minit) *[Tit : Ki sa malarya ye ?]*

Jodi a, nou pral li menm **tèks enfòmatif** nou te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
2. **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.
3. **Tèks enfòmatif** la esplike aksyon oswa fenomèm ki pase nan reyalite a.
4. Nenpòt moun ka verifye **enfòmasyon** li jwenn nan yon **tèks enfòmatif.**

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 104 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ekri Vre oswa Pa vre akote fraz pi ba yo :
   - Jak te gen lafyèv tout jounen an.
   - Anofèl yo bay malarya.
   - Klowokin se yon medikaman yo pran pou malarya.
2. Èske w konn gen malarya deja ? Si wi, ki sa ou te santi ?
3. Daprè ou pou ki sa Grann Dali mennen Jak lopital tousuit ?
4. Si w t ap kontinye istwa a, ki jan w t ap fini l ? Rakonte.

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **kous cheval**. M ap frape tablo a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès pandan n ap fè kri cheval la. Nou pare ! ***[Frape tablo a, aprè sa di]*** :

Sote – Vire adwat – Vire agoch – Galope – Kanpe sèk – Aplodi

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Jodi a, nou pral idantifye **konpleman objè dirèk** nan **gwoup vèbal**.

1. Yon **konpleman objè dirèk** se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè pati **gwoup vèbal** la pou konplete sans vèb la.
2. Pou nou jwenn konpleman objè dirèk la, nou dwe poze kesyon « **kilès ?** » oswa « **ki sa ?** » devan gwoup sijè a. Kesyon an dwe fini nan vèb la.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Jilmis ranmase tout veso yo. »]

– M ap li fraz la : **Jilmis ranmase tout veso yo.**

– ***[Aprè sa di :]***

– M ap souliye gwoup vèbal la.

– **Jilmis <u>ranmase tout veso yo</u>.**

– M ap chèche vèb la epi m ap mete **V** sou tèt li

V

– **Jilmis <u>ranmase tout veso yo</u>.**

– M ap poze kesyon : Ki sa Jilmis ranmase ?

– M ap reponn : **Jilmis <u>ranmase tout veso yo</u>**.

– Se « **tout veso yo** » Jilmis ranmase. Gwoup mo « **tout veso yo** » se konpleman objè dirèk paske se li ki fè m wè ki sa Jilmis ranmase.

– M ap ekri fraz la ankò epi m ap mete **v** sou tèt vèb la, **K.O.D** sou tèt konpleman objè dirèk la.

V K.O.D

– **Jilmis <u>ranmase tout veso yo.</u>**

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 104 a pou nou fè egzèsis # 1 an.

– An n li fraz la : **Jilmis ranmase tout veso yo.**

– ***[Aprè sa di :]***

– An n souliye gwoup vèbal la.

– **Jilmis <u>ranmase tout veso yo</u>**.

– N ap chèche vèb la epi n ap mete **V** sou tèt li

V

– **Jilmis <u>ranmase tout veso yo</u>.**

– An n poze kesyon : **Ki sa Jilmis ranmase ?**

– An n reponn : **Jilmis <u>ranmase tout veso yo</u>**.

– Se « **<u>tout veso yo</u>** » Jilmis ranmase. Gwoup mo « **tout veso yo** » se konpleman objè dirèk paske se li ki fè nou wè ki sa Jilmis ranmase.

– N ap ekri fraz la ankò epi n ap mete **v** sou tèt vèb la, **K.O.D** sou tèt konpleman objè dirèk la.

V K.O.D

– **Jilmis <u>ranmase tout veso yo</u>**.

Tou pa nou

[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo]

– **Chèlin netwaye tout kay la.**

– ***[Aprè sa di :]***

– Li fraz la ankò. Mete **V** sou tèt vèb la epi **K.O.D** sou tèt konpleman objè dirèk la.

– Kontinye fè egzèsis nan kaye nou. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Aprè sa di :]***

– Kilès ki ka di m ki kesyon li te poze pou li jwenn konpleman objè dirèk la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 5 <u>Egzèsis nan kaye (12 minit)</u>

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon kaz. Ale nan egzèsis # 4 la. ***[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Apre chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]***

- Ki jan yo rele ensèk ki bay moun malarya a ?
- Site kèk siy ki montre yon moun gen malarya.
- Ki medikaman ki bon pou malarya ?
- Ki sa ki dwe fèt pou nou kwape malarya ?

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li kèk fraz yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 104 la pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. ***[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]***

Nou dwe konnen

[Raple elèv yo pou yo repase pwezi yo te kopye nan ti kaye a. Di yo pou yo byen prepare li pou yo ka patisipe nan konkou pwezi semèn nan.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **fraz ki pa minimal** ? ***[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Pwoteje kò nou

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen pa yon zwazo.
Men mwen konn vole.
Mwen se yon bèt tou piti.
Mwen renmen rete kote ki gen dlo.
Mwen vole plis lannuit.
Se lè sa mwen pike moun.
Lenmi mwen se moustikè ak plakatòks.
Kilès mwen ye ? *(marengwen)*

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **chema naratif**. Kilès ki ka di m sa li konnen sou **chema naratif** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Nou te di **chema naratif** la gen 5 etap. Kilès ki ka di m twa nan etap yo li sonje ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Kilès ki ka di m ki sa li konnen sou konpleman objè dirèk ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 **Li mo kle leson an (2 minit)**

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 105 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : takinen

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Wozlò pa renmen lè moun ap takinen li. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **takinen**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **takinen** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **takinen** vle di : **pran plezi nan annuiye yon moun**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **takinen**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : plamen

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Jewòm fè toupi a vire nan plamen li. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **plamen**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **plamen** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **plamen** vle di : **pati anndan men yon moun**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **plamen**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Gramè (8 minit)

Kounye a, n ap fè yon aktivite sou **gwoup vèbal**

Nou dwe konnen

1. Yon **gwoup vèbal** ka fòme ak yon vèb pou kont li oubyen ak yon vèb ki gen youn oswa plizyè mo aprè li.
2. Nan yon **gwoup vèbal** mo ki vini aprè vèb la kapab jwe wòl: konpleman **objè** (dirèk – endirèk) oswa konpleman **sikonstansyèl**.

Jodi a, nou pral idantifye **konpleman objè dirèk** nan **gwoup vèbal**.

Nou dwe konnen

1. Yon **konpleman objè dirèk** se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè pati gwoup vèbal la pou konplete sans vèb la.
2. Pou nou jwenn konpleman objè dirèk la, nou dwe poze kesyon « **kilès** ? » oswa « **ki sa** ? » devan gwoup sijè a. Kesyon an dwe fini nan vèb la.

Koute epi reonn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tande yon fraz ki kòrèk n ap leve pous nou anlè. Lè nou tande yon fraz ki pa kòrèk mete pous nou tètanba.

Fraz yo
- Yon gwoup vèbal kapab fòme ak yon vèb ki gen plizyè mo aprè li.
- Nan yon gwoup vèbal mo ki vin aprè vèb la toujou jwe wòl konpleman objè dirèk.
- Nan yon gwoup vèbal mo ki vin aprè vèb la toujou jwe wòl konpleman objè endirèk.
- Pou nou jwenn konpleman objè dirèk la nou poze kesyon Kilès oswa ki sa devan gwoup sijè a.

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye nou. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 105 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral koute epi ekri kèk fraz nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 3 a. Koute fraz sa yo byen epi ekri yo kòrèkteman nan kaye nou.

Rezilta a fè konnen bra goch Ketna kase reyèlman. Doktè a mete yon plat pou li dekwa pou zo yo ka vin soude ankò. Ketna ap rete avèk plat la pou de mwa.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 ak 5.

Aktivite 5 Li tèks (12 minit) *[Tit : marengwen]*

Tèks n ap li jodi a se yon pwezi.

Nou dwe
1. Yon **pwezi** se yon tèks ki itilize mo ak bèl fraz pou eksprime emosyon, lide ak santiman moun ki ekri l la.
2. Yon **emosyon** se sa ki fè yon moun santi li boulvèse oswa li kontan.
3. Yon **santiman** se sa yon moun santi anndan kè li.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 105 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale.

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Konkou pwezi

Moman konkou pwezi a rive. M ap chwazi kèk elèv pou vin resite pwezi a devan tout klas la. Pandan yon elèv devan an, tout rès klas la ap suiv san pale. ***[Aprè chak elèv fin resite pwezi a, mande elèv yo bat yon gwo bravo pou li. Aprè sa, mande kèk elèv nan klas la pou yo di sa yo panse sou jan elèv la sot resite pwezi a.]***

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Sou kilès tèks la pale ?
2. Ki sa powèt la konn fè ?
3. Pou ki sa powèt la mande l yon ti chans ?
4. Daprè ou ki sa otè a vle di nan fraz sa a : « m ap fè w tounen Bonbon ak de plamen m » ?
5. Èske w renmen lè marengwen rele nan zorèy ou ? Pou ki sa ?

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **konpleman objè dirèk** ? ***[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Konnen bèt yo

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. ***[Bay elèv yo 30 segonn.]***

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan bann desine a.

Èske menm jan ak Rita ou t ap fache si ou te wè moun ap jete fatra bò lanmè a ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Rita di fatra ka lakòz pwason yo malad. Ki lòt pwoblèm fatra ka bay ankò lè moun jete li bò lanmè ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **pwezi**. Kilès ki ka di m ki sa yon **pwezi** ye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Nou te di yon pwezi konn eksprime **emosyon**. Kilès ki ka di m ki kalite **emosyon** yo ka eksprime nan yon pwezi ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Kilès ki ka di m ki sa li konnen sou **konpleman objè dirèk** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 106 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : polisyon

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Polisyon lakòz moun ak bèt malad pi souvan. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **polisyon**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **polisyon** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **polisyon** vle di : **dega anviwònman an sibi lè yo mete divès kalite dechè ladan li.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **polisyon**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : endistri

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Anpil mou nap travay nan endistri koton. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **endistri**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **endistri** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **endistri** vle di : **izin kote yo pwodui divès kalite objè moun ka itilize**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **endistri**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. ***[30 segonn]***
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. ***[30 segonn]***
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse tèks la pral pale ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]***

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede nou konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki renmen manje pwason ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***
2. Kilès ki ka di m ki kote pwason soti epi ki jan moun fè pou yo kenbe pwason ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) *[Tit tèks la : Lapèch nan Pestèl]*

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks enfòmatif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
2. **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.
3. **Tèks enfòmatif** la prezante aksyon oswa fenomèm ki pase nan reyalite a.
4. Nenpòt moun ka verifye **enfòmasyon** li jwenn nan yon **tèks enfòmatif**.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 106 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. ***[Pran liv elèv la. Li tèks : « Lapèch nan Pestèl » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanp.]***

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki kote Ednè Pyè rete ?
2. Site zouti pechè yo itilize pou peche pwason yo ?
3. Ki sa medam yo fè ak rès pwason yo ?
4. Ki kalite pwason pechè yo pran ?
5. Èske Ednè renmen jan lapèch la tounen ? Pou ki sa ?
6. Ki aksyon abitan Pestèl fè pou amelyore sitiyasyon an ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele **fason mwen manje**. Chak fwa mwen di non yon fwi n ap mime jan yo manje fwi a. Nou pare !

Mango – Fig – Zaboka – Zoranj – Kann – Kokoye – Melon

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **konpleman objè endirèk**.

Nou dwe konnen

1. Yon **konpleman objè endirèk** se yon mo ki konplete sans vèb la nan yon fraz.
2. Pou nou jwenn **konpleman objè endirèk** la nou poze kesyon **ak ki sa, ak kilès, pou kilès, de kilès, de ki sa, san ki sa** devan gwoup sijè a. Kesyon an dwe fini nan vèb la.a

Kounye a, nou pral travay sou **konpleman objè endirèk**. Mwen pral li yon fraz aprè sa m ap poze kesyon pou mwen jwenn konpleman objè endirèk la.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Sonya soti ak papa li. »]

– M ap li fraz la : **Sonya soti ak papa li**.

– ***[Aprè sa di :]***

– M ap souliye gwoup vèbal la.

Sonya soti ak papa li.

– M ap chèche vèb la epi m ap mete **v** sou tèt li

V
Sonya soti ak papa li.

– M ap poze kesyon : **Ak kilès Sonya soti ?**

– M ap reponn : **Sonya soti ak papa li.**

– Se « **ak papa li.** » Sonya soti. Gwoup mo « **papa li** » se konpleman objè endirèk paske se li ki fè m wè ak kilès Sonya soti.

– M ap ekri fraz la ankò epi m ap mete **v** sou tèt vèb la, **K.O.E** sou tèt konpleman objè endirèk la.

V K.O.E
– **Sonya soti ak papa li**.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 106 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

– An n li fraz la: **Sonya soti ak papa li.**

– ***[Aprè sa di :]***

– An n souliye gwoup vèbal la.

Sonya soti ak papa li.

– N ap chèche vèb la epi n ap mete **v** sou tèt li

V
Sonya soti ak papa li.

– An n poze kesyon : **Ak kilès Sonya soti ?**

– An n reponn : **Sonya soti ak papa li.**

– Se « **ak papa li**. » Sonya soti. Gwoup mo « **papa li** » se konpleman objè endirèk paske se li ki fè m wè ak kilès Sonya soti.

– N ap ekri fraz la ankò epi n ap mete **v** sou tèt vèb la, **K.O.E** sou tèt konpleman objè endirèk la.

V K.O.E
– **Sonya soti ak papa li.**

Tou pa nou

[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo]

– **Tamara ap jwe ak Jislin.**

– ***[Aprè sa di :]***

Li fraz la ankò. Mete **V** sou tèt vèb la epi **K.O.E** sou tèt konpleman objè endirèk la.

– Kontinye fè egzèsis nan kaye nou. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Aprè sa di :]***

– Kilès ki ka di m ki kesyon li te poze pou li jwenn konpleman objè endirèk la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzesis k ape de nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis #4 la.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 7 Li nan ton kòrèk la (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li yon kontin yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 106 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. ***[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan poukont yo.]***

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **konpleman objè endirèk** ? ***[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Konnen bèt yo

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen fèt an bwa.
Yon ban m fòm ak rach.
Mwen glise sou rivyè ak nan lanmè.
Yo kondi m ak zaviwon oswa ak vwal.
Pechè sèvi avè m pou y al tann ak leve nas.
Yo sèvi avè m tou pou y al tann ak leve filè.
Ki sa mwen ye ? ***(kannòt)***

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **tèks enfòmatif**. Kilès ki ka di m ki sa yon **tèks enfòmatif** ye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Nou te di **tèks enfòmatif** la prezante aksyon oswa fenomèn ki pase nan reyalite a. Kilès ki ka di m yon fenomèn nou te pale sou li deja nan yon **tèks enfòmatif** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Ki kesyon nou ka poze pou nou jwenn **konpleman objè endirèk** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 **Li mo kle leson an (2 minit)**

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 107 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 **Vokabilè (10 minit)**

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : rivaj

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Timoun yo ap jwe bò* rivaj *la. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **rivaj**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **rivaj** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **rivaj** vle di : **pati tè ki bò lanmè.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **rivaj**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : resiklaj

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Izin yo konn fè resiklaj boutèy plastik. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **resiklaj**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **resiklaj** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **resiklaj** vle di : **aktivite ranmase dechè epi itilize yo pou fabrike objè ki itil.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **resiklaj**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Li tèks (12 minit) *[Tit tèks la : Lapèch nan Pestèl]*

Jodi a, nou pral li menm **tèks enfòmatif** nou te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
2. **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.
3. **Tèks enfòmatif** la prezante aksyon oswa fenomèm ki pase nan reyalite a.
4. Nenpòt moun ka verifye **enfòmasyon** li jwenn nan yon **tèks enfòmatif.**

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 107 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Pou ki sa aktivite lapèch enpòtan pou moun nan zòn nan ?
2. Pou ki sa medam yo vle vann pwason yo tousuit yo fin peche ?
3. Eske w ta renmen konn peche pwason ? Pou ki sa ?
4. Pou ki sa pechè yo di « jou an jou lavi a vin pi di » ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **kous cheval**. M ap frape tablo a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès. Nou pare ! ***[Frape tablo a, aprè sa di]*** :

Sote – Vire adwat – Vire agoch – Galope – Kanpe sèk – Aplodi

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **konpleman objè endirèk**.

Nou dwe konnen

1. Yon **konpleman objè endirèk** se yon mo ki konplete sans vèb la nan yon fraz.
2. Pou nou jwenn **konpleman objè endirèk** la nou poze kesyon **ak ki sa, ak kilès, pou kilès, de kilès, de ki sa, san ki sa** devan gwoup sijè a. Kesyon an dwe fini nan vèb la.

Kounye a, nou pral travay sou **konpleman objè endirèk**. Mwen pral li yon fraz aprè sa m ap poze kesyon pou mwen jwenn konpleman objè endirèk la.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Jozèf travay pou Nèlson. »]

– M ap li fraz la: **Jozèf travay pou Nèlson.**
– ***[Aprè sa di :]***
– M ap souliye gwoup vèbal la.

Jozèf **travay pou Nèlson**.

– M ap chèche vèb la epi m ap mete **v** sou tèt li

V
Jozèf travay pou Nèlson.

– M ap poze kesyon : **Pou kilès Jozèf travay ?**
– M ap reponn : **Jozèf travay pou Nèlson**.
– Se « **pou Nèlson** » Jozèf travay. Gwoup mo « **pou Nèlson** » se konpleman objè endirèk paske se li ki fè m wè pou kilès Jozèf travay.
– M ap ekri fraz la ankò epi m ap mete **v** sou tèt vèb la, **K.O.E** sou tèt konpleman objè endirèk la

V K.O.E
– **Jozèf travay pou Nèlson.**

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 107 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

– An n li fraz la: **Jozèf travay pou Nèlson.**
– ***[Aprè sa di :]***
– An n souliye gwoup vèbal la.

Jozèf travay pou Nèlson.

– N ap chèche vèb la epi n ap mete **v** sou tèt li

V
Jozèf travay pou Nèlson.

– An n poze kesyon : **Pou kilès Jozèf travay ?**
– An n reponn : Jozèf travay pou Nèlson.
– Se « pou Nèlson » Jozèf travay. Gwoup mo « **pou Nèlson** » se konpleman objè endirèk paske se li ki fè nou wè pou kilès Jozèf travay.
– N ap ekri fraz la ankò epi n ap mete **v** sou tèt vèb la, **K.O.E** sou tèt konpleman objè endirèk la.

V K.O.E
– **Jozèf travay pou Nèlson**.

Tou pa nou

[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo]

– **Wilfrid ap li pou pitit li**.
– ***[Aprè sa di :]***

Li fraz la ankò. Mete **V** sou tèt vèb la epi **K.O.E** sou tèt konpleman objè endirèk la.

– Kontinye fè egzèsis nan kaye nou. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Aprè sa di :]***
– Kilès ki ka di m ki kesyon li te poze pou li jwenn konpleman objè endirèk la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. ***[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]***

- Ekri twa danje ki menase pwason yo
- Premye danje (Kaz # 1)
- Dezyèm danje (Kaz # 2)
- Twazyèm danje (Kaz # 3)

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 107 la pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. ***[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]***

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **konpleman objè endirèk** ? ***[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Konnen bèt yo

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. ***[Bay elèv yo 30 segonn.]***
Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan bann desine a. **bann desine** a.
Pou ki sa Maryo abiye byen chèlbè ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
Ki sa ki fè nou wè Maryo renmen pwogram piknik la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **tèks enfòmatif.** Kilès ki ka di m ki sa yon **tèks enfòmatif** ye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
Nou te di **tèks enfòmatif** la prezante aksyon oswa fenomèn ki pase nan reyalite a. Kilès ki ka di m yon fenomèn nou te pale sou li deja nan yon **tèks enfòmatif** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
Ki kesyon nou ka poze pou nou jwenn **konpleman objè endirèk** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 108 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : konje

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Epòk kanaval toujou gen twa jou konje. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **konje**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **konje** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **konje** vle di : **jou ki pa gen lekòl ak travay**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **konje**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : piknik

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Komite a òganize yon piknik Leyogàn. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **piknik**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **piknik** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **piknik** vle di : **aktivite plizyè moun fè lè yo soti pou yo amize yo epi manje ansanm pandan y ap vizite yon zòn**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **piknik**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :] Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen : « Ki sa ki pral pase nan tèks la ? »

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. ***[30 segonn]***
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. ***[30 segonn]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]***

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede nou konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki konn soti ak lekòl li deja ? Ki kote nou konn ale ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***
2. Kilès ki ka rakonte eksperyans li te fè yon jou li te soti ak lekòl li ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) *[Tit : Yon jounen piknik]*

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks enfòmatif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
2. **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.
3. **Tèks enfòmatif** la prezante aksyon oswa fenomèm ki pase nan reyalite a.
4. Nenpòt moun ka verifye **enfòmasyon** li jwenn nan yon **tèks enfòmatif**.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 108 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki sa elèv klas Milin yo te fè nan jou konje a ?
2. Ki kote yo te ale ? Fè yon ti pale sou zòn nan.
3. Ki jan timoun yo te amize yo ?
4. Ki sa pwofesè yo te aprann timoun yo ?
5. Pou ki sa timoun yo te kontan ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **fason mwen manje**. Chak fwa mwen di non yon fwi n ap mime jan yo manje fwi a. Nou pare !

Mango – Fig – Zaboka – Zoranj – Kann – Kokoye – Melon

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **konpleman objè endirèk**.

Nou dwe

1. Yon **konpleman objè endirèk** se yon mo ki konplete sans vèb la nan yon fraz.
2. Pou nou jwenn **konpleman objè endirèk** la nou poze kesyon **ak ki sa, ak kilès, pou kilès, de kilès, de ki sa, san ki sa** devan gwoup sijè a. Kesyon an dwe fini nan vèb la.

Kounye a, nou pral travay sou **konpleman objè endirèk**. Mwen pral li yon fraz aprè sa m ap poze kesyon pou mwen jwenn konpleman objè endirèk la.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Silven vini san malèt li. »]

– M ap li fraz la: **Silven vini san malèt li.**

– ***[Aprè sa di :]***

– M ap souliye gwoup vèbal la.

Silven <u>vini san malèt li</u>.

– M ap chèche vèb la epi m ap mete **V** sou tèt li

V
Silven <u>vini san malèt li</u>.

– M ap poze kesyon : **San ki sa Silven vini ?**

– M ap reponn : **Silven vini san malèt li.**

– Se « **<u>san malèt li</u>** » Silven vini. Gwoup mo « **<u>malèt li</u>** » se konpleman objè endirèk paske se li ki fè m wè ki sa Silven vini san li.

– M ap ekri fraz la ankò epi m ap mete **V** sou tèt vèb la, **K.O.E** sou tèt konpleman objè endirèk la.

V K.O.E

– **Silven <u>vini san malèt li</u>**.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 108 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

– An n li fraz la : **Silven vini san malèt li.**

– ***[Aprè sa di :]***

– An n souliye gwoup vèbal la.

Silven <u>vini san malèt li</u>.

– N ap chèche vèb la epi n ap mete **V** sou tèt li

V
Silven <u>vini san malèt li</u>.

– An n poze kesyon : **San ki sa Silven vini ?**

– An n reponn : **Silven <u>vini san malèt li</u>**.

– Se « **<u>san malèt li</u>** » Silven vini. Gwoup mo « **<u>malèt li</u>** » se konpleman objè endirèk paske se li ki fè nou wè ki sa Silven vini san li.

– N ap ekri fraz la ankò epi n ap mete **V** sou tèt vèb la, **K.O.E** sou tèt konpleman objè endirèk la.

V K.O.E

– **Silven <u>vini san malèt li</u>**.

Tou pa nou

[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo]

– **Kabrit la ap mache san kòd.**

– ***[Aprè sa di :]***

Li fraz la ankò. Mete **V** sou tèt vèb la epi **K.O.E** sou tèt konpleman objè endirèk la.

– Kontinye fè egzèsis nan kaye nou. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Aprè sa di :]***

– Kilès ki ka di m ki kesyon li te poze pou li jwenn konpleman objè endirèk la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 6 <u>Egzèsis nan kaye (12 minit)</u>

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzesis k ape de nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis #4 la.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li yon **kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 108 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. ***[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan poukont yo.]***

Enpòtan

[Ekri pwezi ki nan paj leson110 nan liv elèv la sou tablo a. Mande elèv yo kopye li nan yon ti kaye. Aprè sa di yo pou yo byen aprann pwezi a lakay yo pou yo ka resite li nan klas la jou w ap fè leson pwezi a.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **konpleman objè endirèk** ? ***[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Konnen bèt yo

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon bèt.
Mwen trennen sou vant.
Mwen ka gonfle anba kou m.
Mwen manje krikèt ak lòt ensèk.
Mwen pa koulèv.
Mwen pa mabouya.
Mwen ka chanje koulè tanzantan.
Mwen renmen monte pyebwa.
Mwen mache sou mi tou.
Ki sa mwen ye ? *(zandolit)*

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **tèks enfòmatif**. Kilès ki ka di m ki sa yon **tèks enfòmatif** ye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Nou te di **tèks enfòmatif** la prezante aksyon oswa fenomèn ki pase nan reyalite a. Kilès ki ka di m yon fenomèn nou te pale sou li deja nan yon **tèks enfòmatif** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Ki kesyon nou ka poze pou nou jwenn **konpleman objè endirèk** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 109 la Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : obsève

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Timoun yo pran tan yo pou yo obsève jaden an. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **obsève**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **obsève** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **obsève** vle di : **byen gade sa ki nan alantou ou**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **obsève**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : ensèk

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Krikèt se yon ensèk. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **ensèk**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **ensèk** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **ensèk** vle di : **ti bèt piti ki gen sis pat, kat zèl ak de antèn devan tèt yo**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **ensèk**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Li tèks (12 minit) *[Tit : yon jounen piknik]*

Jodi a, nou pral li menm **tèks enfòmatif** nou te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
2. **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.
3. **Tèks enfòmatif** la prezante aksyon oswa fenomèm ki pase nan reyalite a.
4. Nenpòt moun ka verifye **enfòmasyon** li jwenn nan yon **tèks enfòmatif**.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 109 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Pou ki sa timoun yo te eksite anvan yo ale ?
2. Èske ou konn al nan jounen piknik ak lekòl ou ? Ki kote ?
3. Mete fraz sa yo nan lòd selon tèks la.
   a. Elèv yo jwenn enfòmasyon sou zandolit.
   b. Elèv yo al nan jounen piknik Pènye.
   ch. Elèv yo te amize yo nan benyen, manje mango ak kann kale, bwè dlo kokoye.
4. Èske w panse li bon lè pwofesè a bay timoun yo enfòmasyon sou zandolit la ? Pou ki sa ?
5. Ou renmen wè zandolit ? Pou ki sa ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **kous cheval**. M ap frape tablo a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès. Nou pare ! ***[Frape tablo a, aprè sa di]*** :

Sote – Vire adwat – Vire agoch – Galope – Kanpe sèk – Aplodi

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **konpleman objè endirèk**.

Nou dwe

1. Yon **konpleman objè endirèk** se yon mo ki konplete sans vèb la nan yon fraz.
2. Pou nou jwenn **konpleman objè endirèk** la nou poze kesyon **ak ki sa, ak kilès, pou kilès, de kilès, de ki sa, san ki sa** devan gwoup sijè a. Kesyon an dwe fini nan vèb la.

Kounye a, nou pral travay sou **konpleman objè endirèk**. Mwen pral li yon fraz aprè sa m ap poze kesyon pou mwen jwenn konpleman objè endirèk la.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Direktè a pale de Gaston. »]

– M ap li fraz la: **Direktè a pale de Gaston.**

– ***[Aprè sa di :]***

– M ap souliye gwoup vèbal la.
Direktè a pale de Gaston.

– M ap chèche vèb la epi m ap mete **V** sou tèt li

V
Direktè a pale de Gaston.

– M ap poze kesyon : **De kilès direktè a pale ?**

– M ap reponn : **Direktè a pale de Gaston**.

– Se **« de Gaston »** direktè a pale. Mo **« Gaston »** se konpleman objè endirèk paske se li ki fè m wè de kilès direkte a pale.

– M ap ekri fraz la ankò epi m ap mete **V** sou tèt vèb la, **K.O.E** sou tèt konpleman objè endirèk la.

V K.O.E
Direktè a pale de Gaston.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 109 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

– An n li fraz la: **Direktè a pale de Gaston.**

– ***[Aprè sa di :]***

– An n souliye gwoup vèbal la.
Direktè a pale de Gaston.

– N ap chèche vèb la epi n ap mete **V** sou tèt li.

V
Direktè a pale de Gaston.

– An n poze kesyon : **De kilès direktè a pale ?**

– An n reponn : **Direktè a pale de Gaston**.

– Se **« de Gaston »** direktè a pale. Mo **« Gaston »** se konpleman objè endirèk paske se li ki fè nou wè de kilès direktè a pale.

– N ap ekri fraz la ankò epi n ap mete **V** sou tèt vèb la, **K.O.E** sou tèt konpleman objè endirèk la.

V K.O.E
– **Direktè a pale de Gaston**.

Tou pa nou

[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]

– Mwen tande pale de Masèl.

– ***[Aprè sa di :]***
Li fraz la ankò. Mete **V** sou tèt vèb la epi **K.O.E** sou tèt konpleman objè endirèk la.

– Kontinye fè egzèsis nan kaye nou. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Aprè sa di :]***

– Kilès ki ka di m ki kesyon li te poze pou li jwenn konpleman objè endirèk la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. ***[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]***

Ekri enfòmasyon sou yon piknik ou ta renmen ale.

- Ki lè ou prale nan piknik la ?
- Ki kote ou prale nan piknik la ?
- Ak kilès ou prale nan piknik la ?
- Ki aktivite w ap fè pou w amize w ?

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 109 la pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. ***[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]***

Enpòtan

[Raple elèv yo pou yo repase pwezi yo te kopye nan ti kaye a. Di yo pou yo byen prepare li pou yo ka patisipe nan konkou pwezi semèn nan.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **konpleman objè endirèk** ? ***[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Konnen bèt yo

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon zouti pou pechè.
Mwen fèt ak banbou oswa ak wozo.
Yo fè m divès kalite fason.
Pechè sèvi avè m pou kenben pwason.
Yo tann mwen nan lanmè
Oswa nan rivyè.
Ki sa mwen ye ? ***(nas)***

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **tèks enfòmatif**. Kilès ki ka di m ki sa yon **tèks enfòmatif** ye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Nou te di **tèks enfòmatif** la prezante aksyon oswa fenomèn ki pase nan reyalite a. Kilès ki ka di m yon fenomèn nou te pale sou li deja nan yon **tèks enfòmatif** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Ki kesyon nou ka poze pou nou jwenn **konpleman objè endirèk** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 **Li mo kle leson an (2 minit)**

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 110 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : foli

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Tout foli Rebeka, se pou li al vizite Jeremi pou kont li. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **foli**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **foli** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **foli** vle di : **konpòtman ki parèt pa nòmal**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **foli**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : fent

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Jwè a fè yon fent pou gadyen an tonbe anvan li fè gòl la. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **fent**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **fent** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **fent** vle di : **jès ou fè pou lakòz yon lòt tonbe nan yon pyèj**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **fent**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **detèminan nan fraz**.

Nou dwe konnen

1. Yon **konpleman objè endirèk** se yon mo ki konplete sans vèb la nan yon fraz.
2. Pou nou jwenn **konpleman objè endirèk** la nou poze kesyon **ak ki sa, ak kilès, pou kilès, de kilès, de ki sa, san ki sa** devan gwoup sijè a. Kesyon an dwe fini nan vèb la.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tande yon fraz ki kòrèk n ap leve pous nou anlè. Lè nou tande yon fraz ki pa kòrèk mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

– Konpleman **objè endirèk** la konplete sans vèb la nan yon fraz.
– Pou nou jwenn **konpleman objè endirèk** la nou ka poze kesyon ak ki sa devan gwoup sijè a ?
– Pou nou jwenn **konpleman objè endirèk** la nou ka poze kesyon kilès devan gwoup sijè a ?
– Pou nou jwenn **konpleman objè endirèk** la nou ka poze kesyon pou kilès devan gwoup sijè a ?
– Pou nou jwenn **konpleman objè endirèk** la nou ka poze kesyon ki sa devan gwoup sijè a ?
– Pou nou jwenn **konpleman objè endirèk** la nou ka poze kesyon de ki sa devan gwoup sijè a ?

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye nou. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 110 la pou nou fè egzèsis # 2 a.

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Òtograf

Nou pral koute epi ekri kèk fraz nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 3 a. Koute fraz sa yo byen epi ekri yo kòrèkteman nan kaye nou.

Semèn pase te gen konje. Elèv klas Milin yo te ale nan yon jounen piknik ak lekòl la. Timoun yo te kontan anpil pou jounen sa a. Non sèlman yo te amize yo men tou yo te jwenn enfòmasyon sou sa ki nan lanati.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 ak 5.

Aktivite 5 Li tèks (12 minit) *[Tit : Ti pwason ak pechè]*

Tèks nou pral li jodi a se yon **pwezi**.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwezi** se yon tèks ki itilize mo ak bèl fraz pou eksprime emosyon, lide ak santiman moun ki ekri l la.
2. Yon **emosyon** se sa ki fè yon moun santi li boulvèse oswa li kontan.
3. Yon **santiman** se sa yon moun santi anndan kè li.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 110 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Konkou pwezi

Moman konkou pwezi a rive. M ap chwazi kèk elèv pou vin resite pwezi a devan tout klas la. Pandan yon elèv devan an, tout rès klas la ap suiv san pale. ***[Aprè chak elèv fin resite pwezi a, mande elèv yo bat yon gwo bravo pou li. Aprè sa, mande kèk elèv nan klas la pou yo di sa yo panse sou jan elèv la sot resite pwezi a.]***

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. De kilès istwa a pale ?
2. Ak ki enstriman pechè a konn peche ?
3. Pou ki sa ti pwason malen ?
4. Èske w dakò ak pwason an ki vle rete lakay ? Pou ki sa ?

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **konpleman objè endirèk** ? ***[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Chèche konnen anvan ou jije lòt yo

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. ***[Bay elèv yo 30 segonn.]***

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.

Èske menm jan ak Rita nou konn fè kaz sekrè ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Èske nou panse se yon bon aksyon lè Rita deside sere nan kòb li genyen ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **pwezi**. Kilès ki ka di m ki sa yon **pwezi** ye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Nou te di yon pwezi souvan eksprime **santiman**. Kilès ki ka di m ki sa yon **santiman** ye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Kilès ki ka di m kèk kesyon nou ka poze pou nou jwenn **konpleman objè endirèk** la? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 111 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : kontrarye

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Odèt kontrarye paske machin li a anpàn. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **kontrarye**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **kontrarye** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **kontrarye** vle di : **ki pa kontan**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kontrarye**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : kès

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Madlèn sere kòb nan kès li a. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **kès**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **kès** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **kès** vle di : **bwat ki fèt pou moun sere lajan**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kès**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. ***[30 segonn]***
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. ***[30 segonn]***
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse tèks la pral pale ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]***

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di m non yon magazen li konnen ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***
2. Kilès ki ka di m sa li konn wè nan yon magazen ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***
3. Èske nou panse li bon pou akize yon moun san prèv ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) *[Tit : Yon bèl ankèt]*

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks naratif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Nan yon **tèks naratif**, evènman yo prezante daprè yon seri etap. Tout etap sa yo ansanm, fòme yon **chema naratif**.
3. **Chema naratif** la gen 5 etap : yon sitiyasyon inisyal, yon pwoblèm, aksyon yo, yon solisyon, yon sitiyasyon final.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 111 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. ***[Pran liv elèv la. Li tèks : « Yon bèl ankèt » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanp.]***

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ankadre lèt ki mache ak sa tèks la di sou pèsonaj yo :
   a) Enspektè Ogis pa vle enjistis.
   b) Seza prese pou jwenn volè a.
   ch) Adyela pa gen okenn enkyetid.
2. Ki sa yo pran pou Seza ?
3. Ki kote Seza al pote plent ?
4. Kilès li panse ki pran bwat sekrè a ?
5. Ki sa enspektè Ogis fè aprè l fin pale ak Seza ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **fason mwen manje**. Chak fwa mwen di non yon fwi n ap mime jan yo manje fwi a. Nou pare ! ***[Frape tablo a, aprè sa di]*** :

Mango – Fig – Zaboka – Zoranj – Kann – Kokoye – Melon

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Kounye a, n ap fè yon aktivite sou **advèb.**

Nou dwe konnen

1. Yon **advèb** se yon mo ki fè pati gwoup vèbal la.
2. **Advèb** la bay yon enfòmasyon an plis nan fraz la.
3. Gen plizyè kalite advèb. Pami yo nou jwenn : advèb lye, advèb tan, advèb manyè ak advèb kantite.

Jodi a, n ap travay sou **advèb lye**.

Nou dwe konnen

1. **Advèb lye** sèvi pou bay enfòmasyon sou ki kote yon aksyon pase.
2. Nan lang kreyòl, prensipal **advèb lye** yo se : deyò, anndan, dèyè, devan, anlè, anba, isit, lòtbò, pre, lwen, toupatou, tribòbabò.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Sabin kanpe devan baryè a. »]

– M ap li fraz la : **Sabin kanpe devan baryè a.**
– ***[Aprè sa di :]***
– M ap souliye gwoup vèbal la. **Sabin kanpe devan baryè a**.
– M ap sèke mo ki fè nou wè ki kote Sabin kanpe.
– Sabin **kanpe devan baryè a.**
– Se mo **devan** ki fè mwen wè ki kote Sabin kanpe.
– Donk mo **devan** se yon **advèb lye** paske se li ki ba nou enfòmasyon sou ki kote Sabin kanpe.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 111 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

– An n li fraz la.
– **Sabin kanpe devan baryè a.**
– An n souliye gwoup vèbal la. **Sabin kanpe devan baryè a**.
– An n sèke mo ki fè nou wè ki kote Sabin kanpe.
– Sabin **kanpe devan baryè a.**
– Se mo **devan** ki fè mwen wè ki kote Sabin kanpe.
– Donk mo **devan** se yon **advèb lye** paske se li ki ba nou enfòmasyon sou ki kote Sabin kanpe.

Tou pa nou

[Li fraz la ansanm ak elèv yo.]

Founa kache anba tab la.

– ***[Aprè sa di :]***
– Li fraz la ankò. Aprè sa antoure **advèb lye a.**
– Kontinye fè egzèsis nan kaye nou. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Aprè sa di :]***
– Kilès ki ka li advèb li te antoure a pou mwen.
– ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzesis k ape de nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis #4 la.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li yon kontin yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 111 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. ***[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan poukont yo.]***

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **advèb lye** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Chèche konnen anvan ou jije lòt yo

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon gwo kay.
Gen plizyè moun ki kanpe
Devan m k ap bay sekirite.
Tout kalite moun frekante m.
Lè ou antre gen plizyè moun
Ki la pou ede w ak pou sèvi w.
Mwen se kote moun al depoze
Ak retire lajan yo oswa al prete lajan.
Ki sa mwen ye ? *(labank)*

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **chema naratif**. Kilès ki ka di m sa li konnen sou **chema naratif** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Nou te di **chema naratif** la gen 5 etap. Kilès ki ka di m premye etap nan chema naratif la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Kilès ki ka di m ki sa li konnen sou **advèb lye** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 112 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : akize

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Modlin renmen akize Lora**. **» Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **akize**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **akize** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **akize** vle di : **di se yon moun ki fè yon move aksyon**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **akize**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : ankèt

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Jij la ap mennen ankèt sou Nèlson. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **ankèt** .
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **ankèt** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **ankèt** vle di : **sa yon moun fè lè l ap cheche enfòmasyon ak prèv pou eklèsi yon afè**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **ankèt**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Li tèks (12 minit) *[Tit : Yon bèl ankèt]*

Jodi a, nou pral li menm tèks naratif nou te te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Nan yon **tèks naratif**, evènman yo prezante daprè yon seri etap. Tout etap sa yo ansanm, fòme yon **chema naratif**.
3. **Chema naratif** la gen 5 etap : yon sitiyasyon inisyal, yon pwoblèm, aksyon yo, yon solisyon, yon sitiyasyon final.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 112 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Pou ki sa Seza al depose lajan labank le samdi ?
2. Èske w dakò ak Seza pous a l di sou Paskal la ?
3. Pou ki sa enspektè Ogis al nan magazen an ?
4. Daprè ou ki sa ki pral pase nan rès istwa a ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **kous cheval**. Tout timoun kanpe. M ap frape tablo a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès. Nou pare ! ***[Frape tablo a, aprè sa di]*** :

Sote – Vire adwat – Vire agoch – Galope – Kanpe sèk – Aplodi

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Kounye a, n ap fè yon aktivite sou **advèb**.

Nou dwe konnen

1. **Advèb** la bay yon enfòmasyon an plis nan fraz la.
2. Gen plizyè kalite **advèb**. Pami yo nou jwenn : advèb lye, advèb tan, advèb manyè ak advèb kantite

Jodi a, n ap travay sou **advèb tan**.

Nou dwe konnen

1. **Advèb tan** an sèvi pou bay enfòmasyon sou ki lè yon aksyon pase.
2. Nan lang kreyòl, prensipal **advèb tan** yo se : anvan, aprè, kounye a, jodi a, yè, demen, pita, toujou, pafwa, souvan, toutan…

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Jonas te ale lekòl yè. »]

– M ap li fraz la.
– **Jonas te ale lekòl yè.**
– M ap souliye gwoup vèbal la.
– **Jonas te ale lekòl yè.**
– M ap antoure mo ki fè mwen wè kilè Jonas te ale lekòl la.
– **Jonas te ale lekòl (yè)**.
– Se mo **yè** ki fè mwen wè ki lè Jonas te ale lekòl la.
– Donk mo **yè** se yon **advèb tan** paske se li ki ba nou enfòmasyon sou ki lè Jonas te ale lekòl la.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 112 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

– An n li fraz la.
– **Jonas te ale lekòl yè.**
– An n souliye gwoup vèbal la.
– **Jonas te ale lekòl yè**.
– An n antoure mo ki fè nou wè kilè Jonas te ale lekòl la.
– **Jonas te ale lekòl (yè)**.
– Se mo **yè** ki fè nou wè ki lè Jonas te ale lekòl la.
– Donk mo **yè** se yon **advèb** tan paske se li ki ba nou enfòmasyon sou ki lè Jonas te ale lekòl la.

Tou pa nou

– ***[Li fraz sa a ansanm ak elèv yo.]***
– **Lekòl ap louvri demen.**
– ***[Aprè sa di :]***
– Li fraz la ankò. Aprè sa antoure **advèb tan** an.
– Kontinye fè egzèsis nan kaye nou. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Aprè sa di :]***
– Kilès ki ka li advèb li te antoure a pou mwen ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. ***[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]***

- Kilès ki gen pwoblèm nan ? _____
- Ki kote li rete ? _____
- Ki metye li ? _____
- Ki pwoblèm li genyen ? _____
- Kilès ou ka poze kesyon ankò ? _____

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 112 la pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. ***[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Apre sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]***

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **advèb tan** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Chèche konnen anvan ou jije lòt yo

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. ***[Bay elèv yo 30 segonn.]***

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.

Èske menm jan ak Rita sa konn rive nou pa wè yon jwèt nou ? Ki sa nou konn fè ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Èske nou dakò ak Maryo lè li conseye Rita pou li pa akize moun nenpòt jan ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **chema naratif**. Kilès ki ka di m sa li konnen sou **chema naratif** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Nou te di **chema naratif** la gen 5 etap. Kilès ki ka di m de premye etap nan chema naratif la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Kilès ki ka di m ki sa li konnen sou **advèb tan** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 113 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : **manda**

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a : « Enspektè a gen yon manda, li ka antre anndan kay la. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **manda**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **manda** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **manda** vle di : **lòd ekri lajistis bay pou fouye kay yon moun oswa arete yon moun**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **manda**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Premye mo a se : fouye

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a : « Polisye a fouye kay Paskal. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **fouye**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **fouye** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **fouye** vle di : **chèche byen pou jwenn yon objè yon bèt oswa yon moun.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **fouye**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè tit

Kounye a, nou pral sèvi ak tit tèks la pou nou devine sou ki sa tèks la pral pale.

[Ekri tit sa a sou tablo a : Yon bèl ankèt.]

[Aprè sa di :] Sa a se tit tèks jodi a. Li tit la ; aprè sa mande tèt ou ki sa ki pral pase nan tèks la. Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]***

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede nou konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di m ki kote yon enspektè polis travay ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***
2. Kilè nou ka di yon moun inosan ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***
3. Èske nou panse li bon pou nou mande eskiz lè nou antò ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) *[Tit : Yon bèl ankèt (suit)]*

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks naratif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Nan yon **tèks naratif**, evènman yo prezante daprè yon seri etap. Tout etap sa yo ansanm, fòme yon **chema naratif**.
3. **Chema naratif** la gen 5 etap : yon sitiyasyon inisyal, yon pwoblèm, aksyon yo, yon solisyon, yon sitiyasyon final.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 113 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. ***[Pran liv elèv la. Li tèks : « Yon bèl ankèt » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanp.]***

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki sa Paskal t ap fè jou mèkredi swa a ?
2. Ki konpòtman Paskal t ap genyen si l te pran lajan an ?
3. Pou ki sa enspektè Ogis fouye kay Seza ?
4. Finalman ki kote bwat la te ye ?
5. Ki leson enspektè Ogis bay Seza ?
6. Ki desizyon Seza pran alafen ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **fason mwen manje**. Chak fwa mwen di non yon fwi n ap mime jan yo manje fwi a. Nou pare !

Mango – Fig – Zaboka – Zoranj – Kann – Kokoye – Melon

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Kounye a, n ap fè yon aktivite sou **advèb.**

Nou dwe konnen

1. **Advèb** la bay yon enfòmasyon an plis nan fraz la.
2. Gen plizyè kalite advèb. Pami yo nou jwenn : advèb lye, advèb tan, advèb manyè ak advèb kantite.

Jodi a, n ap travay sou **advèb manyè.**

Nou dwe konnen

1. **Advèb manyè** yo sèvi pou bay enfòmasyon sou ki jan yon aksyon pase.
2. Nan lang kreyòl, prensipal **advèb manyè** yo se : byen, mal, vit, fò, ba, ansanm, poukont, eksprè, pito, konsa, dousman…

Tou pa m

– ***[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Wonèl ap travay vit. »]***
– M ap li fraz la.
– **Wonèl ap travay vit.**
– M ap souliye gwoup vèbal la.
– **Wonèl ap travay vit**.
– M ap antoure mo ki fè mwen wè ki jan Wonèl ap travay.
– **Wonèl ap travay (vit)**.
– Se mo vit ki fè mwen wè ki jan Wonèl ap travay.
– Donk mo vit se yon **advèb manyè** paske se li ki ba nou enfòmasyon sou ki jan Wonèl ap travay.

An n fè l ansanm

– Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 113 la pou nou fè egzèsis # 1 an.
– An n li fraz la.
Wonèl ap travay vit.
– An n souliye gwoup vèbal la.
Wonèl ap travay vit.
– An n antoure mo ki fè nou wè ki jan Wonèl ap travay.
Wonèl ap travay (vit).
– Se mo **vit** ki fè nou wè ki jan Wonèl ap travay.
– Donk mo **vit** se yon **advèb manyè** paske se li ki ba nou enfòmasyon sou ki jan Wonèl ap travay.

Tou pa nou

[Li fraz sa a ansanm ak elèv yo.]

Toma ap mache dousman.

– ***[Aprè sa di :]***
– Li fraz la ankò. Aprè sa antoure **advèb manyè a.**
– Kontinye fè egzèsis nan kaye nou. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Aprè sa di :]***
– Kilès ki ka li advèb li te antoure a pou mwen ?

[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzesis k ape de nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis #4 la.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li yon **kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 113 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. ***[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan poukont yo.]***

Enpòtan

[Ekri pwezi ki nan paj leson 115 liv elèv la sou tablo a. Mande elèv yo kopye li nan yon ti kaye. Aprè sa di yo pou yo byen aprann pwezi a lakay yo pou yo ka resite li nan klas la jou w ap fè leson pwezi a.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **advèb manyè a** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Chèche konnen anvan ou jije lòt yo

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon kay.
Mwen pentire ble e blan.
Mwen se yon biwo leta tou.
Mwen la pou m resevwa plent
Tout sitwayen ki gen pwoblèm.
Mwen se biwo kote tout polisye travay.
Mwen fonksyone chak jou.
Ki sa mwen ye ? ***(komisarya)***

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **chema naratif**. Kilès ki ka di m sa li konnen sou **chema naratif** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Nou te di **chema naratif** la gen 5 etap. Kilès ki ka di m de premye etap nan chema naratif la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Kilès ki ka di m ki sa li konnen sou **advèb manyè** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 114 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : inosan

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Jij Emil pa janm kondane moun ki inosan. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **inosan**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **inosan** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **inosan** vle di : **ki pa fe anyen ki mal**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **inosan**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : eskiz

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Sara mande Kati eskiz pou sa li te di a. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **eskiz**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **eskiz** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **eskiz** vle di : **sa yon moun di pou l montre li regrèt aprè li fin deranje yon lòt.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **eskiz**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Li tèks (12 minit) *[Tit : Yon bèl ankèt suit]*

Jodi a, nou pral li menm tèks naratif nou te te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Nan yon **tèks naratif**, evènman yo prezante daprè yon seri etap. Tout etap sa yo ansanm, fòme yon **chema naratif**.
3. **Chema naratif** la gen 5 etap : yon sitiyasyon inisyal, yon pwoblèm, aksyon yo, yon solisyon, yon sitiyasyon final.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 114 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Daprè ou pou ki sa enspektè a prezante kay Paskal ak manda ?
2. Èske Paskal te pè ? Pou ki sa ?
3. Èske w konn akize zanmi w san prèv ? Rakonte.
4. Èske w panse li bon pou moun akize moun san prèv ? Pou ki sa ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon ti jwèt kounye a. Li rele **plante flè**. Lè mwen di flè plante flè, n ap rete chita epi n ap bese tèt nou. Ansuit, lè m di lapli kòmanse tonbe, n ap souke kò nou. Aprè sa lè m di solèy la klere, flè a kòmanse grandi, n ap leve kanpe tou dousman epi n ap ouvè bra nou byen laj. Lè mwen di van kòmanse soufle, nou menm n ap balanse. Plis van an soufle, plis n ap balanse. lè m di van an sispann soufle, n ap chita. Nou pare ! ***[Reprann konsiy yo yon fwa pou timoun yo]***

plante flè a - lapli kòmanse tonbe - solèy la klere, flè a kòmanse grandi - van kòmanse soufle - van an soufle pi fò - li soufle, li soufle - van an sispann soufle.

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Kounye a, n ap fè yon aktivite sou **advèb**.

Nou dwe konnen

1. **Advèb** la bay yon enfòmasyon an plis nan fraz la.
2. Gen plizyè kalite advèb. Pami yo nou jwenn : advèb lye, advèb tan, advèb manyè ak advèb kantite.

Jodi a, n ap travay sou **advèb kantite.**

Nou dwe konnen

1. **Advèb kantite** a sèvi pou bay enfòmasyon sou kantite moun, bèt oswa objè.
2. Nan lang kreyòl, prensipal **advèb kantite** yo se : anpil, tout, enpe, plis, mwens...

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Wislin keyi anpil mango. »]

– M ap li fraz la.
Wislin keyi anpil mango.
– M ap souliye gwoup vèbal la.
Wislin keyi anpil mango.
– M ap antoure mo ki bay enfòmasyon sou kantite mango Wislin keyi.
Wislin keyi (anpil) mango.
– Se mo **anpil** ki ki bay enfòmasyon sou kantite mango Wislin keyi.
– Donk mo **anpil** se yon **advèb kantite** paske se li ki ki bay enfòmasyon sou kantite mango Wislin keyi.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 114 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

– An n li fraz la.
Wislin keyi anpil mango.
– An n souliye gwoup vèbal la.
Wislin keyi anpil mango.
– An n antoure mo ki bay enfòmasyon sou kantite mango Wislin keyi.
Wislin keyi (anpil) mango.
– Se mo **anpil** ki ki bay enfòmasyon sou kantite mango Wislin keyi.
Donk mo **anpil** se yon **advèb kantite** paske se li ki ki bay enfòmasyon sou kantite mango Wislin keyi.

Tou pa nou

[Li de fraz yo ansanm ak elèv yo.]
Roni kenbe plis pwason jodi a.
– ***[Aprè sa di :]***
– Li fraz la ankò. Aprè sa antoure **advèb kantite** a**.**
– Kontinye fè egzèsis nan kaye nou. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Aprè sa di :]***
– Kilès ki ka li advèb li te antoure a pou mwen ?
– ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. ***[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]***

- De ki pèsonaj yo pale ?
- Ekri kalite ak defo pèsonaj yo.
- Ki sa ki pase ?
- Ekri kèk aksyon ki fèt.
- Ki jan sa fini ?

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 114 la pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. ***[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Apre sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]***

Enpòtan

[Raple elèv yo pou yo repase pwezi yo te kopye nan ti kaye a. Di yo pou yo byen prepare li pou yo ka patisipe nan konkou pwezi semèn nan.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **advèb kantite a** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Chèche konnen anvan ou jije lòt yo

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen fèt an bwa oswa an fè.
Mwen gen fòm kare oswa rektang.
Mwen gen yon twou anlè tèt mwen.
Yo sere m toupatou : nan bifèt.
Anban kabann, nan tyana…
Yo sèvi avè m pou sere lajan.
Lè mwen plen yo kase m.
Ki sa mwen ye ? ***(kaz sekrè)***

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **chema naratif**. Kilès ki ka di m sa li konnen sou **chema naratif** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
Nou te di **chema naratif** la gen 5 etap. Kilès ki ka di m de dènye etap nan chema naratif la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
Kilès ki ka di m ki sa li konnen sou **advèb kantite** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 **Li mo kle leson an (2 minit)**

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 115 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : kachèt

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a : « Chak timoun gen kachèt pa yo lè y ap fè lago kache. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **kachèt**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **kachèt** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **kachèt** vle di : **kote yon moun al kache oswa kote yon moun sere yon objè**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kachèt**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : ekonomi

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a : « Filip sere tout ekonomi li nan yon kaz sekrè. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **ekonomi**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **ekonomi** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **ekonomi** vle di : **lajan yon moun sere pou li pa depanse li tousuit**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **ekonomi**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Gramè (5 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou advèb.

Nou dwe konnen

1. Yon **advèb** se yon mo ki plase bò kote yon lòt pou li bay plis presizyon sou sans mo a.
2. **Advèb manyè** a endike ki jan yon aksyon fèt.
3. **Advèb tan** an endike kilè yon aksyon fèt.
4. **Advèb lye** a endike ki kote yon aksyon fèt.
5. **Advèb kantite** a bay yon lide sou kantite moun, bèt oswa objè y ap pale.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tande yon fraz ki kòrèk n ap leve pous nou anlè. Lè nou tande yon fraz ki pa kòrèk n ap mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

1. Yon **advèb** se yon mo ki plase bò kote yon lòt pou li bay plis presizyon sou sans mo a.
2. **Advèb manyè** a endike ki kote yon aksyon fèt.
3. **Advèb tan** an endike ki lè yon aksyon fèt.
4. **Advèb lye** a endike ki jan yon aksyon fèt.
5. **Advèb kantite** a bay yon lide sou kantite moun, bèt oswa kantite objè

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 minit)

a. Egzèsis gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis sou **detèminan**. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 115 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral koute epi ekri kèk fraz nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 3 a. Koute fraz sa yo byen epi ekri yo kòrèkteman nan kaye nou.

Seza kouri al kay Paskal. Li mande li eskiz. Depi lè sa a, se Paskal ki toujou al depoze kòb Seza labank pou li.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 ak 5.

Aktivite 5 Li tèks (20 minit) *[Tit : Bwat sekrè]*

Tèks n ap li jodi a se yon pwezi.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwezi** se yon tèks ki itilize mo ak bèl fraz pou eksprime emosyon, lide ak santiman moun ki ekri l la.
2. Yon **emosyon** se sa ki fè yon moun santi li boulvèse oswa li kontan.
3. Yon **santiman** se sa yon moun santi anndan kè li.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 115 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Konkou pwezi

Moman konkou pwezi a rive. M ap chwazi kèk elèv pou vin resite pwezi a devan tout klas la. Pandan yon elèv devan an, tout rès klas la ap suiv san pale. ***[Aprè chak elèv fin resite pwezi a, mande elèv yo bat yon gwo bravo pou li. Aprè sa, mande kèk elèv nan klas la pou yo di sa yo panse sou jan elèv la sot resite pwezi a.]***

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki kote bwat sekrè a ye ?
2. Pou ki sa mèt li vizite l ?
3. Jwenn 2 fraz nan pwezi a ki konsidere bwat sekrè a tankou moun.
4. Èske w gen bwat sekrè ? Ki sa w fè avè l ?
5. Daprè ou èske li itil pou moun gen bwat sekrè ? Pou ki sa ?

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **advèb** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Dwa timoun yo

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. ***[Bay elèv yo 30 segonn.]***

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan bann desine a.

Èske menm jan ak Maryo nou panse yon elèv ka gen dwa pou li fè sa li vle nan lekòl li ? Pou ki sa ?

[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Rita fè Maryo konnen menm si pwofesè a pa gen dwa kale elèv yo, lekòl la toujou gen prensip pou nou respekte. Èske nou dakò ak li ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou pwezi. Kilès ki ka di m ki sa yon pwezi ye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Nou te di yon pwezi souvan eksprime santiman. Kilès ki ka di m ki sa yon santiman ye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Kilès ki ka di m ki sa li konnen sou **advèb** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 116 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye moa se : fot

1. [Ekri fraz sa a sou tablo a. « Tout elèv ka fè fot lè yo ap aprann. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]

– Leve men nou si nou konnen mo **fot**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **fot** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **fot** vle di : **erè yon moun fè**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **fot**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

B. Premye mo a se : **entèrese**

1. [Ekri fraz sa a sou tablo a. « Mèt Jak toujou entèrese elèv yo etidye. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]

– Leve men nou si nou konnen mo **entèrese**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **entèrese** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **entèrese** vle di : **ki kenbe atansyon**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **entèrese**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. ***[30 segonn]***
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. ***[30 segonn]***
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse tèks la pral pale ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]***

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede nou konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di m youn nan dwa timoun yo genyen ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***
2. Èske nou panse li bon pou pwofesè ak paran trete timoun yo byen ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) *[Tit : Timoun yo gen dwa]*

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks naratif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
2. **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.
3. **Tèks enfòmatif** la prezante aksyon oswa fenomèm ki pase nan reyalite a.
4. Nenpòt moun ka verifye **enfòmasyon** li jwenn nan yon **tèks enfòmatif**.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 116 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. ***[Pran liv elèv la. Li tèks : « Timoun yo gen dwa » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanp.]***

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Vre oswa pa vre :
   – Antoine ak Sergo se de frè.
   – Antoine ak Sergo se de vwazen.
2. Ki jwèt Gaston t ap fè ?
3. Ki sa, nan tan lontan, ki pa t fè timoun yo aprann byen malgre pwofesè yo te itilize yo ?
4. Ki sa pwofesè ak paran dwe fè pou timoun yo ?
5. Sou ki sa lwa 2001 an te pale ?
6. Ki sa Gaston aprann nan konvèsasyon an ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li **fason mwen manje**. Chak fwa mwen di non yon fwi n ap mime jan yo manje fwi a. Nou pare ! Nou pare !

Mango – Fig – Zaboka – Zoranj – Kann – Kokoye – Melon

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Kounye a, n ap fè yon aktivite sou **konpleman sikonstansyèl**.

Nou dwe konnen

1. Yon **konpleman sikonstansyèl** se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè konnen nan ki sikonstans yon aksyon fèt.
2. Gen divès kalite **konpleman sikonstansyèl** : konpleman sikonstansyèl lye, konpleman sikonstansyèl tan, konpleman sikonstansyèl manyè, konpleman sikonstansyèl koz ak plizyè lòt ankò.

Jodi a, n ap travay sou **konpleman sikonstansyèl lye.**

Nou dwe konnen

1. Yon **konpleman sikonstansyèl** lye se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè konnen ki kote yon aksyon fèt.
2. Pou nou jwenn **konpleman sikonstansyèl lye** a nan yon fraz, nou dwe poze kesyon « ki kote ? » devan gwoup sijè a. Kesyon an dwe fini nan vèb la.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Nadin ale nan sinema. »]

– M ap li fraz la : **Nadin ale nan sinema.**

– M ap souliye gwoup vèbal la

– **Nadin <u>ale nan sinema</u>.**

– ***[Aprè sa di :]***

– M ap chèche vèb la epi m ap mete **V** sou tèt li.

V

– **Nadin <u>ale nan sinema</u>**

– M ap poze kesyon :

– **Ki bò Nadin ale ?**

– M ap reponn : **Nadin ale nan sinema.**

– Se **nan sinema** Nadin ale gwoup mo **nan sinema** se yon konpleman sikonstansyèl lye **(K.S.L)** paske se li ki montre ki kote Nadin ale.

– M ap ekri fraz la ankò epi m ap mete **V** sou tèt vèb la, **K.S.L** sou tèt konpleman sikonstansyèl lye a.

V K.S.L.

– **Nadin ale nan sinema.**

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 116 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

– An n li fraz la : **Nadin ale nan sinema.**

– An n souliye gwoup vèbal la.

– **Nadin <u>ale nan sinema.</u>**

– ***[Aprè sa di :]***

– N ap chèche vèb la epi n ap mete **V** sou tèt li.

V

– **Nadin <u>ale nan sinema</u>**

– An n poze kesyon :

– **Ki bò Nadin ale ?**

– An n reponn : **Nadin ale nan sinema.**

Se nan sinema Nadin ale gwoup mo **nan sinema** se yon konpleman sikonstansyèl lye **(K.S.L)** paske se li ki montre ki kote Nadin ale.

– N ap ekri fraz la ankò epi n ap mete **V** sou tèt vèb la, **K.S.L** sou tèt konpleman sikonstansyèl lye a.

V K.S.L.

– **Nadin ale nan sinema.**

Tou pa nou

– ***[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]***

Wozlin ap kouri sou teren an.

– ***[Aprè sa di :]***

– Li fraz la ankò. Mete V sou tèt vèb la epi **K.S.L** sou tèt konpleman sikonstansyèl lye a.

– Kilès ki ka di m ki kesyon li te poze pou li jwenn konpleman sikonstansyèl lye a. ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

– Kontinye fè egzèsis nan kaye nou. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Aprè sa di :]***

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzesis k ape de nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis #4 la.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li yon kontin yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 116 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. ***[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan poukont yo.]***

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **konpleman sikonstansyèl lye** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Dwa timoun yo

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon enstitisyon leta.
Mwen se yon palè.
Men mwen pa palè kote prezidan rete.
Mwen se kote depite
Ak senatè reyini pou diskite,
Fè lwa epi vote lwa pou peyi a.
Ki sa mwen ye ? ***(palman oswa palè lejislatif)***

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **tèks enfòmatif**. Kilès ki ka di m sa li konnen sou **tèks enfòmatif** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Nou te di nenpòt moun ka verifye enfòmasyon li jwenn nan yon tèks enfòmatif. Kilès ki ka di m yon enfòmasyon li te jwenn nan yon tèks enfòmatif li verifye deja ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Kilès ki ka di m sa li konnen sou konpleman **sikonstansyèl lye** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 **Li mo kle leson an (2 minit)**

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 117 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : dwa

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Tout timoun gen dwa pou yo jwenn bon jan edikasyonl. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **dwa**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **dwa** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **dwa** vle di : **avantaj yon moun genyen epi li ka reklame**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **dwa**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : lwa

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Gen lwa ki pwoteje tout timoun kont vyolans. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **lwa** .
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **lwa** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **lwa** vle di : **règleman tout moun dwe respekte**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **lwa**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Li tèks (12 minit) *[Tit : Timoun gen dwa]*

Jodi a, nou pral li menm tèks enfòmatif nou te te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
2. **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.
3. **Tèks enfòmatif** la prezante aksyon oswa fenomèm ki pase nan reyalite a.
4. Nenpòt moun ka verifye **enfòmasyon** li jwenn nan yon **tèks enfòmatif**.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 117 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Sou ki sa tèks la bay enfòmasyon ?
2. Pou ki sa Gaston di « Erezman tan sa a ale » ?
3. Pou ki sa paran ak pwofesè dwe ankouraje timoun yo lè yo fè jefò ?
4. Daprè ou èske li bon pou timoun gen dwa ? Bay rezon an.
5. Èske ou dakò ak Gaston ki pral di pwofesè gen lwa pou timoun nan ? Pou ki sa ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **kous cheval**. Tout timoun kanpe. M ap frape tablo a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès. Nou pare ! ***[Frape tablo a, aprè sa di]*** :

Sote – Vire adwat – Vire agoch – Galope – Kanpe sèk – Aplodi

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Kounye a, n ap fè yon aktivite sou **konpleman sikonstansyèl**.

Nou dwe konnen

1. Yon **konpleman sikonstansyèl** se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè konnen nan ki sikonstans yon aksyon fèt.
2. Gen divès kalite **konpleman sikonstansyèl** : konpleman sikonstansyèl lye, konpleman sikonstansyèl tan, konpleman sikonstansyèl manyè, konpleman sikonstansyèl koz ak plizyè lòt ankò.

Jodi a, n ap travay sou **konpleman sikonstansyèl tan**.

Nou dwe konnen

1. Yon **konpleman sikonstansyèl** tan an se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè konnen ki lè yon aksyon fèt.
2. Pou nou jwenn **konpleman sikonstansyèl tan** an nan yon fraz, nou dwe poze kesyon « ki lè ? » devan gwoup sijè a. Kesyon an dwe fini nan vèb la.

Tou pa m	*An n fè l ansanm*	*Tou pa nou*
[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Zenit ap konpoze demen. »] – M ap li fraz la : **Zenit ap konpoze demen** – M ap souliye gwoup vèbal la **Zenit <u>ap konpoze demen</u>**. – ***[Aprè sa di :]*** – M ap chèche vèb la epi m ap mete **v** sou tèt li. **V** – **Zenit <u>ap konpoze demen</u>**. – M ap poze kesyon : **Kilè Zenit ap konpoze ?** – M ap reponn : **Zenit ap konpoze demen**. Se **demen** Zenit ap konpoze. Mo **demen** se yon konpleman sikonstansyèl tan **(K.S.T)** paske se li ki montre kilè Zenit ap konpoze. – M ap ekri fraz la ankò. M ap mete **V** sou tèt vèb la, **(K.S.T)** sou tèt konpleman sikonstansyèl tan an. **V K.S.T** – **Zenit ap konpoze demen.**	Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 117 la pou nou fè egzèsis # 1 an. – An n li fraz la : **Zenit ap konpoze demen** – An n souliye gwoup vèbal la **Zenit <u>ap konpoze demen</u>**. – ***[Aprè sa di :]*** – N ap chèche vèb la epi n ap mete **v** sou tèt li. **V** – **Zenit <u>ap konpoze demen</u>**. – An n poze kesyon : **Kilè Zenit ap konpoze ?** – An n reponn : **Zenit ap konpoze demen**. Se **demen** Zenit ap konpoze. Mo **demen** se yon konpleman sikonstansyèl tan **(K.S.T)** paske se li ki montre kilè Zenit ap konpoze. – N ap ekri fraz la ankò. N ap mete **V** sou tèt vèb la, **(K.S.T)** sou tèt konpleman sikonstansyèl tan an. **V K.S.T** – **Zenit ap konpoze demen.**	– ***[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]*** – **Babara te ale lopital yè.** – ***[Aprè sa di :]*** – Li fraz la ankò. Mete v sou tèt vèb la epi **K.S.T** sou tèt konpleman sikonstansyèl tan an. – Kontinye fè egzèsis nan kaye nou. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Aprè sa di :]*** – Kilès ki ka di m ki kesyon li te poze pou li jwenn konpleman sikonstansyèl tan an . – ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. ***[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]***

– Ekri enfòmasyon sou jan yo te konn sèvi ak timoun anvan lwa a vote.
– Ekri enfòmasyon ki montre kèk dwa timoun genyen

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li kèk fraz yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 117 la pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. ***[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]***

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **konpleman sikonstansyèl tan** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Dwa timoun yo

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. ***[Bay elèv yo 30 segonn.]***

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.

Èske nou panse Maryo gen rezon lè li di Rita pou li fè sa li konn fè ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Maryo di Rita chak moun gen talan pa li. Èske nou dakò ak li ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **tèks enfòmatif**. Kilès ki ka di m sa li konnen sou tèks enfòmatif ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Nou te di nenpòt moun ka verifye enfòmasyon li jwenn nan yon tèks enfòmatif. Kilès ki ka di m yon enfòmasyon li te jwenn nan yon tèks enfòmatif li verifye deja ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Kilès ki ka di m sa li konnen sou konpleman **sikonstansyèl tan** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 118 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : toutrèl

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Polo kenbe yon gwo toutrèl. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **toutrèl**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **toutrèl** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **toutrèl** vle di : **zwazo ki sanble ak pijon**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **toutrèl**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : karabann[1]

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Benita tann karabann pou li kenbe zòtolan. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **karabann**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **karabann** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **karabann** vle di : **pyèj ki gen fòm panye yo fè pou kenbe swazo**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **karabann**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. ***[30 segonn]***
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. ***[30 segonn]***
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]***

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede nou konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di m ki say o konn fè pou kenbe swazo ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***
2. Èske nou panse li enpòtan pou nou pwoteje tout bèt ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) *[Tit : Antoni ak krapo a]*

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks naratif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Nan yon **tèks naratif**, evènman yo prezante daprè yon seri etap. Tout etap sa yo ansanm, fòme yon **chema naratif**.
3. **Chema naratif** la gen 5 etap : yon sitiyasyon inisyal, yon pwoblèm, aksyon yo, yon solisyon, yon sitiyasyon final.

[1] Gen kote ann Ayiti se **kabann** yo di.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 118 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Kilès ki te kenbe pè toutrèl la ?
2. Ki sa papa Antoni te di l fè ?
3. Pa ki mwayen Antoni vle pran toutrèl yo ?
4. Kilè li deside tounen lakay li ?
5. Ki bèt Antoni pran finalman ?
6. Ki sa Antoni fè ak krapo a ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **fason mwen manje**. Chak fwa mwen di non yon fwi n ap mime jan yo manje fwi a. Nou pare !

Mango – Fig – Zaboka – Zoranj – Kann – Kokoye – Melon

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Kounye a, n ap fè yon aktivite sou **konpleman sikonstansyèl**.

Nou dwe konnen

1. Yon **konpleman sikonstansyèl** se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè konnen nan ki sikonstans yon aksyon fèt.
2. Gen divès kalite **konpleman sikonstansyèl** : konpleman sikonstansyèl lye, konpleman sikonstansyèl tan, konpleman sikonstansyèl manyè, konpleman sikonstansyèl koz ak plizyè lòt ankò.

Jodi a, n ap travay sou **konpleman sikonstansyèl manyè**.

Nou dwe konnen

1. Yon **konpleman sikonstansyèl manyè** se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè konnen ki jan yon aksyon fèt.
2. Pou nou jwenn **konpleman sikonstansyèl manyè** a nan yon fraz, nou dwe poze kesyon « ki jan ? » devan gwoup sijè a. Kesyon an dwe fini nan vèb la.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Elèv yo reponn ak sajès. »]

– M ap li fraz la : **Elèv yo reponn ak sajès.**
– M ap souliye gwoup vèbal la
– **Elèv yo *reponn ak sajès***.
– ***[Aprè sa di :]***
– M ap chèche vèb la epi m ap mete **v** sou tèt li.

V

– **Elèv yo reponn ak sajès**.
– M ap poze kesyon : **Ki jan elèv yo reponn ?**
– M ap reponn : **Elèv yo reponn ak sajès.** Se **ak sajès** elèv yo reponn gwoup mo **ak sajès** se yon konpleman sikonstansyèl manyè **(K.S.M)** paske se li ki montre jan elèv yo reponn.
– M ap ekri fraz la ankò. M ap mete **V** sou tèt vèb la, **K.S.M** sou tèt konpleman sikonstansyèl manyè a.

V K.S.M

– **Elèv yo reponn ak sajès.**

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 118 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

– An n li fraz la : **Elèv yo reponn ak sajès.**
– An n souliye gwoup vèbal la
– **Elèv yo reponn ak sajès.**
– ***[Aprè sa di :]***
– N ap chèche vèb la epi n ap mete **V** sou tèt li.

V

– **Elèv yo reponn ak sajès.**
– An n poze kesyon : **Ki jan elèv yo reponn ?**
– An n reponn : **Elèv yo reponn ak sajès.** Se **ak sajès** elèv yo reponn gwoup mo **ak sajès** se yon konpleman sikonstansyèl manyè **(K.S.M)** paske se li ki montre jan elèv yo reponn.
– N ap ekri fraz la ankò. N ap mete **V** sou tèt vèb la, **K.S.M** sou tèt konpleman sikonstansyèl manyè a.

V K.S.M

– **Elèv yo reponn ak sajès.**

Tou pa nou

– ***[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]***
– **Fito ap mache Dousman.**
– ***[Aprè sa di :]***
– Li fraz la ankò. Mete **V** sou tèt vèb la epi **K.S.M** sou tèt konpleman sikonstansyèl manyè a.
– Kilès ki ka di m ki kesyon li te poze pou li jwenn konpleman sikonstansyèl manyè a.
– ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
– Kontinye fè egzèsis nan kaye nou. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Aprè sa di :]***

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzesis k ape de nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis #4 la.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li yon kontin yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 118 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. ***[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan poukont yo.]***

Enpòtan

[Ekri pwezi ki nan paj leson 120 an liv elèv la sou tablo a. Mande elèv yo kopye li nan yon ti kaye. Aprè sa di yo pou yo byen aprann pwezi a lakay yo pou yo ka resite li nan klas la jou w ap fè leson pwezi a.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **konpleman sikonstansyèl mànyè** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Dwa timoun yo

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon bèt.
Mwen fèt nan dlo.
Lè mwen vin gwo,
Mwen al viv sou tè.
Mwen gen kat pat.
Bouch mwen laj.
Mwen gen de gwo boul je.
Mwen renmen sote.
Ki sa mwen ye ? ***(krapo)***

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **chema naratif**. Kilès ki ka di m sa li konnen sou chema naratif ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Nou te di **chema naratif** la gen 5 etap. Kilès ki ka di m twazyèm etap nan chema naratif la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Kilès ki ka di m sa li konnen sou konpleman **sikonstansyèl manyè** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 **Li mo kle leson an (2 minit)**

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 119 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : klis

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Ednè prepare klis yo pou li fè panye a. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **klis**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **klis** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **klis** vle di : **moso bwa palmis oswa banbou yo itilize pou fè kay ak lòt objè**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **klis**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : reflechi

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Wilfrid reflechi avan li pale. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **reflechi**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **reflechi** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **reflechi** vle di : **fè tèt ou travay**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **reflechi**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Li tèks (12 minit) *[Tit : Antoni ak krapo a]*

Jodi a, nou pral li menm tèks enfòmatif nou te te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Nan yon **tèks naratif**, evènman yo prezante daprè yon seri etap. Tout etap sa yo ansanm, fòme yon **chema naratif**.
3. **Chema naratif** la gen 5 etap : yon sitiyasyon inisyal, yon pwoblèm, aksyon yo, yon solisyon, yon sitiyasyon final.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 119 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Pou ki sa papa Antoni te di l fè menm jan ak Ti Jak ?
2. Daprè ou ki sa ki t ap pase nan tèt Antoni lè l t ap tounen an ?
3. Kilès nou panse Antoni pi renmen, krapo oswa toutrèl ? Pou ki sa ?
4. Si ou te nan plas Antoni, èske ou t ap renmen tounen sot lachas san toutrèl ? Pou ki sa ?
5. Ki jan ou t ap fini istwa a si yo ta di w fini l yon lòt jan ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **kous cheval**. Tout timoun kanpe. M ap frape tablo a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès. Nou pare ! ***[Frape tablo a, aprè sa di]*** :

Sote – Vire adwat – Vire agoch – Galope – Kanpe sèk – Aplodi

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Kounye a, n ap fè yon aktivite sou konpleman sikonstansyèl.

Nou dwe konnen

1. Yon **konpleman sikonstansyèl** se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè konnen nan ki sikonstans yon aksyon fèt.
2. Gen divès kalite **konpleman sikonstansyèl** : konpleman sikonstansyèl lye, konpleman sikonstansyèl tan, konpleman sikonstansyèl manyè, konpleman sikonstansyèl koz ak plizyè lòt ankò.

Jodi a, n ap travay sou **konpleman sikonstansyèl koz**.

Nou dwe konnen

1. Yon **konpleman sikonstansyèl koz** se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè konnen ki pou ki sa yon aksyon fèt.
2. Pou nou jwenn **konpleman sikonstansyèl koz** la nan yon fraz, nou dwe poze kesyon « **Ki sa ki lakoz ?** » devan gwoup sijè a. Kesyon an dwe fini nan vèb la.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Kalo reyisi paske li te byen etidye. »]

– M ap li fraz la : **Kalo reyisi paske li te byen etidye**.
– M ap souliye gwoup vèbal la
– **Kalo <u>reyisi paske li te byen etidye</u>**.
– ***[Aprè sa di :]***
– M ap chèche vèb la epi m ap mete **V** sou tèt li.

V
– **Kalo <u>reyisi paske li te byen etidye</u>**.
– M ap poze kesyon : **Ki sa ki lakoz Kalo reyisi ?**
– M ap reponn : **Kalo reyisi paske li te byen etidye**. Se paske Kalo te byen etidyeki fè li reyisi. Gwoup mo **paske li te byen etidye** se yon konpleman sikonstansyèl kòz **(K.S.K)** paske se li ki montre rezon ki lakoz Kalo reyisi.
– M ap ekri fraz la ankò. M ap mete **V** sou tèt vèb la, **K.S.K** sou tèt konpleman sikonstansyèl kòz la.

V K.S.K
– **Kalo reyisi paske li te byen etidye**

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 119 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

– M ap li fraz la : **Kalo reyisi paske li te byen etidye.**
– M ap souliye gwoup vèbal la
– **Kalo <u>reyisi paske li te byen etidye</u>**.
– ***[Aprè sa di :]***
– M ap chèche vèb la epi m ap mete **V** sou tèt li.

V
– **Kalo <u>reyisi paske li te byen etidye</u>**.
– M ap poze kesyon : **Ki sa ki lakoz Kalo reyisi ?**
– M ap reponn : **Kalo reyisi paske li te byen etidye**. Se paske Kalo te byen etidyeki fè li reyisi. Gwoup mo **paske li te byen etidye** se yon konpleman sikonstansyèl kòz **(K.S.K)** paske se li ki montre rezon ki lakoz Kalo reyisi.
– M ap ekri fraz la ankò. M ap mete **V** sou tèt vèb la, **K.S.K** sou tèt konpleman sikonstansyèl kòz la.

V K.S.K
– **Kalo reyisi paske li te byen etidye.**

Tou pa nou

– ***[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]***
– **Finèt gripe paske lapli mouye li.**
– ***[Aprè sa di :]***
– Li fraz la ankò. Mete **V** sou tèt vèb la epi **K.S.K** sou tèt konpleman sikonstansyèl koz la.
– Kilès ki ka di m ki kesyon li te poze pou li jwenn konpleman sikonstansyèl koz la.
– ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
– Kontinye fè egzèsis nan kaye nou. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Aprè sa di :]***

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. ***[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]***

- De ki pèsonaj yo pale nan tèks la ?
- Ki kote Antoni ye ?
- Ki sa ki pase ?
- Ki sa Antoni fè aprè ?
- Ki jan sa fini ?

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li kèk fraz yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 119 la pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. ***[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]***

Enpòtan

[Raple elèv yo pou yo repase pwezi yo te kopye nan ti kaye a. Di yo pou yo byen prepare li pou yo ka patisipe nan konkou pwezi semèn nan.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **konpleman sikonstansyèl koz** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Dwa timoun yo

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon lekòl.
Mwen pa yon lèkol segondè.
Mwen pa yon lekòl primè non plis.
Mwen se yon lekòl pou timoun piti.
Mwen aprann yo chante, jwe ak li.
Lè timoun yo anndan mwen yo kontan.
Ki sa mwen ye ? ***(preskolè)***

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **chema naratif**. Kilès ki ka di m sa li konnen sou chema naratif ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Nou te di **chema naratif** la gen 5 etap. Kilès ki ka di m twazyèm etap nan chema naratif la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Kilès ki ka di m sa li konnen sou konpleman **sikonstansyèl koz** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 120 an. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : edikasyon

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Edikasyon se pi gwo byen. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **edikasyon**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **edikasyon** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **edikasyon** vle di : **aksyon kote granmoun ap fòme epi enstwi timoun**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **edikasyon**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : Ankadre

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Paran ak pwofesè dwe ankadre tout timoun. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **ankadre**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **ankadre** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **ankadre** vle di : **sipòte, ede yon moun nan sa l ap fè**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **ankadre**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Gramè (5 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou **konpleman sikonstansyèl**.

Nou dwe konnen

1. Yon **konpleman sikonstansyèl** se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè konnen nan ki sikonstans yon aksyon fèt.
2. Gen divès kalite **konpleman sikonstansyèl** : konpleman sikonstansyèl lye, konpleman sikonstansyèl tan, konpleman sikonstansyèl manyè, konpleman sikonstansyèl koz ak plizyè lòt ankò.
3. Yon **konpleman sikonstansyèl lye** se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè konnen ki kote yon aksyon fèt.
4. Yon **konpleman sikonstansyèl tan** se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè konnen ki lè yon aksyon fèt.
5. Yon **konpleman sikonstansyèl manyè** se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè konnen ki jan yon aksyon fèt.
6. Yon **konpleman sikonstansyèl koz** se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè konnen ki sa ki lakoz yon aksyon fèt.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tande yon fraz ki kòrèk n ap leve pous nou anlè. Lè nou tande yon fraz ki pa kòrèk mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

– Yon **konpleman sikonstansyèl** se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè konnen nan ki sikonstans yon aksyon fèt.
– Yon **konpleman sikonstansyèl lye** se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè konnen ki jan yon aksyon fèt.
– Yon **konpleman sikonstansyèl tan** se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè konnen ki kote yon aksyon fèt.
– Yon **konpleman sikonstansyèl manyè** se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè konnen ki lè yon aksyon fèt.
– Yon **konpleman sikonstansyèl koz** se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè konnen ki sa ki lakoz yon aksyon fèt.

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 minit)

a. Egzèsis gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis sou detèminan. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 120 an pou nou fè egzèsis # 1 an. ***[Montre elèv yo jan gimè yo fèt anvan ou kontinye.]***

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral koute epi ekri kèk fraz nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 3 a. Koute fraz sa yo byen epi ekri yo kòrèkteman nan kaye nou.

Sou wout la, yon bèl krapo vòltije devan li. Antoni sezi wè gwosè krapo a. Li renmen gwosè je krapo a. Li ranmase l ak de men. Li fèmen krapo a nan men li pou li pa sove.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 ak 5.

Aktivite 5 Li tèks (20 minit) *[Tit : Dwa pa m]*

Tèks n ap li jodi a se yon pwezi.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwezi** se yon tèks ki itilize mo ak bèl fraz pou eksprime emosyon, lide ak santiman moun ki ekril la.
2. Yon **emosyon** se sa ki fè yon moun santi li boulvèse oswa li kontan.
3. Yon **santiman** se sa yon moun santi anndan kè li.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 120 an pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Konkou pwezi

Moman konkou pwezi a rive. M ap chwazi kèk elèv pou vin resite pwezi a devan tout klas la. Pandan yon elèv devan an, tout rès klas la ap suiv san pale. ***[Aprè chak elèv fin resite pwezi a, mande elèv yo bat yon gwo bravo pou li. Aprè sa, mande kèk elèv nan klas la pou yo di sa yo panse sou jan elèv la sot resite pwezi a.]***

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Site twa dwa timoun genyen daprè tèks la.
2. Ki sa yo pa dwe fè timoun ?
3. Èske sa dwe fèt pou yo maltrete timoun ? Pou ki sa ?
4. Kilès ki dwe fè respekte dwa timoun nan yon peyi ?
5. Si w t ap defann tout timoun ki sa ou t ap di ?

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **konpleman sikonstansyèl** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Chak moun gen entelijans pa yo

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. ***[Bay elèv yo 30 segonn.]***

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.

Èske nou panse Maryo saj lè li di Rita li pi entelijan pase li ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Èske Rita gen rezon lè li di chak moun entelijan nan sa li konn fè ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou pwezi. Kilès ki ka di m ki sa yon pwezi ye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Nou te di yon pwezi souvan eksprime emosyon. Kilès ki ka di m ki sa yon emosyon ye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Kilès ki ka di m sa li konnen sou **konpleman sikonstansyèl** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 121 an. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : santinèl

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Gen yon santinèl devan baryè a. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **santinèl**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **santinèl** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **santinèl** vle di : **moun ki kanpe devan baryè yon kay pou siveye antre kay la.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **santinèl**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : nouvèl

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Nola kontan paske li jwenn yon bon nouvèl. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **nouvèl**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **nouvèl** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **nouvèl** vle di : **enfòmasyon yo bay yon moun ki pa t okouran**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **nouvèl**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. ***[30 segonn]***
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. ***[30 segonn]***
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]***

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede nou konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di m ki lè kòk chante pi plis ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***
2. Kilès ki ka di m ki lè yon moun entelijan ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) *[Tit : Konpè kòk ak mesye Rena]*

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks naratif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Yon **tèks naratif** toujou genyen yon **naratè**.
3. Se **naratè** a ki rakonte tout sa ki pase nan istwa a.
4. Pafwa **naratè** a se yon pèsonaj nan istwa a, pafwa li pa yon pèsonaj nan istwa a.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 121 an pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. ***[Pran liv elèv la, ale nan paj leson. Li tèks : « Konpè Kòk ak mesye Rena » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanp.]***

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Site non pèsonaj ki nan tèks la.
2. Ki kote yo te ye ?
3. Ki sa Rena te di Kòk la ?
4. Ki nouvèl Kòk la te aprann li ?
5. Pou ki sa Rena pa ret tann Kòk la desann ?
6. Ki reyaksyon Kòk la te genyen ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **fason mwen manje**. Chak fwa mwen di non yon fwi n ap mime jan yo manje fwi a. Nou pare !

Mango – Fig – Zaboka – Zoranj – Kann – Kokoye – Melon

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou **pwonon pèsonèl**.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwonon pèsonèl** se yon mo ki ka ranplase yon non oubyen yon gwoup non.
2. Nan lang kreyòl, **pwonon pèsonèl** yo se : **mwen, ou, li, nou, yo**.
3. Lè **pwonon pèsonèl** la plase anvan vèb la, li jwe wòl sijè nan fraf la.
4. Lè **pwonon pèsonèl** plase aprè vèb la, li jwe wòl konpleman.

Kounye a, nou pral travay sou **pwonon pèsonèl mwen**.

Tou pa m

[Ekri fraz sa yo sou tablo a konsa : « Jewòm di : « Mwen kontan ! Antrenè a chwazi mwen pou kapitèn ekip la. »]

– M ap li fraz yo :
– **Jewòm di : « Mwen kontan ! Antrenè a chwazi mwen pou kapitèn ekip la. »**
– ***[Aprè sa di :]***
– M ap pase yon trè anba non moun ki nan premye fraz la.
– **Jewòm di : « Mwen kontan ! Antrenè a chwazi mwen pou kapitèn ekip la. »**
– Gen yon mo ki ranplase non mwen te souliye nan premye fraz la (**Jewòm**). Se mo **mwen**. M ap pase de trè anba mo mwen tout kote **mwen** wè l.
– **Jewòm di : « Mwen kontan ! Antrenè a chwazi mwen pou kapitèn ekip la. »**
– Mo **mwen** an se yon pwonon pèsonèl paske li ranplase yon non (**Jewòm**).
– Sonje, lè pwonon pèsonèl la plase anvan vèb la, li jwe wòl sijè nan fraf la. Lè li plase aprè vèb la, li jwe wòl konpleman.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 121 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

– An n li fraz yo :
– **Jewòm di : « Mwen kontan ! Antrenè a chwazi mwen pou kapitèn ekip la. »**
– ***[Aprè sa di :]***
– An n pase yon trè anba non moun ki nan premye fraz la.
– **Jewòm di : « Mwen kontan ! Antrenè a chwazi mwen pou kapitèn ekip la. »**
– Gen yon mo ki ranplase non nou te souliye nan premye fraz la (**Jewòm**). Se mo **mwen**. An n pase de trè anba mo **mwen** tout kote nou wè l.
– **Jewòm di : « Mwen kontan ! Antrenè a chwazi mwen pou kapitèn ekip la. »**
– Mo **mwen** an se yon pwonon pèsonèl paske li ranplase yon non (**Jewòm**).
– Sonje, lè pwonon pèsonèl la plase anvan vèb la, li jwe wòl sijè nan fraf la. Lè li plase aprè vèb la, li jwe wòl konpleman.

Tou pa nou

[Li fraz sa yo ansanm ak elèv yo.]

Pòl reponn Jewòm : « Mwen felisite w ! Ou ka konte sou mwen. »

[Aprè sa di :]

– Pase yon trè anba non moun ki nan premye fraz la. ***[Bay elèv yo 30 segonn aprè sa di :]***
– Kilès ki ka di m ki non li te souliye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
– ***[Di :]*** Pase de trè anba pwonon pèsonèl ki ranplase non nou te souliye a (**Pòl**) tout kote nou wè pwonon an.
– Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzesis k ape de nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis #4 la.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 121 an pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. ***[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]***

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **pwonon pèsonèl** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ?
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Chak moun gen entelijans pa yo

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon bèt volay.
Mwen gen Zepon long.
Mwen gen yon krèp wouj sou tèt mwen.
Mwen chante chak maten.
Lè mwen chante
Tout moun konnen li jou.
Ki sa mwen ye ? ***(Kòk)***

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te di yon tèks naratif toujou gen yon **naratè**. Kilès ki ka di m sa li konnen sou wòl **naratè** a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
Kilès ki ka di m sa li konnen sou **pwonon pèsonèl** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 122 a. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : rena

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « rena se yon bèt ki gen anpil riz. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **rena**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **rena** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **rena** vle di : **bèt sovaj ki soti nan menm ras ak chen. Li gen bouch pwenti, zòrèy kanpe epi ke li chaje ak plim**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **rena**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : entelijans

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Mèt Pòl apresye elèv yo pou entelijans yo. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **entelijans**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **entelijans** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **entelijans** vle di : **kapasite yon moun genyen pou l konprann ak reflechi byen**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **entelijans**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Li tèks (12 minit) *[Tit : Konpè Kòk ak mesye Rena]*

Jodi a, nou pral li menm tèks naratif nou te te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen
1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Yon **tèks naratif** toujou genyen yon **naratè**.
3. Se **naratè** a ki rakonte tout sa ki pase nan istwa a.
4. Pafwa **naratè** a se yon pèsonaj nan istwa a, pafwa li pa yon pèsonaj nan istwa a.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 122 a pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Kilès nan pèsonaj yo ou pi renmen ? Pou ki sa ?
2. Ki sa k fè Kòk la pa kwè Rena ?
3. Pou ki sa Kòk la pale de ti lapen yo ?
4. Daprè ou pou ki sa Rena pa rete tann Kòk la desann ?
5. Èske nou panse Kòk la entelijan ? Pou ki sa ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **kous cheval**. M ap frape tablo a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès. Nou pare ! ***[Frape tablo a, aprè sa di]*** :

Sote – Vire adwat – Vire agoch – Galope – Kanpe sèk – Aplodi

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou **pwonon pèsonèl**.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwonon pèsonèl** se yon mo ki ka ranplase yon non oubyen yon gwoup non.
2. Nan lang kreyòl, **pwonon pèsonèl** yo se : **mwen, ou, li, nou, yo**.
3. Lè **pwonon pèsonèl** la plase anvan vèb la, li jwe wòl sijè nan fraf la.
4. Lè **pwonon pèsonèl** plase aprè vèb la, li jwe wòl konpleman.

Kounye a, nou pral travay sou **pwonon pèsonèl ou**.

Tou pa m

[Ekri fraz sa yo sou tablo a konsa : Sizèt di Remond : « Ou jwe oslè byen ! M ap ba ou senk bèl grenn oslè. »]

– M ap li fraz yo :
– **Sizèt di Remond : « Ou jwe oslè byen ! M ap ba ou senk bèl grenn oslè. »**
– ***[Aprè sa di :]***
– M ap pase yon trè anba dezyèm non moun ki nan premye fraz la.
– **Sizèt di Remond : « Ou jwe oslè byen ! M ap ba ou senk bèl grenn oslè. »**
– Gen yon mo ki ranplase non mwen te souliye nan premye fraz la (**Remond**). Se mo ou. M ap pase de trè anba mo ou tout kote mwen wè l.
– **Sizèt di Remond : « Ou jwe oslè byen ! M ap ba ou senk bèl grenn oslè. »**
– Mo **ou** a se yon pwonon pèsonèl paske li ranplase yon non (**Remond**).
– Sonje, lè pwonon pèsonèl la plase anvan vèb la, li jwe wòl sijè nan fraf la. Lè li plase aprè vèb la, li jwe wòl konpleman.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 122 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

– An n li fraz yo:
– **Sizèt di Remond : « Ou jwe oslè byen ! M ap ba ou senk bèl grenn oslè. »**
– ***[Aprè sa di :]***
– An n pase yon trè anba dezyèm non moun ki nan premye fraz la.
– **Sizèt di Remond : « Ou jwe oslè byen ! M ap ba ou senk bèl grenn oslè. »**
– Gen yon mo ki ranplase non nou te souliye nan premye fraz la (**Remond**). Se mo ou. An n pase de trè anba mo ou tout kote nou wè l.
– **Sizèt di Remond : « Ou jwe oslè byen ! M ap ba ou senk bèl grenn oslè. »**
– Mo **ou** a se yon pwonon pèsonèl paske li ranplase yon non (**Remond**).
– Sonje, lè pwonon pèsonèl la plase anvan vèb la, li jwe wòl sijè nan fraf la. Lè li plase aprè vèb la, li jwe wòl konpleman.

Tou pa nou

[Li fraz sa yo ansanm ak elèv yo.]

Remond reponn Sisèt : « Ou se yon bon zanmi ! M ap di ou mèsi anpil. »

[Aprè sa di :]

– Pase yon trè anba dezyèm non moun ki nan premye fraz la. ***[Bay elèv yo 30 segonn aprè sa di :]***
– Kilès ki ka di m ki non li te souliye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
– ***[Di :]*** Pase de trè anba pwonon pèsonèl ki ranplase non nou te souliye a (**Sizèt**) tout kote nou wè pwonon an.
– Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. ***[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]***

Ou ta renmen ekri yon istwa sou konpè Chen ak konpè Chat. Ekri kèk enfòmasyon nan kaz yo.

- Ki tit nou vle bay istwa a ?
- Kalite ak defo konpè chat.
- Kalite ak defo konpè chen.
- Ki kote yo ye ?
- Ki pwoblèm yo genyen ?
- Ki sa yo fè ?
- Kòman sa fini ?

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 122 a pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. ***[Li fraz yo pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz yo pou kont yo.]***

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **pwonon pèsonèl** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Chak moun gen entelijans pa yo

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. ***[Bay elèv yo 30 segonn.]***
Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.
Èske jan Maryo reponn nan nou panse li konnen Silvyo Cator ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
Èske nou dakò ak Rita lè li di nou dwe konnen ayisyen ki te fè valè peyi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Rapèl

Nan dènye leson an nou te di yon tèks naratif toujou gen yon **naratè**. Kilès ki ka di m sa li konnen sou wòl **naratè** a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
Kilès ki ka di m sa li konnen sou **pwonon pèsonèl** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 123 a. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : atlèt

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Silvyo Cator se yon gwo atlèt ayisyen. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **atlèt**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **atlèt** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **atlèt** vle di : **moun ki pratike yon espò epi ki abitye patisipe nan konpetisyon**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **atlèt**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : meday

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Ekip Lizati a resevwa yon meday. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **meday**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **meday** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **meday** vle di : **moso metal ki gen fòm won yo prepare pou mete nan kou yon atlèt aprè li fin genyen nan yon konpetisyon**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **meday**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè tit

Kounye a, nou pral sèvi ak tit tèks la pou nou devine sou ki sa tèks la pral pale.

[Ekri tit sa a sou tablo a : Yon atlèt modèl.]

[Aprè sa di :] Sa a se tit tèks jodi a. Li tit la ; aprè sa mande tèt ou ki sa ki pral pase nan tèks la. Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]***

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede nou konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di m pou ki sa yo konn bay moun meday ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***
2. Èske nou panse li bon pou leta ankadre moun k ap fè espò ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) *[Tit : Yon atlèt modèl]*

Tèks nou pral li jodi a se yon tèks **biyografi**.

Nou dwe konnen

1. Yon **biyografi** se yon tèks ki rakonte istwa lavi yon moun. Li rakonte sa moun nan fè pandan l ap viv.
2. Nan yon **biyografi**, otè a pale de karaktè moun nan, de tanperaman moun nan ak eksperyans moun nan fè nan lavi li.
3. Lè se moun nan ki rakonte pwòp lavi pa li, yo rele tèks la **otobiyigrafi**.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 123 a pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. ***[Pran liv elèv la. Li tèks : « Yon atlèt modèl » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanp.]***

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Kilès Silvio Cator te ye ?
2. Ki kote l te fèt ?
3. Ki espò li te fè Jamayik ?
4. Kilè ak ki kote li te resevwa meday ajan an ?
5. Ki rekò dimonn li te bat ?
6. Pou ki sa moun Pòtoprens te bali kado ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **fason mwen manje**. Chak fwa mwen di non yon fwi n ap mime jan yo manje fwi a. Nou pare !

Mango – Fig – Zaboka – Zoranj – Kann – Kokoye – Melon

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou **pwonon pèsonèl**.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwonon pèsonèl** se yon mo ki ka ranplase yon non oubyen yon gwoup non.
2. Nan lang kreyòl, **pwonon pèsonèl** yo se : **mwen, ou, li, nou, yo**.
3. Lè **pwonon pèsonèl** la plase anvan vèb la, li jwe wòl sijè nan fraf la.
4. Lè **pwonon pèsonèl** plase aprè vèb la, li jwe wòl konpleman.

Kounye a, nou pral travay sou **pwonon pèsonèl li**.

Tou pa m

[Ekri fraz sa yo sou tablo a konsa : « Wozmon se yon bòs ebenis. Li travay byen. Michèl mennen li sou chantye a. »]

– M ap li fraz yo :
– **Wozmon se yon bòs ebenis. Li travay byen. Michèl mennen li sou chantye a.**
– ***[Aprè sa di :]***
– M ap pase yon trè anba non moun ki nan premye fraz la.
– **Wozmon se yon bòs ebenis. Li travay byen. Michèl mennen li sou chantye a.**
– Gen yon mo ki ranplase non mwen te souliye nan premye fraz la (**Wozmon**) nan de lòt fraz yo. Se mo li. M ap pase de trè anba mo li tout kote mwen wè l.
– **Wozmon se yon bòs ebenis. Li travay byen. Michèl mennen li sou chantye a.**
– Mo **li** a se yon pwonon pèsonèl paske li ranplase yon non (**Wozmon**).
– Sonje, lè pwonon pèsonèl la plase anvan vèb la, li jwe wòl sijè nan fraf la. Lè li plase aprè vèb la, li jwe wòl konpleman.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 123 a pou nou fè egzèsis # 1 an.

– An n li fraz yo :
– **Wozmon se yon bòs ebenis. Li travay byen. Michèl mennen li sou chantye a.**
– ***[Aprè sa di :]***
– An n pase yon trè anba non moun ki nan premye fraz la.
– **Wozmon se yon bòs ebenis. Li travay byen. Michèl mennen li sou chantye a.**
– Gen yon mo ki ranplase non mwen te souliye nan premye fraz la (**Wozmon**) nan de lòt fraz yo. Se mo li. An n pase de trè anba mo li tout kote mwen wè l.
– **Wozmon se yon bòs ebenis. Li travay byen. Michèl mennen li sou chantye a.**
– Mo **li** a se yon pwonon pèsonèl paske li ranplase yon non (**Wozmon**).
– Sonje, lè pwonon pèsonèl la plase anvan vèb la, li jwe wòl sijè nan fraf la. Lè li plase aprè vèb la, li jwe wòl konpleman.

Tou pa nou

[Li fraz sa yo ansanm ak elèv yo.]

Dede gen yon kabrit. Li renmen manje zèb. Dede mennen li nan jaden chak jou.

[Aprè sa di :]

– Pase yon trè anba non bèt ki nan premye fraz la. ***[Bay elèv yo 30 segonn aprè sa di :]***
– Kilès ki ka di m ki non li te souliye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
– ***[Di :]*** Pase de trè anba pwonon pèsonèl ki ranplase non nou te souliye a (**kabrit**) tout kote nou wè pwonon an.
– Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzesis k ape de nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis #4 la.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 123 a pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. ***[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]***

Enpòtan

[Ekri pwezi ki nan paj leson 125 nan liv elèv la sou tablo a. Mande elèv yo kopye li nan yon ti kaye. Aprè sa di yo pou yo byen aprann pwezi a lakay yo pou yo ka resite li nan klas la jou w ap fè leson pwezi a.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **pwonon pèsonèl konpleman an** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Chak moun gen entelijans pa yo

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon gwo espas.
Mwen anpil plas pou moun chita.
Mwen gen gwo limyè ki klere leswa.
Mwe se kote ki ka resevwa
gwo match foutbòl.
Ki sa mwen ye ? ***(Estad)***

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **biyografi**. Kilès ki ka di m sa li konnen sou **biyografi** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Nou te pale tou sou **otobiyografi**. Kilès ki ka di m sa li sonje sou **otobiyografi** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Kilès ki ka di m ki bò yon **pwonon pèsonèl konpleman** plase nan yon fraz ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 124 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.]***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : ranpòte

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Ekip chanbelan an ranpòte chanpyona a. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **ranpòte**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **ranpòte** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **ranpòte** vle di : **genyen nan yon konpetisyon oswa nan yon konkou**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **ranpòte**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : kotize

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Elèv yo kotize pou yo fè yon bèl fèt pou mèt la. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **kotize**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **kotize** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **kotize** vle di : **mete kòb ansanm pou ka reyalize yon aktivite**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kotize**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Li tèks (12 minit) *[Tit : Yon atlèt modèl]*

Jodi a, nou pral li menm tèks biyografi nou te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

1. Yon **biyografi** se yon tèks ki rakonte istwa lavi yon moun. Li rakonte sa moun nan fè pandan l ap viv.
2. Nan yon **biyografi**, otè a pale de karaktè moun nan, de tanperaman moun nan ak eksperyans moun nan fè nan lavi li.
3. Lè se moun nan ki rakonte pwòp lavi pa li, yo rele tèks la **otobiyigrafi**.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 124 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki pi gwo atlèt nou genyen jis jounen jodi a ann Ayiti ?
2. Pou ki sa li pa t kòmanse fè espò ann Ayiti ?
3. Èske pèp ayisyen te gen rezon pou yo kontan ?
4. Ki espò ou pratike ? Pou ki sa ?
5. Èske w dakò pou estad la gen non Sylvio Cator ? Pou ki rezon ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **kous cheval**. M ap frape tablo a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès. Nou pare ! ***[Frape tablo a, aprè sa di]*** :

Sote – Vire adwat – Vire agoch – Galope – Kanpe sèk – Aplodi

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou **pwonon pèsonèl**.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwonon pèsonèl** se yon mo ki ka ranplase yon non oubyen yon gwoup non.
2. Nan lang kreyòl, **pwonon pèsonèl** yo se : **mwen, ou, li, nou, yo**.
3. Lè **pwonon pèsonèl** la plase anvan vèb la, li jwe wòl sijè nan fraf la.
4. Lè **pwonon pèsonèl** plase aprè vèb la, li jwe wòl konpleman.

Kounye a, nou pral travay sou **pwonon pèsonèl yo**.

Tou pa m

[Ekri fraz sa yo sou tablo a konsa : « Wozlò ak Jinèt se bon zanmi. Yo fè espò ansanm. Monitè a ede yo. »]

– M ap li fraz yo :
– **Wozlò ak Jinèt se bon zanmi. Yo fè espò ansanm. Monitè a ede yo.**
– ***[Aprè sa di :]***
– M ap pase yon trè anba toulède non moun ki nan premye fraz la.
– **Wozlò ak Jinèt se bon zanmi. Yo fè espò ansanm. Monitè a ede yo.**
– Gen yon mo ki ranplase non mwen te souliye nan premye fraz la (**Wozlò ak Jinèt**). Se mo **yo**. M ap pase de trè anba mo **yo** tout kote mwen wè l.
– **Wozlò ak Jinèt se bon zanmi. Yo fè espò ansanm. Monitè a ede yo.**
– Mo **yo** a se yon pwonon pèsonèl paske li ranplase de non (**Wozlò ak Jinèt**).
– Sonje, lè pwonon pèsonèl la plase anvan vèb la, li jwe wòl sijè nan fraf la. Lè li plase aprè vèb la, li jwe wòl konpleman.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 124 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

– An n li fraz yo :
– **Wozlò ak Jinèt se bon zanmi. Yo fè espò ansanm. Monitè a ede yo.**
– ***[Aprè sa di :]***
– An n pase yon trè anba dezyèm non moun ki nan premye fraz la.
– **Wozlò ak Jinèt se bon zanmi. Yo fè espò ansanm. Monitè a ede yo.**
– Gen yon mo ki ranplase non nou te souliye nan premye fraz la (**Wozlò ak Jinèt**). Se mo **yo**. An n pase de trè anba mo **yo** tout kote nou wè l.
– **Wozlò ak Jinèt se bon zanmi. Yo fè espò ansanm. Monitè a ede yo.**
– Mo **yo** a se yon pwonon pèsonèl paske li ranplase yon non (**Wozlò ak Jinèt**).
– Sonje, lè pwonon pèsonèl la plase anvan vèb la, li jwe wòl sijè nan fraf la. Lè li plase aprè vèb la, li jwe wòl konpleman.

Tou pa nou

[Li fraz sa yo ansanm ak elèv yo.]

Jilyen ak Manno renmen etidye. Yo fè devwa yo chak jou. Mèt la felisite yo.

– ***[Aprè sa di :]***
– Pase yon trè anba dezyèm non moun ki nan premye fraz la. ***[Bay elèv yo 30 segonn aprè sa di :]***
– Kilès ki ka di m ki non li te souliye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
– ***[Di :]*** Pase de trè anba pwonon pèsonèl ki ranplase non nou te souliye a (**Jilyen ak Manno**) tout kote nou wè pwonon an.
– Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. ***[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]***

- Nasyonalite Sylvio Cator _____
- Li fèt nan vil _____
- Li fèt nan lane _____
- Li mouri nan lane _____
- Li te renmen fè espò tankou _____
- Li patisipe nan je _____
- Li te gen pi gwo vitwa li nan lane _____

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 124 la pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. ***[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]***

Enpòtan

[Raple elèv yo pou yo repase pwezi yo te kopye nan ti kaye a. Di yo pou yo byen prepare li pou yo ka patisipe nan konkou pwezi semèn nan.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **pwonon pèsonèl** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Chak moun gen entelijans pa yo

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon plant.
Mwen donnen nan marekaj.
Lè mwen pare, yo keyi m.
Ansuit yo seche m.
Lè mwen sèch yo pile m
Oswa yo moulen m.
Yo manje m plizyè fason.
Ak sòs pwa, ak legim, kole ak pwa…
Ki sa mwen ye ? *(Diri)*

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **biyografi**. Kilès ki ka di m sa li konnen sou **biyografi** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Nou te pale tou sou **otobiyografi**. Kilès ki ka di m sa li sonje sou **otobiyografi** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Kilès ki ka di m ki bò yon **pwonon pèsonèl konpleman** plase nan yon fraz ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 **Li mo kle leson an (2 minit)**

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 125 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : pari

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Ana ak Filomèn kase yon pari sou match la. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **pari**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **pari** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **pari** vle di : **jwèt kote plizyè moun mize lajan yo pou yo ka genyen**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **pari**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : barik

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Olimèn achte plizyè barik diri. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **barik**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **barik** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **barik** vle di : **gwo veso ki fèt an bwa ki sèvi pou konsève rekòt jaden tankou mayi, diri, pitimi…**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **barik**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Gramè (5 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou konpleman pwonon.

Nou dwe konnen

1. **Yon pwonon** se yon mo ki ka ranplase yon non oubyen ton gwoup non.
2. **Pwonon pèsonèl** yo se : **mwen, ou, li, nou, yo.**
3. Yon **pwonon pèsonèl sijè** toujou plase devan yon vèb.
4. Yon **pwonon pèsonèl konpleman** toujou plase dèyè yon vèb.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tande yon fraz ki kòrèk, n ap leve pous nou anlè. Lè nou tande yon fraz ki pa kòrèk n ap mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

– Pwonon pèsonèl yo se mo ki ka ranplase yon non nan yon fraz.
– Pwonon pèsonèl yo se mo ki ka ranplase yon vèb nan yon fraz.
– Yon pwonon pèsonèl sijè toujou plase dèyè yon vèb.
– Yon pwonon pèsonèl konpleman toujou plase dèyè yon vèb.
– Yon pwonon pèsonèl sijè toujou plase devan yon vèb.

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 minit)

a. Egzèsis gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis sou **detèminan**. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 125 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral koute epi ekri kèk fraz nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 3 a. Koute fraz sa yo byen epi ekri yo kòrèkteman nan kaye nou.

Men, pi bèl viktwa Silvyo Cator janm ranpòte se jou kite 9 sektanm 1928, nan vil Pari, kapital peyi Lafrans, kote li te bat rekò dimonn nan so anwotè. Li te fè yon so ki mezire 7m93. Se pa ti kontan pèp Ayisyen te kontan.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 ak 5.

Aktivite 5 Li tèks (20 minit) *[Tit : Bwat sekrè]*

Tèks n ap li jodi a se yon pwezi.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwezi** se yon tèks ki ekri an **vè**.
2. Yon **vè** se yon gwoup mo ki sou menm liy nan pwezi a.
3. Chak **vè** dwe ekri sou yon liy pou kont li.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 125 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Konkou pwezi

Moman konkou pwezi a rive. M ap chwazi kèk elèv pou vin resite pwezi a devan tout klas la. Pandan yon elèv devan an, tout rès klas la ap suiv san pale. ***[Aprè chak elèv fin resite pwezi a, mande elèv yo bat yon gwo bravo pou li. Aprè sa, mande kèk elèv nan klas la pou yo di sa yo panse sou jan elèv la sot resite pwezi a.]***

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. De kilès yo pale ?
2. Ki sa Bouki ak Ti Mari t ap fè ?
3. Ki sa Ti malis pwopoze yo ?
4. Pou ki sa moun yo te pran kouri ?
5. Èske sa k rive a komik ? Pou ki sa ?

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou itilizasyon **pwonon pèsonèl** yo ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Envansyon pou kominike ak deplase

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. ***[Bay elèv yo 30 segonn.]***

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.

Èske nou panse Maryo te gen dwa pa konnen selilè toujou ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Èske nou panse li bon lè Rita apresye telefòn mamit Maryo fè a ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Rapèl

Nan dènye leson an nou te di yon pwezi se yon tèks ki ekri an **vè**. Kilès ki ka di m ki sa yon **vè** ye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Èske nou panse de **vè** ka ekri sou menm liy ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Kilès ki ka di m sa li konnen sou **pwonon pèsonèl** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 126 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : kominike

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Direktè a bay yon kominike pandan rekreyasyon an. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **kominike**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **kominike** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **kominike** vle di : **enfòmasyon enpòtan yon responsab fè pase nan laprès pou mete tout moun okouran**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kominike**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : entènèt

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Elèv yo ap fè rechèch sou entènèt. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **entènèt**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **entènèt** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **entènèt** vle di : **mwayen kominikasyon kote plizyè òdinatè konekte youn ak lòt pou pèmèt enfòmasyon yo sikile**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **entènèt**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. ***[30 segonn]***
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. ***[30 segonn]***
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse tèks la pral pale ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]***

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede nou konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di m ki sa moun konn fè ak telefòn ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***
2. Èske nou panse telefòn enpòtan ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) *[Tit : Kominikasyon nan peyi d Ayiti]*

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks enfòmatif**.

Nou dwe konnen
1. Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
2. **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.
3. **Tèks enfòmatif** la prezante aksyon oswa fenomèm ki pase nan reyalite a.
4. Nenpòt moun ka verifye **enfòmasyon** li jwenn nan yon **tèks enfòmatif**.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 126 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. ***[Pran liv elèv la. Li tèks : « Kominikasyon nan peyi d Ayiti » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanp.]***

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon
1. Kilès k ap fè konvèsasyon an ?
2. Sou ki sa yo t ap pale ?
3. Ki jan telefòn lontan yo te ye ?
4. Ki sa ki genyen kounye a ki pèmèt moun kominike pi fasil pi vit ?
5. Ki jan moun lontan yo te konn kominike lè gen ijans ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **fason mwen manje**. Chak fwa mwen di non yon fwi n ap mime jan yo manje fwi a. Nou pare !

Mango – Fig – Zaboka – Zoranj – Kann – Kokoye – Melon

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou **kontraksyon**.

Nou dwe konnen
1. Nou pale de **kontraksyon** lè yon mo pèdi youn oubyen plizyè nan son li yo.
2. Lè nou itilize **kontraksyon** nan yon mo, nou li mo a pi vit.

Jodi a, n ap travay sou **kontraksyon mo li**.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Manman Vyolèt ba li yon liv. »]

– M ap li fraz la.
Manman Vyolèt ba li yon liv.
[Ekri fraz la konsa kounye a.]
Manman Vyolèt ba l yon liv.
[Li fraz la, epi di :]
Manman Vyolèt ba l yon liv.
– Gen yon mo ki chanje nan fraz la. Se mo « **li** ». Mo sa a pèdi yon son, li konsève yon sèl son **/l/**. Son **/l/** se **kontraksyon** mo **li**.
– M ap sèke lèt ki montre gen **kontraksyon** nan fraz la.
Manman Vyolèt ba l (yon) liv.
– Menm jan mwen di « **ba li** » mwen kapab di « **ba l** ». Nan tou de ka yo fraz la gen menm sans la.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 126 la pou nou fè egzèsis # 1 an.
– An n li fraz la.
Manman Vyolèt ba li yon liv. ***[Ekri fraz la konsa kounye a.]***
Manman Vyolèt ba l yon liv.
– [Di :] An n li fraz la.
Manman Vyolèt ba l yon liv.
– [Aprè sa di :]
– Gen yon mo ki chanje nan fraz la. Se mo « **li** ». Mo sa a pèdi yon son, li konsève yon sèl son **/l/**. Son **/l/** se **kontraksyon** mo **li**.
– An n sèke lèt ki montre gen **kontraksyon** nan fraz la.
Manman Vyolèt ba l (yon) liv.
– Menm jan nou di « **ba li** » nou kapab di « **ba l** ». Nan tou de ka yo fraz la gen menm sans la.

Tou pa nou

[Li fraz sa a ansanm ak elèv yo.]
Papa Lora eksplike l devwa a.
– ***[Aprè sa di :]*** Li fraz la ankò. Sèke lèt ki montre gen kontraksyon nan fraz la. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Aprè sa di :]***
– Kilès ki ka di m ki lèt li te sèke. ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
– Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzesis k ape de nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis #4 la.

d. Pwodiksyon

N ap fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 126 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. ***[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]***

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **kontraksyon** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Envansyon pou kominike ak deplase

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen pa yon liv.
Men mwen sanble ak yon liv.
Mwen gen paj tankou liv.
Paj mwen yo fèt an plastik.
Mwen gen tout gwosè : gwo, piti.
Yo itilize m pou pou konsève bèl foto.
Ki sa mwen ye ? *(albòm)*

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **tèks enfòmatif**. Kilès ki ka di m ki sa yon tèks enfòmatif ye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Nou te di tèks enfòmatif la prezante aksyon oswa fenomèn ki pase nan reyalite a. Kilès ki ka di m yon fenomè nou te pale sou li deja nan yon tèks enfòmatif ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Kilès ki ka di m ki lèt ki rete lè nou fè kontraksyon mo **li** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 **Li mo kle leson an (2 minit)**

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 127 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : telegraf

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Valeri konn itilize telegraf pou li voye mesaj bay papa li okay. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **telegraf**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **telegraf** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **telegraf** vle di : **mwayen kominikasyon ki te pèmèt moun voye mesaj ekri soti nan yon distans rive nan yon lòt**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **telegraf**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : anons

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Joslin ale bay yon anons nan radyo a. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **anons**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **anons** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **anons** vle di : **enfòmasyon yo bay sou yon aktivite, yon pwogram oswa yon evènman ki pral rive**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **anons**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Li tèks (12 minit) *[Tit : Kominikasyon nan peyi d Ayiti]*

Jodi a, nou pral li menm tèks enfòmatif nou te te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
2. **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.
3. **Tèks enfòmatif** la prezante aksyon oswa fenomèm ki pase nan reyalite a.
4. Nenpòt moun ka verifye **enfòmasyon** li jwenn nan yon **tèks enfòmatif**.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 127 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki diferans ki genyen ant telefòn kounye a ak telefòn lontan yo ?
2. Èske w panse li te bon pou yo itilize lèt ? Pou ki sa ?
3. Pou ki sa manman Èlsi te gade l ak fyète lè l te poze kesyon an ?
4. Daprè ou èske lemonn evolye ? Pou ki sa ?
5. Si w t ap viv nan tan manman Èlsi èske w t ap ekri lèt ? Pou ki sa ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **kous cheval**. M ap frape tablo a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès. Nou pare ! ***[Frape tablo a, aprè sa di]*** :

Sote – Vire adwat – Vire agoch – Galope – Kanpe sèk – Aplodi

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou **kontraksyon**.

Nou dwe konnen

1. Nou pale de **kontraksyon** lè yon mo pèdi youn oubyen plizyè nan son li yo.
2. Lè nou itilize **kontraksyon** nan yon mo, nou li mo a pi vit.

Jodi a, n ap travay sou **kontraksyon mo mwen**.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Mwen ap etidye chak jou. »]

– M ap li fraz la.

Mwen ap etidye chak jou.

– [Ekri fraz la konsa kounye a.]

M ap etidye chak jou.

[Li fraz la, epi di :]

M ap etidye chak jou.

– Gen yon mo ki chanje nan fraz la. Se mo « **mwen** ». Mo sa a pèdi plizyè son, li konsève yon sèl son **/m/**. Son **/m/** se kontraksyon mo **mwen**.

– M ap sèke lèt ki montre gen kontraksyon nan fraz la.

M ap etidye chak jou.

– Menm jan mwen di « **mwen ap** » mwen kapab di « **m ap** ». Nan tou de ka yo fraz la gen menm sans la.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 127 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

– An n li fraz la.

Mwen ap etidye chak jou.

[Ekri fraz la konsa kounye a.]

M ap etidye chak jou.

– [Di :] An n li fraz la.

M ap etidye chak jou.

– [Aprè sa di :]

– Gen yon mo ki chanje nan fraz la. Se mo « **mwen** ». Mo sa a pèdi plizyè son, li konsève yon sèl son **/m/**. Son **/m/** se kontraksyon mo **mwen**.

– An n sèke lèt ki montre gen kontraksyon nan fraz la.

M ap etidye chak jou.

– Menm jan nou di « **mwen ap** » nou kapab di « **m ap** ». Nan tou de ka yo fraz la gen menm sans la.

Tou pa nou

[Li fraz sa a ansanm ak elèv yo.]

Manman m renmen bay konsèy.

– ***[Aprè sa di :]*** Li fraz la ankò. sèke lèt ki montre gen kontraksyon nan fraz la. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Aprè sa di :]***

– Kilès ki ka di m ki lèt li te sèke. ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

– Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. ***[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]***

Ou ta renmen achte yon aparèy pou kominike. Ekri enfòmasyon sou aparèy ou vle achte a.

- Ki kalite aparèy li ye ?
- Ki fòm li genyen ?
- Ki koulè li ?
- Ki jan w ap itilize l ?
- Ki moun w ap rele ?

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 127 la pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. ***[Li fraz yo pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz yo pou kont yo.]***

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **kontraksyon** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Envansyon pou kominike ak deplase

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. ***[Bay elèv yo 30 segonn.]***

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan bann desine a.

Ki sa nou panse de Rita ki di Maryo nan tan Christophe Colomb pa t gen avyon ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Èske nou dakò ak Rta lè li di gen anpil mwayen pou moun deplase ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **tèks enfòmatif**. Kilès ki ka di m ki sa yon **tèks enfòmatif** ye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Nou te di tèks enfòmatif la prezante aksyon oswa fenomèn ki pase nan reyalite a. Kilès ki ka di m sou ki fenomèn dènye tèks enfòmatif nou te li a pale ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Kilès ki ka di m ki lèt ki rete lè nou fè kontraksyon mo mwen ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 128 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : bato

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Nènè monte yon bato pou li ale jeremi. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **bato**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **bato** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **bato** vle di : **mwayen transpò moun itilize pou vwayaje sou lanmè**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **bato**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : zile

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Toma abite nan zile lagonav. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **zile**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **zile** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **zile** vle di : **tè ki antoure ak dlo**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **zile**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. ***[30 segonn]***
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. ***[30 segonn]***
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]***

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede nou konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di m kèk fason moun ka vwayaje ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***
2. Kilès ki ka di m non yon zòn an Ayiti moun pa ka ale nan machine ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***
3. Èske nou panse machin, avyon,bato, ak motosiklèt itil nan deplasman moun ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) *[Tit : Mwayen pou vwayaje]*

Tèks nou pral li jodi a se yon tèks enfòmatif.

Nou dwe konnen
1. Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
2. **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.
3. **Tèks enfòmatif** la prezante aksyon oswa fenomèm ki pase nan reyalite a.
4. Nenpòt moun ka verifye **enfòmasyon** li jwenn nan yon **tèks enfòmatif**.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 128 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon
1. Ki kote Christophe Colomb te soti ?
2. Ki jan moun te konn vwayaje nan epòk sa a ?
3. Pou ki sa moun itilize moto ak bisiklèt ?
4. Ki jan yo rele wout kote tren yo sikile ?
5. Ki mwayen transpò yo itilize nan peyi etranje nou pa genyen an Ayiti kounye a ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **fason mwen manje**. Chak fwa mwen di non yon fwi n ap mime jan yo manje fwi a. Nou pare !

Mango – Fig – Zaboka – Zoranj – Kann – Kokoye – Melon

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou **kontraksyon**.

Nou dwe konnen
1. Nou pale de **kontraksyon** lè yon mo pèdi youn oubyen plizyè nan son li yo.
2. Lè nou itilize **kontraksyon** nan yon mo, nou li mo a pi vit.

Jodi a, n ap travay sou **kontraksyon** mo **nou**.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Nou ap mache bò rivyè a. »]

– M ap li fraz la.
Nou ap mache bò rivyè a.
[Ekri fraz la konsa kounye a.]
N ap mache bò rivyè a.
[Li fraz la, epi di :]

– Gen yon mo ki chanje nan fraz la. Se mo « **Nou** ». Mo sa a pèdi yon son, li konsève yon sèl son **/N/**. Son **/N/** se kontraksyon mo **Nou**.

– M ap sèke lèt ki montre gen kontraksyon nan fraz la.

(N) ap mache bò rivyè a.

– Menm jan mwen di « **Nou ap** » mwen kapab di « **N ap** ». Nan tou de ka yo fraz la gen menm sans la.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 128 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

– An n li fraz la.
Nou ap mache bò rivyè a.
[Ekri fraz la konsa kounye a.]
N ap mache bò rivyè a.
[Di :] An n li fraz la.
[Aprè sa di :]

– Gen yon mo ki chanje nan fraz la. Se mo « **Nou** ». Mo sa a pèdi plizyè son, li konsève yon sèl son **/N/**. Son **/N/** se kontraksyon mo **Nou**.

– An n sèke lèt ki montre gen kontraksyon nan fraz la.

(N) ap mache bò rivyè a.

– Menm jan nou di « **Nou ap** » nou kapab di « **N ap** ». Nan tou de ka yo fraz la gen menm sans la.

Tou pa nou

[Li fraz sa a ansanm ak elèv yo.]
N ap fè espò chak jou.

– ***[Aprè sa di :]*** Li fraz la ankò. Sèke lèt ki montre gen kontraksyon nan fraz la. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Aprè sa di :]***

– Kilès ki ka di m ki lèt li te sèke. ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

– Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzesis k ape de nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis #4 la.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 128 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. ***[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]***

Enpòtan

[Ekri pwezi ki nan paj leson 130 nan liv elèv la sou tablo a. Mande elèv yo kopye li nan yon ti kaye. Aprè sa di yo pou yo byen aprann pwezi a lakay yo pou yo ka resite li nan klas la jou w ap fè leson pwezi a.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **kontraksyon** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Envansyon pou kominike ak deplase

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen pa yon bis.
Mwen long anpil.
Mwen pote anpil moun.
Mwen kouri vit.
Mwen pa gen kawoutchou,
Mwen mache sou ray.
Ki sa mwen ye ? ***(tren)***

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou tèks enfòmatif. Kilès ki ka di m ki sa yon tèks enfòmatif ye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
Nou te di tèks enfòmatif la prezante aksyon oswa fenomèn ki pase nan reyalite a. Kilès ki ka di m sou ki fènomèn dènye tèks enfòmatif nou te li a pale ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
Kilès ki ka di m sa li konnen sou **kontraksyon mo** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 129 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : ray

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Deni kanpe bò ray tren an. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **ray**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **ray** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **ray** vle di : **wout ki fèt ak fè ki sèvi pou tren woule**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **ray**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : tren

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Lontan se tren ki te konn pote machandiz soti an pwovens. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **tren**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **tren** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **tren** vle di : **veyikil long ki gen plizyè kabin ki kole youn ak lòt epi ki kouri sou ray**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **tren**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Li tèks (12 minit) *[Tit : Mwayen pou vwayaje]*

Jodi a, nou pral li menm **tèks enfòmatif** nou te te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen
1. Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
2. **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.
3. **Tèks enfòmatif** la prezante aksyon oswa fenomèm ki pase nan reyalite a.
4. Nenpòt moun ka verifye **enfòmasyon** li jwenn nan yon **tèks enfòmatif**.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 129 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon
1. Site tout fason moun ka deplase soti nan yon peyi al nan lòt.
2. Ki sa w pi renmen ant vwayaje nan avyon oswa nan bato ? Pou ki sa ?
3. Ki mwayen transpò nou itilize plis nan peyi nou pou nou deplase ?
4. Èske ou ta renmen al vizite yon lòt peyi ? Bay rezon yo.

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **kous cheval**. M ap frape tablo a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès. Nou pare ! ***[Frape tablo a, aprè sa di]*** :

Sote – Vire adwat – Vire agoch – Galope – Kanpe sèk – Aplodi

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou **kontraksyon**.

Nou dwe konnen

1. Nou pale de **kontraksyon** lè yon mo pèdi youn oubyen plizyè nan son li yo.
2. Lè nou itilize **kontraksyon** nan yon mo, nou li mo a pi vit.

Jodi a, n ap travay sou **kontraksyon mo ou**.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Papa ou te vini yè. »]

– M ap li fraz la.
Papa ou te vini yè.
[Ekri fraz la konsa kounye a.]
Papa w te vini yè.
[Li fraz la, epi di :]

– Gen yon mo ki chanje nan fraz la. Se mo « **ou** ». Mo sa a ranplase ak son **/w/**. Son **/w/** se yon fòm kontrakte ki ranplase mo **ou**.

– M ap sèke lèt ki montre gen kontraksyon nan fraz la.

Papa (w) te vini yè.

– Menm jan mwen di « **Papa ou** » mwen kapab di « **Papa w** ». Nan tou de ka yo fraz la gen menm sans la.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 129 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

– An n li fraz la.
Papa ou te vini yè.
[Ekri fraz la konsa kounye a.]
Papa w te vini yè.
[Li fraz la ansanm ak elèv yo, epi di :]

– Gen yon mo ki chanje nan fraz la. Se mo « **ou** ». Mo sa a ranplase ak son **/w/**. Son **/w/** se yon fòm kontrakte ki ranplase mo **ou**.

– An n sèke lèt ki montre gen kontraksyon nan fraz la.

Papa (w) te vini yè.

– Menm jan nou di « **Papa ou** » nou kapab di « **Papa w** ». Nan tou de ka yo fraz la gen menm sans la.

Tou pa nou

[Li fraz sa a ansanm ak elèv yo.]

Valiz pa w la sou tab la.

– ***[Aprè sa di :]*** Li fraz la ankò. sèkle lèt ki montre gen kontraksyon nan fraz la. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Aprè sa di :]***

– Kilès ki ka di m ki lèt li te sèke. ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

– Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. ***[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]***

Ou ta renmen vwayaje pou ale yon kote. Ekri nan kaz yo enfòmayon ki konsène vwayaj la.

- Ki kote ou prale ?
- Ak ki moun ou prale ?
- Ki mwayen w ap itilize pou vwayaje ?
- Ki sa w ap fè lè ou rive ?

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 129 la pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. ***[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]***

Enpòtan

[Raple elèv yo pou yo repase pwezi yo te kopye nan ti kaye a. Di yo pou yo byen prepare li pou yo ka patisipe nan konkou pwezi semèn nan.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **kontraksyon** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Envansyon pou kominike ak deplase

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon aparèy.
Mwen fèt an plastik.
Mwen gen plizyè bouton pou m fonksyone.
Mwen gen yon opalè ak yo mikro.
Yo mete m nan zòrèy pou yo sèvi avè m.
Yo itilize m pou pale ak yon moun ki pa pre.
Lè m resevwa yon apèl mwen sonnen.
Ki sa mwen ye ? ***(telefòn oswa selilè)***

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **tèks enfòmatif**. Kilès ki ka di m ki sa yon **tèks enfòmatif** ye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Nou te di **tèks enfòmatif** la prezante aksyon oswa fenomèn ki pase nan reyalite a. Kilès ki ka di m yon fenomè nou te pale sou li deja nan yon tèks enfòmatif ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Kilès ki ka di m kilè nou ka pale de **kontraksyon** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 130 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : distans

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Pou soti okap rive Jeremi, distans la long anpil. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **distans**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **distans** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **distans** vle di : **espas ki separe yon kote ak yon lòt**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **distans**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : telefòn

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Pèp Ayisyen itilize telefòn anpil. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **telefòn**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **telefòn** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **telefòn** vle di : **aparèy ki pèmèt moun pale menm si yo lwen youn ak lòt**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **telefòn**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Gramè (5 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **lèt majiskil**.

Nou dwe konnen

1. Nou pale de kontraksyon se lè yon mo pèdi youn oubyen plizyè nan son li yo.
2. **/l/** se kontraksyon mo **li**.
3. **/m/** se kontraksyon mo **mwen**.
4. **/n/** se kontraksyon mo **nou**.
5. **/w/** se kontraksyon mo **ou**.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tande yon fraz ki gen kontraksyon n ap leve pous nou anlè. Lè nou tande yon fraz ki pa gen kontraksyon mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

1. Vensan se zanmi m.
2. Natacha ranmase oslè li.
3. Jilbè ak frè l la monte Kenskòf.
4. Nou pran tout afè n pou n ale.
5. Ou dwe bwè tout lèt ou.
6. Ouvè òdinatè w pou w ka travay.

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 minit)

a. Egzèsis gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis sou **detèminan**. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 130 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral koute epi ekri kèk fraz nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 3 a. Koute fraz sa yo byen epi ekri yo kòrèkteman nan kaye nou.

Lakay nou, moun vwayaje anpil nan bis ak kamyon. Yo pran batiman lè yo prale sou zile tankou Lagonav ki nan depatman Lwès, Latòti ki nan Nòdwès oswa Lilavach ki nan depatman Sid tou pre Okay. Lontan sa, te gen tren nan peyi nou, nan epòk lane 1930.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 ak 5.

Aktivite 5 Li tèks (20 minit) *[Tit : Dwa pa m]*

Tèks n ap li jodi a se yon pwezi.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwezi** se yon tèks ki ekri an **vè**.
2. Yon **vè** se yon gwoup mo ki sou menm liy nan pwezi a.
3. Chak **vè** dwe ekri sou yon liy pou kont li.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 130 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Konkou pwezi

Moman konkou pwezi a rive. M ap chwazi kèk elèv pou vin resite pwezi a devan tout klas la. Pandan yon elèv devan an, tout rès klas la ap suiv san pale. ***[Aprè chak elèv fin resite pwezi a, mande elèv yo bat yon gwo bravo pou li. Aprè sa, mande kèk elèv nan klas la pou yo di sa yo panse sou jan elèv la sot resite pwezi a.]***

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. De ki sa tèks la pale ?
2. Ki jan sa te ye nan kòmansman l ?
3. Ki itlite l ?
4. Èske w panse li enpòtan pou yon moun gen telefòn ? Pou ki sa ?
5. Daprè ou ki jan moun ta dwe itilize telefòn ?

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **kontraksyon** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Jesyon ris ak dezas

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. ***[Bay elèv yo 30 segonn.]***

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.

Selon Maryo goudougoudou a gen de sans. Kilès ki ka di m de sans sa yo ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Èske nou dokò ak Maryo lè li di nou dwe parn anpil prekosyon paske tè a konn tranble ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Rapèl

Nan dènye leson an nou te di yon pwezi se yon tèks ki ekri an vè. Kilès ki ka di m ki sa yon **vè** ye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Èske nou panse de **vè** ka ekri sou menm liy ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Kilès ki ka di m sa li konnen sou **pwonon pèsonèl** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 131 an. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : tranblemandtè

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Mèt la di ka gen tranblemandtè nenpòt lè. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **tranblemandtè**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **tranblemandtè** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **tranblemandtè** vle di : **fenomèn natirèl kote tè a tranble ak fòs**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **tranblemandtè**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : akoupi

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Sabin akoupi bò chèz la*. *» Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **akoupi**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **akoupi** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **akoupi** vle di : **chita sou talon pye w yo**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **akoupi**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. ***[30 segonn]***
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. ***[30 segonn]***
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]***

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede nou konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di m ki sa ki konn fè kè li kase ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***
2. Kilès ki ka di m kèk dega tranblemandtè ka fè ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***
3. Èske nou dwe pwoteje tèt nou kont tranblemandtè ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) *[Tit : Goudougoudou]*

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks naratif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Yon **tèks naratif** toujou genyen yon **naratè**.
3. Se **naratè** a ki rakonte tout sa ki pase nan istwa a.
4. Pafwa **naratè** a se yon pèsonaj nan istwa a, pafwa li pa yon pèsonaj nan istwa a.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 131 an pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. ***[Pran liv elèv la. Li tèks : « Goudougoudou » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanp.]***

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki kote Wonal ak Maks te ye ?
2. Ki sa k te pase ki fè pwofesè a te di se tranblemandtè ?
3. Ki sa pwofesè a te di timoun yo fè ?
4. Ki lè elèv yo gen dwa deplase ?
5. Pou ki sa pwofesè a di timoun yo pa panike ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **fason mwen manje**. Chak fwa mwen di non yon fwi n ap mime jan yo manje fwi a. Nou pare !

Mango – Fig – Zaboka – Zoranj – Kann – Kokoye – Melon

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou **makè tan** nan fraz.

Nou dwe konnen

1. Nan yon fraz, aksyon ki eksprime a ka fèt ak divès moman. Chak moman yo se yon tan nan fraz la.
2. Gen tan prezan, tan pase ak tan fiti.
3. Yon **makè tan** se yon mo ki pèmèt nou idantifye nan ki tan fraz la ye.

Tan	**Prezan**	**Pase**	**Fiti**
Makè tan	**ap**	**te**	**pral**

4. **Tan prezan** an montre yon aksyon fèt nan menm moman y ap pale sou li a. Makè tan prezan an se **ap**.

Jodi a, nou pral travay sou **makè tan prezan**.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Ana ap benyen nan rivyè a. »]

– M ap li fraz la :
Ana ap benyen nan rivyè a.
– ***[Aprè sa di :]***
– M ap souliye gwoup vèbal la epi m ap sèke mo ki plase anvan vèb la :
Ana (ap) benyen nan rivyè a.
– Se mo **ap** ki plase anvan vèb la. Mo **ap** la se yon **makè tan**. Se li ki montre fraz la nan tan prezan. Sa vle di aksyon fraz la eksprime a, fèt nan menm moman y ap pale sou li a.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 131 an pou nou fè egzèsis # 1 an.

– An n li fraz la :
Ana ap benyen nan rivyè a.
– ***[Aprè sa di :]***
– N ap souliye gwoup vèbal la epi n ap sèke mo ki plase anvan vèb la :
Ana (ap) benyen nan rivyè a.
– ***[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la aprè sa di :]***
– Se mo **ap** ki plase anvan vèb la. Mo **ap** la se yon **makè tan**. Se li ki montre fraz la nan tan prezan. Sa vle di aksyon fraz la eksprime a, fèt nan menm moman y ap pale sou li a.

Tou pa nou

[Li fraz sa a ansanm ak elèv yo.]

Lina ap etidye nan lakou a.

– ***[Aprè sa di :]*** Li fraz la ankò. Souliye gwoup vèbal la epi antoure mo ki montre se nan tan prezan fraz la ye. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Aprè sa di :]***
– Kilès ki ka di m ki mo li te antoure. ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
– Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzesis k ape de nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis #4 la.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 131 an pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. ***[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]***

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **tan prezan** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Jesyon ris ak dezas

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon fenomèn natirèl.
Mwen pa siklòn.
Mwen pa vòlkan.
Mwen pase vit, mwen pa dire.
Lè mwen pase mwen ka fè anpil dega.
Mwen fè tè a tranble fò, souke tout kay.
Ki sa mwen ye ? ***(tranblemandtè)***

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te di yon tèks naratif toujou gen yon **naratè**. Kilès ki ka di m sa li konnen sou wòl **naratè** a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
Kilès ki ka di m sa li konnen sou **pwonon pèsonèl** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 132 a. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : panike

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Viktò panike lè li wè aksidan an. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **panike**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **panike** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **panike** vle di : **kite laperèz anvayi w**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **panike**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : alabri

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Antwanèt mete li alabri pandan move tan an. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **alabri**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **alabri** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **alabri** vle di : **ki an sekirite, ki byen pwoteje**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **alabri**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Li tèks (12 minit) *[Tit : Goudougoudou]*

Jodi a, nou pral li menm tèks naratif nou te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Yon **tèks naratif** toujou genyen yon **naratè**.
3. Se **naratè** a ki rakonte tout sa ki pase nan istwa a.
4. Pafwa **naratè** a se yon pèsonaj nan istwa a, pafwa li pa yon pèsonaj nan istwa a.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 132 a pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Sa k fè Wonal te santi l dwòl ?
2. Daprè ou pou ki sa Wonal pa t konn sa pou l fè ?
3. Èske li bon lè timoun yo mete yo alabri a ? Pou ki sa ?
4. Èske mèt la gen rezon pa panike ? Bay yon rezon.
5. Ki sa w t ap fè si ta gen yon tranblemantè ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **kous cheval**. M ap frape tablo a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès. Nou pare ! ***[Frape tablo a, aprè sa di]*** :

Sote – Vire adwat – Vire agoch – Galope – Kanpe sèk – Aplodi

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou **makè tan** nan fraz.

Nou dwe konnen

1. Nan yon fraz, aksyon ki eksprime a ka fèt ak divès moman. Chak moman yo se yon tan nan fraz la.
2. Gen tan prezan, tan pase ak tan fiti.
3. Yon **makè tan** se yon mo ki pèmèt nou idantifye nan ki tan fraz la ye.

Tan	**Prezan**	**Pase**	**Fiti**
Makè tan	**ap**	**te**	**pral**

4. **Tan pase** a montre yon aksyon fèt anvan moman y ap pale sou li a. Makè tan pase a se **te**.

Jodi a, nou pral travay sou **makè tan pase**.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Ana te benyen nan rivyè a. »]

– M ap li fraz la :
Ana te benyen nan rivyè a.
– ***[Aprè sa di :]***
– M ap souliye gwoup vèbal la epi m ap sèke mo ki plase anvan vèb la :
Ana (te) benyen nan rivyè a.
– Se mo **te** ki plase anvan vèb la. Mo **te** a se yon **makè tan**. Se li ki montre fraz la nan tan pase. Sa vle di aksyon fraz la eksprime a, fèt anvan moman y ap pale sou li a.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 132 a pou nou fè egzèsis # 1 an.

– An n li fraz la :
Ana te benyen nan rivyè a.
– ***[Aprè sa di :]***
– N ap souliye gwoup vèbal la epi n ap sèke mo ki plase anvan vèb la :
Ana (te) benyen nan rivyè a.
– ***[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la aprè sa di :]***
– Se mo **te** ki plase anvan vèb la. Mo **te** la se yon **makè tan**. Se li ki montre fraz la nan tan pase. Sa vle di aksyon fraz la eksprime a, fèt anvan moman y ap pale sou li a.

Tou pa nou

[Li fraz sa a ansanm ak elèv yo.]

Elèv yo te ale nan plaj.

– ***[Aprè sa di :]*** Li fraz la ankò. Souliye gwoup vèbal la epi antoure mo ki montre se nan tan pase fraz la ye. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Aprè sa di :]***
– Kilès ki ka di m ki mo li te antoure. ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
– Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. ***[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]***

Ekri nan kaz yo tout sa ki ka rive lè gen tranblemandtè.

- Sa ki rive kay yo.
- Sa ki rive moun yo.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 132 a pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. ***[Li fraz yo pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz yo pou kont yo.]***

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **tan pase a** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Jesyon ris ak dezas

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. ***[Bay elèv yo 30 segonn.]***
Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.
Maryo te byen koute esplikasyon pwofesè a sou konpòtman li dwe genyen lè tè a ap tranble. Kilès ki ka di m sa li panse de sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
Èske nou dakò ak Rita lè li di li vle konnen konpòtman li dwe genyen aprè tè a fin tranble ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Rapèl

Nan dènye leson an nou te di yon tèks naratif toujou gen yon **naratè**. Kilès ki ka di m sa li konnen sou wòl **naratè** a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
Kilès ki ka di m sa li konnen sou **pwonon pèsonèl** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 133 a. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : anvayi

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Jodi a, tristès anvayi kè Jano. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **anvayi**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **anvayi** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **anvayi** vle di : **gaye nan yon espas**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **anvayi**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : replik

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Aprè tranblemandtè, toujou gen replik**. **» Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **replik**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **replik** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **replik** vle di : **sekous ki fèt tanzantan aprè yon tranblemandtè fin pase**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **replik**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè tit

Kounye a, nou pral sèvi ak tit tèks la pou nou devine sou ki sa tèks la pral pale.

[Ekri tit sa a sou tablo a : Aprè gougoudoudou.]

[Aprè sa di :] Sa a se tit tèks jodi a. Li tit la ; aprè sa mande tèt ou ki sa ki pral pase nan tèks la. Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]***

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di m sa l ap fè si li wè tè a pran tranble ak li ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***
2. Kilès ki ka di m pou ki sa li pa ta renmen tranblemandtè pase nan peyi d Ayiti ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) *[Tit : Aprè gougoudoudou]*

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks naratif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Yon **tèks naratif** toujou genyen yon **naratè**.
3. Se **naratè** a ki rakonte tout sa ki pase nan istwa a.
4. Pafwa **naratè** a se yon pèsonaj nan istwa a, pafwa li pa yon pèsonaj nan istwa a.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 133 a pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. ***[Pran liv elèv la. Li tèks : « Aprè goudougoudou » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanp.]***

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki lè mèt la fè timoun yo soti sou lakou a ?
2. Ki jan yo rele moman tè a rekòmanse tranble a ?
3. Ki kote klas la te ale aprè premye tranblemandtè a ?
4. Ki sa mèt la ak elèv yo te verifye aprè sa ?
5. Pou ki sa tout moun te konpòte yo byen ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **fason mwen manje**. Chak fwa mwen di non yon fwi n ap mime jan yo manje fwi a. Nou pare !

Mango – Fig – Zaboka – Zoranj – Kann – Kokoye – Melon

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou **makè tan** nan fraz.

Nou dwe konnen

1. Nan yon fraz, aksyon ki eksprime a ka fèt ak divès moman. Chak moman yo se yon tan nan fraz la.
2. Gen tan prezan, tan pase ak tan fiti.
3. Yon **makè tan** se yon mo ki pèmèt nou idantifye nan ki tan fraz la ye.

Tan	**Prezan**	**Pase**	**Fiti**
Makè tan	**ap**	**te**	**pral**

4. **Tan fiti** a montre yon aksyon pral fèt aprè moman y ap pale sou li a. Makè tan fiti a se pral.

Jodi a, nou pral travay sou **makè tan fiti**.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Ana pral benyen nan rivyè a. »]

– M ap li fraz la :
Ana pral benyen nan rivyè a.
– ***[Aprè sa di :]***
– M ap souliye gwoup vèbal la epi m ap sèke mo ki plase anvan vèb la :
Ana pral benyen nan rivyè a.
– Se mo **pral** ki plase anvan vèb la. Mo **pral** a se yon **makè tan**. Se li ki montre fraz la nan tan fiti. Sa vle di aksyon fraz la eksprime a, pral fèt aprè moman y ap pale sou li a.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 133 a pou nou fè egzèsis # 1 an.

– An n li fraz la :
Ana pral benyen nan rivyè a.
– ***[Aprè sa di :]***
– N ap souliye gwoup vèbal la epi n ap sèke mo ki plase anvan vèb la :
Ana pral benyen nan rivyè a.
– ***[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la aprè sa di :]***
– Se mo **pral** ki plase anvan vèb la. Mo **pral** la se yon **makè tan**. Se li ki montre fraz la nan tan fiti. Sa vle di aksyon fraz la eksprime a, pral fèt aprè moman y ap pale sou li a.

Tou pa nou

[Li fraz sa a ansanm ak elèv yo.]

Elèv yo pral jwe nan lakou a.

– ***[Aprè sa di :]*** Li fraz la ankò. Souliye gwoup vèbal la epi antoure mo ki montre se nan tan pase fraz la ye. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Aprè sa di :]***
– Kilès ki ka di m ki mo li te antoure. ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
– Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzesis k ape de nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis #4 la.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 133 a pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. ***[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, apre sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan poukont yo.]***

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **tan fiti a** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Jesyon ris ak dezas

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon enstitisyon leta.
Mwen enpòtan anpil nan yon peyi.
Depi ou wè gwo kamyon wouj yo
K ap kouri nan lari ak sirèn se mwen.
Depi gen dife yon kote se mwen yo rele.
Travay mwen se etenn dife
Ak sove lavi moun ki an danje.
Ki sa mwen ye ? ***(sèvis ponpye)***

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te di yon tèks naratif toujou gen yon **naratè**. Kilès ki ka di m sa li konnen sou wòl **naratè** a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
Kilès ki ka di m sa li konnen sou **makè tan** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 134 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : sekirite

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Tout moun dwe mete tèt yo an sekirite lè gen move tan**. **» Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **sekirite**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **sekirite** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **sekirite** vle di : **sitiyasyon yon moun ki pa santi li an danje**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **sekirite**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : konpòte

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Lina konpòte li byen nan klas la. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **konpòte**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **konpòte** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **konpòte** vle di : **aji yon fason oubyen yon lòt**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **konpòte**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Li tèks (12 minit) *[Tit : Aprè gougoudoudou]*

Jodi a, nou pral li menm tèks naratif nou te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Yon **tèks naratif** toujou genyen yon **naratè**.
3. Se **naratè** a ki rakonte tout sa ki pase nan istwa a.
4. Pafwa **naratè** a se yon pèsonaj nan istwa a, pafwa li pa yon pèsonaj nan istwa a.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 134 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Pou ki sa yo rele tranblemandtè « goudougoudou » ?
2. Pou ki sa moun dwe pran prekosyon aprè « goudougoudou » ?
3. Èske w panse tranblemandtè se yon danje ? Pou ki sa ?
4. Ki konsèy ou ta ba ti zanmi w yo lè gen tranblemandtè ?
5. Ki sa w panse yo dwe fè pou tranblemandtè pa touye moun ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **kous cheval**. M ap frape tablo a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès. Nou pare ! ***[Frape tablo a, aprè sa di]*** :

Sote – Vire adwat – Vire agoch – Galope – Kanpe sèk – Aplodi

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou **tan nan fraz**.

Nou dwe konnen

1. Nan yon fraz, aksyon ki eksprime a ka fèt ak divès moman. Chak moman yo se yon tan nan fraz la.
2. Gen tan prezan, tan pase ak tan fiti.
3. Yon **makè tan** se yon mo ki pèmèt nou idantifye nan ki tan fraz la ye.

Tan	**Prezan**	**Pase**	**Fiti**
Makè tan	**ap**	**te**	**pral**

4. **Tan prezan** an montre yon aksyon fèt nan menm moman y ap pale sou li a. Makè tan prezan an se **ap**.
5. **Tan pase** a montre yon aksyon fèt anvan moman y ap pale sou li a. Makè tan pase a se **te**.
6. **Tan fiti** a montre yon aksyon pral fèt aprè moman y ap pale sou li a. Makè tan fiti a se pral.

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

a. Egzèsis gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis sou tan nan fraz. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 134 la pou nou fè egzèsis # 1 an. ***[Montre elèv yo jan gimè yo fèt anvan ou kontinye.]***

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

d. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. ***[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]***

Ekri nan kaz yo enfomasyon sou jan moun dwe konpòte yo aprè tranblemandtè.

- Dega yon tranblemandtè ka koze.
- Kèk aksyon yon moun dwe fè nan moman tranblemandtè a.
- Kèk konsèy pou tout moun mete an pratik.

e. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 134 la pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. ***[Li fraz yo pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz yo pou kont yo.]***

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **kous cheval**. M ap frape tablo a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès. Nou pare ! ***[Frape tablo a, aprè sa di]*** :

Sote – Vire adwat – Vire agoch – Galope – Kanpe sèk – Aplodi

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **tan yo endike nan yon fraz** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Jesyon ris ak dezas

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon machin.
Men mwen pa menm jan ak tout machin.
Mwen pa fè menm travay ak tout machin.
Mwen se yon machin espesyal.
Mwen gen sirèn ak yon kwa wouj
Oswa vèt sou mwen.
Yo sèvi avè m pou menmen moun malad
Ak moun ki blese lopital.
Ki sa mwen ye ? ***(anbilans)***

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te di yon tèks naratif toujou gen yon naratè. Kilès ki ka di m sa li konnen sou wòl **naratè** a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
Kilès ki ka di m sa li konnen sou **makè tan** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 135 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : kalite

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Nou dwe pare pou tout kalite katastròf. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **kalite**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **kalite** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **kalite** vle di : **fason yon objè ye**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kalite**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : laperèz

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Natali gen laperèz aprè tranblemandtè a. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **laperèz**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **laperèz** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **laperèz** vle di : **move sansasyon yon moun genyen lè li an danje oswa lè li santi li an danje**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **laperèz**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Gramè (5 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou **tan nan fraz**.

Nou dwe konnen

1. Nan yon fraz, aksyon ki eksprime a ka fèt ak divès moman. Chak moman yo se yon tan nan fraz la.
2. Gen tan prezan, tan pase ak tan fiti.
3. Yon **makè tan** se yon mo ki pèmèt nou idantifye nan ki tan fraz la ye.

Tan	**Prezan**	**Pase**	**Fiti**
Makè tan	**ap**	**te**	**pral**

4. **Tan prezan** an montre yon aksyon fèt nan menm moman y ap pale sou li a. Makè tan prezan an se **ap**.
5. **Tan pase** a montre yon aksyon fèt anvan moman y ap pale sou li a. Makè tan pase a se **te**.
6. **Tan fiti** a montre yon aksyon pral fèt aprè moman y ap pale sou li a. Makè tan fiti a se pral.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tande yon fraz ki kòrèk, n ap leve pous nou anlè. Lè nou tande yon fraz ki pa kòrèk n ap mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

1. Mari ap etidye. Se yon fraz ki nan tan prezan.
2. Polèt te fè devwa a. Se yon fraz ki nan tan fiti.
3. Silnò te kouri maten an. Se yon fraz ki nan tan pase.
4. Yolèn pral fè espò. Se yon fraz ki nan tan prezan.
5. Edna pral konpoze demen. Se yon fraz ki nan tan fiti.

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 minit)

a. Egzèsis gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis sou tan nan fraz. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 135 la pou nou fè egzèsis # 1 an. ***[Montre elèv yo jan gimè yo fèt anvan ou kontinye.]***

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Òtograf

Nou pral koute epi ekri kèk fraz nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 3 a. Koute fraz sa yo byen epi ekri yo kòrèkteman nan kaye nou.

Aprè tranblemandtè fin pase, konsa elèv yo mache gade nan tout lakou si gen pwoblèm. Erezman pèsonn pa t gen anyen ! Tout moun te konpòte yo byen. Yo te suiv tout konsèy sou fason pou w konpòte w lè gen tranblemantè.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 ak 5.

Aktivite 5 Li tèks (20 minit) *[Tit : goudougoudou]*

Tèks n ap li jodi a se yon pwezi.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwezi** se yon tèks ki ekri an **vè**.
2. Yon **vè** se yon gwoup mo ki sou menm liy nan pwezi a.
3. Chak **vè** dwe ekri sou yon liy pou kont li.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 135 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Konkou pwezi

Moman konkou pwezi a rive. M ap chwazi kèk elèv pou vin resite pwezi a devan tout klas la. Pandan yon elèv devan an, tout rès klas la ap suiv san pale. ***[Aprè chak elèv fin resite pwezi a, mande elèv yo bat yon gwo bravo pou li. Aprè sa, mande kèk elèv nan klas la pou yo di sa yo panse sou jan elèv la sot resite pwezi a.]***

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki kote w ka mete w alabri ?
2. Ki sa bri sa yo reprezante daprè ou menm ?
3. Ki santiman moun genyen nan moman sa a ?
4. Ki sa n dwe fè pou tranblemantè ?
5. Daprè ou èske n ka anpeche tranblemantè fèt ? Pou ki sa ?

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **itilizasyon tan yo** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Andikape yo gen dwa yo

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. ***[Bay elèv yo 30 segonn.]***

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan bann desine a.

Èske nou panse Maryo byen fè lè li move poutèt se yon andikape ki fè gòl la ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Èske nou dakò ak Maryo lè li deside chanje konpòtman li nan fason li gade andikape yo ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Rapèl

Nan dènye leson an nou te di yon pwezi se yon tèks ki ekri an **vè**. Kilès ki ka di m ki sa yon **vè** ye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Èske nou panse de **vè** ka ekri sou menm liy ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Kilès ki ka di m sa li konnen sou **makè tan** nan fraz ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 136 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : chans

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Tout timoun dwe gen chans pou yo ale lekòl. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **chans**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **chans** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **chans** vle di : **posiblite yon moun genyen pou li fè yon aktivite**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **chans**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : manke

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Bèna manke yon pye men li entelijan. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **manke**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **manke** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **manke** vle di : **pa genyen yon bagay**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **manke**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. ***[30 segonn]***
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. ***[30 segonn]***
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse tèks la pral pale ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]***

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede nou konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di m kilè nou ka di yon moun andikape ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***
2. Èske nou panse li bon pou nou meprize moun ki andikape ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) *[Tit : Lèt katyana pou elèv klas li yo]*

Jodi a, nou pral li yon lòt **lèt opinyon**.

Nou dwe konnen
1. Yon **lèt** se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt moun.
2. Yon **lèt opinyon** se yon lèt yon moun ekri pou li di sa li panse.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 136 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. ***[Pran liv elèv la. Li tèks : « Lèt Katyana pou elèv klas li yo » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanp.]***

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon
1. Kilès ki ekri lèt la? ki kote l ye ?
2. Kilès ki resevwa lèt la ? Ki kote l ye ?
3. Pou ki sa lèt sa a ekri ?
4. Ki sa Katyana pa ta renmen lòt timoun yo fè ?
5. Ki sa Katyana konn fè nan katye lakay li ?
6. Ki sa l mande yo nan fen lèt la ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **fason mwen manje**. Chak fwa mwen di non yon fwi n ap mime jan yo manje fwi a. Nou pare !

Mango – Fig – Zaboka – Zoranj – Kann – Kokoye – Melon

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou **mo kontrè**.

Nou dwe konnen

Yon **mo kontrè** se yon mo ki gen yon sans opoze avèk yon lòt mo.

Egzanp : kontan/ fache ; pòv/ rich.

Jodi a, n ap travay sou **mo kontrè**.

Tou pa m

[Ekri fraz sa yo sou tablo a konsa]

1. ***Kay la pwòp anpil.***
2. ***Kay la sal anpil.***

– M ap li fraz la.

1. **Kay la pwòp anpil.**
2. **Kay la sal anpil.**

[Aprè sa di :]

– Nan dezyèm fraz la, gen yon mo ki ranplase mo **pwòp**.
– Se mo **sal** ki ranplase mo **pwòp**.
– Mo **sal** bay dezyèm fraz la yon lòt sans ki opoze a premye a. Donk, mo **sal** se **kontrè** mo **pwòp**.
– M ap pase yon trè anba mo kontrè yo nan toulède fraz yo.

1. **Kay la <u>pwòp</u> anpil.**
2. **Kay la <u>sal</u> anpil.**

– Sonje, yon **mo kontrè** se yon mo ki gen yon sans opoze avèk yon lòt mo.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 136 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

– An n li fraz la.

1. **Kay la pwòp anpil.**
2. **Kay la sal anpil.**

[Aprè sa di :]

– Nan dezyèm fraz la, gen yon mo ki ranplase mo **pwòp**.
– Se mo **sal** ki ranplase mo **pwòp**.
– Mo **sal** bay dezyèm fraz la yon lòt sans ki opoze a premye a. Donk, mo **sal** se **kontrè** mo **pwòp**.
– M ap pase yon trè anba mo kontrè yo nan toulède fraz yo.

1. **Kay la <u>pwòp</u> anpil.**
2. **Kay la <u>sal</u> anpil.**

– Sonje, yon **mo kontrè** se yon mo ki gen yon sans opoze avèk yon lòt mo.

Tou pa nou

[Li fraz sa yo ansanm ak elèv yo.]

1. **Patrik se yon komèsan rich.**
2. **Patrik se yon komèsan pòv.**

– Li fraz yo ankò. Souliye mo kontrè ki nan fraz yo. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Aprè sa di :]***
– Kilès ki ka di m ki mo li te souliye nan chak fraz. ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
– Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzesis k ape de nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis #4 la.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 136 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. ***[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]***

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **kontrè mo** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Andikape yo gen dwa

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon chèz.
Mwen pa yon chèz menm jan ak tout chèz.
Mwen gen wou tankou wou bisiklèt.
Mwen gen fren tankou bisiklèt.
Mwen ka woule.
Moun ki pa ka mache sèvi avè m
Pou yo ka al kote yo vle.
Nan lopital yo sèvi avè m pou malad ka deplase.
Ki sa mwen ye ? ***(chèz woulan)***

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **lèt opinyon**. Kilès ki ka di m ki sa yon **lèt opinyon** ye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Nou te pale sou **mo kontrè** tou. Kilès ki ka di m ki sa yon **mo kontrè** ye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 137 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : atis

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Gen anpil atis nan katye popilè yo. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **atis**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **atis** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **atis** vle di : **moun ki gen talan pou kreye bèl zèv**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **atis**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : beki

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Doktè Anòl bay malad la yon beki pou li mache. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **beki**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **beki** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **beki** vle di : **baton ki gen manch, andikape yo apiye sou li pou yo mache**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **beki**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Li tèks (12 minit) *[Tit : Lèt katyana pou elèv klas li yo]*

Jodi a, nou pral li menm **lèt opinyon** nou te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

1. Yon **lèt** se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt moun.
2. Yon **lèt opinyon** se yon lèt yon moun ekri pou li di sa li panse.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 137 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki jan Katyana vle yo konsidere l ?
2. Ki jan w konsidere timoun ki andikape yo ?
3. Èske w panse li bon pou yo al lekòl ansanm avè w ?
4. Si w te nan plas moun k ap gouvène peyi a sa w t ap fè pou yo ?
5. Si w t ap reponn Katyana sa w t ap di l ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **kous cheval**. M ap frape tablo a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès. Nou pare ! ***[Frape tablo a, aprè sa di]*** :

Sote – Vire adwat – Vire agoch – Galope – Kanpe sèk – Aplodi

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou **mo sinonim**.

Nou dwe konnen

Yon **mo sinonim** se yon mo ki gen menm sans avèk yon lòt mo.

Egzanp : fache/ move ; chache/ bouske.

Jodi a, n ap travay sou **mo sinonim**.

Tou pa m

[Ekri fraz sa yo sou tablo a konsa]

1. ***Masèl toujou move.***
2. ***Masèl toujou fache.***

– M ap li fraz yo.

1. **Masèl toujou move.**
2. **Masèl toujou fache.**

[Aprè sa di :]

– Nan premye fraz la, m ap pase yon trè anba mo **move**.

Malèn achte yon move.

– Nan dezem fraz la, m ap chèche mo ki gen menm sans ak mo **move** a epi m ap pase de trè anba li.

Malèn achte yon fache.

– Se mo **fache** ki gen menm sans ak mo **move**. Se pou sa mwen kapab di mo **fache** se sinonim ak mo **move**.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 136 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

An n li fraz yo.

1. **Masèl toujou move.**
2. **Masèl toujou fache.**

[Aprè sa di :]

– Nan premye fraz la, n ap pase yon trè anba mo **move**.

Malèn achte yon move.

– Nan dezem fraz la, n ap chèche mo ki gen menm sans ak mo **move** a epi m ap pase de trè anba li.

Malèn achte yon fache.

– Se mo **fache** ki gen menm sans ak mo **move**. Se pou sa mwen kapab di mo **fache** se sinonim ak mo **move**.

Tou pa nou

[Li fraz sa yo ansanm ak elèv yo.]

1. **Gistav yon gen lestomak bonbe.**
2. **Gistav gen yon kòlèt bonbe.**

– Li fraz yo ankò. Pase yon anba chak mo sinonim yo. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè egzèsis la. Aprè sa di :]***

– Kilès ki ka di m ki mo li te souliye nan chak fraz. ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

– Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. ***[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]***

Ou pral ekri Katyana yon lèt. Ekri enfòmasyon yo nan kaz yo.

- Prezante tèt ou. (kaz 1)
- Rezon ki fè ou ekri Katyana. (kaz 2)
- Jan ou konprann pwoblèm Katyana a. (kaz 3)
- Jan ou pral viv ak moun ki andikape. (kaz 4)

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 137 la pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. ***[Li fraz yo pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz yo pou kont yo.]***

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **mo sinonim** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Andikape yo gen dwa yo

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. ***[Bay elèv yo 30 segonn.]***

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan bann desine a.

Kilès ki ka di m ki sa li panse de Rita ki di Maryo andikape yo gen dwa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Èske nou panse Maryo gen rezon lè li di yo dwe fabrike materyèl ki pèmèt elèv andikape yo deplase ak fasilite nan klas yo ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **lèt opinyon**. Kilès ki ka di m ki sa yon **lèt opinyon** ye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Nou te pale sou **mo sinonim** tou. Kilès ki ka di m ki sa yon **mo sinonim** ye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1

Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 138 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2

Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : polyo

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Sandra ap soufri ak maladi polyo. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **polyo**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **polyo** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **polyo** vle di : **maladi timoun piti ka trape nan manje ki gate epi ki ka lakòz li paralize**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **polyo**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : pòk

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Elin gen yon pye li ki pòk**. **» Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **pòk**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **pòk** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **pòk** vle di : **lè yon pati nan kò yon moun paralize, li pa ka fè mouvman**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **pòk**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :] Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen : « Ki sa ki pral pase nan tèks la ? »

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. ***[30 segonn]***
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. ***[30 segonn]***
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]***

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di m ki sa andikape yo konn itilize pou yo deplase ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***
2. Èske nou panse yon andikape gen dwa ekri yon depite ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) *[Tit : Yon lèt pou depite Petyonvil la]*

Jodi a, nou pral li yon **lèt opinyon**.

Nou dwe konnen

1. Yon **lèt** se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt moun.
2. Yon **lèt opinyon** se yon lèt yon moun ekri pou li di sa li panse.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 138 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Kilès Kolen Chal te ekri ?
2. Ki kote moun li ekri a ap travay ?
3. Ki sa k te pase Kolen lè l te piti ?
4. Ki sa l ta remen palman an fè ?
5. Pou ki sa l ta remen yo mete ranp toupatou pou andikape yo ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **fason mwen manje**. Chak fwa mwen di non yon fwi n ap mime jan yo manje fwi a. Nou pare !

Mango – Fig – Zaboka – Zoranj – Kann – Kokoye – Melon

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

a. Egzèsis gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis sou mo kontrè. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 138 la pou nou fè egzèsis # 1 an. ***[Montre elèv yo jan gimè yo fèt anvan ou kontinye.]***

Nou dwe konnen

Yon **mo kontrè** se yon mo ki gen yon sans opoze avèk yon lòt mo.

Egzanp : sal/ pwòp ; pòv/ rich.

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

d. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzesis k ape de nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis #4 la.

e. Pwodiksyon

N ap fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 138 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. ***[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]***

Enpòtan

[Ekri pwezi ki nan paj leson 140 nan liv elèv la sou tablo a. Mande elèv yo kopye li nan yon ti kaye. Aprè sa di yo pou yo byen aprann pwezi a lakay yo pou yo ka resite li nan klas la jou w ap fè leson pwezi a.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **kontrè yon mo** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Andikape yo gen dwa yo

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon gwo sal.
Mwen gen anpil chèz pou moun chita.
Mwen gen yon gwo ekran.
Mwen fonksyone lannuit kou lajounen.
Mwen se kote moun peye
Pou yo ka gade bèl fim.
Ki sa mwen ye ? ***(sinema)***

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **lèt opinyon**. Kilès ki ka di m ki sa yon **lèt opinyon** ye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
Nou te pale sou **mo kontrè** tou. Kilès ki ka di m ki sa yon **mo kontrè** ye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 139 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : palman

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Palman an vote yon lwa sou dwa andikape yo. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **palman**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **palman** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **palman** vle di : **kote senatè ak depite reyini pou yo travay**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **palman**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : ranp

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Andikape a pase sou ranp la ak chèz woulan an*. *» Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **ranp**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **ranp** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **ranp** vle di : **pasaj an beton ki panche pou fasilite andikape yo sikile byen kote ki gen eskalye**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **ranp**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Li tèks (12 minit) *[Tit : Yon lèt pou depite Petyonvil la]*

Jodi a, nou pral li menm **lèt opinyon** nou te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen
1. Yon **lèt** se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt moun.
2. Yon **lèt opinyon** se yon lèt yon moun ekri pou li di sa li panse.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 139 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon
1. Pou ki sa Kolen sikile ak fotèy woulan ?
2. Èske palman an te panse ak andikape yo lè yo t ap konstwi kay la ? Bay rezon an.
3. Ou panse elèv yo dwe byen akeyi Kolen ? Pou ki sa ?
4. Daprè ou èske l ap bon pou palman an vote lwa a ? Pou ki sa ?
5. Si w te andikape menm jan ak Kolen èske w t ap ekri lèt sa a ? Bay rezon yo.

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **kous cheval**. M ap frape tablo a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès. Nou pare ! ***[Frape tablo a, aprè sa di]*** :

Sote – Vire adwat – Vire agoch – Galope – Kanpe sèk – Aplodi

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 minit)

a. Egzèsis gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis sou mo sininim. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 138 la pou nou fè egzèsis # 1 an. ***[Montre elèv yo jan gimè yo fèt anvan ou kontinye.]***

Nou dwe konnen

Yon **mo sininim** se yon mo ki gen menm sans avèk yon lòt mo.

Egzanp : fache/ move ; chache/ bouske.

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

d. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. ***[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]***

Ou ta renmen ekri yon lèt pou eksplike majistra a jan li enpòtan pou respekte dwa tout andikape yo.

- Prezante tèt ou. (kaz 1)
- Mete rezon ki fè ou ekri majistra a. (kaz 2)
- Ekri kèk dwa andikape yo dwe genyen. (kaz 3)
- Ekri rezon ki fè dwa sa yo dwe respekte. (kaz 4)

e. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 5 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 139 la pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. ***[Li fraz yo pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz yo pou kont yo.]***

Enpòtan

[Raple elèv yo pou yo repase pwezi yo te kopye nan ti kaye a. Di yo pou yo byen prepare li pou yo ka patisipe nan konkou pwezi semèn nan.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **mo sinonim** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Andikape yo gen dwa yo

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon zouti enpòtan.
Mwen fèt an aliminyòm oswa an bwa.
Mwen gen manch pou yo kenbe m.
Moun ki enfim nan yon pye
Oswa ki gen yon pye kase, itilize m
Pou yo ka mache al kote yo vle.
Yo apiye sou mwen pou yo ka mache.
Ki sa mwen ye ? ***(Beki)***

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **lèt opinyon**. Kilès ki ka di m ki sa yon **lèt opinyon** ye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
Nou te pale sou **mo kontrè** tou. Kilès ki ka di m ki sa yon **mo kontrè** ye ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
Kilès ki ka di m de mo ki se kontrè youn ak lòt ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 140 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : bezwen

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Andikape yo bezwen sipò tout moun. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **bezwen**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **bezwen** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **bezwen** vle di : **sa ki nesesè pou yon moun**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **bezwen**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : paspouki

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Mari trete tout moun san paspouki. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **paspouki**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **paspouki** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **paspouki** vle di : **ki an favè yon moun oswa yon gwoup moun**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **paspouki**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Gramè (5 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou **mo kontrè ak mo sinonim**.

Nou dwe konnen

1. Yon **mo kontrè** se yon mo ki gen yon sans opoze avèk yon lòt mo.
2. Men kèk mo kontrè : kout/ wo ; pwòp/ sal ; rich/ pòv ; agoch/ adwat ; cho/ fret ; renmen/ rayi
3. Yon **mo sinonim** se yon mo ki gen menm sans avèk yon lòt mo.
4. Egzanp : fache/ move ; chache/ bouske.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tande yon fraz ki kòrèk n ap leve pous nou anlè. Lè nou tande yon fraz ki pa kòrèk mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

– Yon mo sinonim se yon mo ki gen menm sans avèk yon lòt mo.
– Yon mo kontrè se yon mo ki gen yon sans opoze ak yon lòt mo.
– Saj se sinonim janti
– Pwòp se kontrè rich.
– Pwòp se kontrè sal.
– Rich se kontrè pòv.
– Anlè se sinonim ak anwo.

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 minit)

a. Egzèsis gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis sou **mo kontrè**. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 140 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral koute epi ekri kèk fraz nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 3 a. Koute fraz sa yo byen epi ekri yo kòrèkteman nan kaye nou.

Mwen ta renmen palman an vote lwa ki prevwa pou tout biwo piblik, tout lekòl, tout kote anpil moun ap pase, genyen yon ranp. Lwa a ap pèmèt moun andikape ki sou fotèy woulan pa oblije rete deyò.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 ak 5.

Aktivite 5 Li tèks (20 minit) *[Tit : Viv avè m]*

Tèks n ap li jodi a se yon pwezi.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwezi** se yon tèks ki ekri an **vè**.
2. Yon **vè** se yon gwoup mo ki sou menm liy nan pwezi a.
3. Chak **vè** dwe ekri sou yon liy pou kont li.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 140 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Konkou pwezi

Moman konkou pwezi a rive. M ap chwazi kèk elèv pou vin resite pwezi a devan tout klas la. Pandan yon elèv devan an, tout rès klas la ap suiv san pale. ***[Aprè chak elèv fin resite pwezi a, mande elèv yo bat yon gwo bravo pou li. Aprè sa, mande kèk elèv nan klas la pou yo di sa yo panse sou jan elèv la sot resite pwezi a.]***

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Daprè tèks la ki sa yon andikape bezwen ?
2. Ki sa nou ka fè pou nou pèmèt andikape yo viv byen ?
3. Èske li bon pou nou annuiye andikape yo ? Pou ki sa ?

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **mo kontrè ak mo sinonim** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Vakans pral rive

Pale sou Imaj (2 minit)

Pou nou kòmanse leson jodi a, nou pral pale sou yon imaj. Nou pral gade imaj la aprè sa n ap di sa nou panse sou li. ***[Bay elèv yo 30 segonn.]***

[Aprè sa di :] Kilès ki ka di m sa li wè nan imaj la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak apre sa di klas la sa ou panse sou imaj la.]***

[Lè yo fin reponn di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou imaj sa a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak aprè sa di klas la sa ou panse sou imaj la.]***

Mwen kontan tande jan nou pale sou imaj la.

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 141 an. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : repase

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Nina ap repase leson li. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **repase**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **repase** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **repase** vle di : **etidye yon leson ankò pou ou ka sonje li**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **repase**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : konpoze

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Nadin ap konpoze demen. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **konpoze**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **konpoze** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **konpoze** vle di : **fè egzamen**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **konpoze**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè tit

Kounye a, nou pral sèvi ak tit tèks la pou nou devine sou ki sa tèks la pral pale.

[Ekri tit sa a sou tablo a : Egzamen final rive.]

[Aprè sa di :] Sa a se tit tèks jodi a. Li tit la ; aprè sa mande tèt ou ki sa ki pral pase nan tèks la. Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]***

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di m ki sa li konn fè lè li pral konpoze ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***
2. Èske li enpòtan pou etidye chak jou ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***
3. Èske ou konn ale fè vakans lòt kote ? Ki kote ou konn ale ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) *[Tit : Egzamen final rive]*

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks naratif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Nan yon **tèks naratif**, evènman yo prezante daprè yon seri etap. Tout etap sa yo ansanm, fòme yon **chema naratif**.
3. **Chema naratif** la gen 5 etap : yon sitiyasyon inisyal, yon pwoblèm, aksyon yo, yon solisyon, yon sitiyasyon final.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 141 an pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Nan ki zòn Anita t ap viv anvan li te ale Pòtoprens ?
2. Ki rèv Anita fè ?
3. Pou ki sa Anita pi renmen syans eksperimantal ?
4. Pou ki sa timoun yo di Anita mèsi ?
5. Ki matyè ou pi renmen ? Pou ki sa ?
6. Si w te nan plas Anita ki sa w t ap fè ?

Aktivite 5 Mini leson/ Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè revizyon sou kèk règ gramè nou te aprann nan leson pase yo.

Nou dwe konnen

1. Yon **gwoup vèbal** ka fòme ak yon vèb pou kont li oubyen ak yon vèb ki gen youn oswa plizyè mo aprè li.
2. Nan yon **gwoup vèbal** mo ki vini aprè vèb la kapab jwe wòl: konpleman **objè** (dirèk – endirèk), konpleman **sikonstansyèl** oswa advèb.
3. Yon **konpleman objè dirèk** se yon mo oswa yon gwoup mo ki fè pati **gwoup vèbal** la pou konplete sans vèb la.
4. Pou nou jwenn konpleman objè dirèk la, nou dwe poze kesyon « **kilès ?** » oswa « **ki sa ?** » devan gwoup sijè a. Kesyon an dwe fini nan vèb la.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè fraz la kòrèk n ap leve pous nou anlè. Si li pa kòrèk mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

– Yon gwoup vèbal kapab fòme ak yon vèb ki gen plizyè mo aprè li.
– Nan yon gwoup vèbal mo ki vin aprè vèb la toujou jwe wòl konpleman objè direk.
– Nan yon gwoup vèbal mo ki vin aprè vèb la toujou jwe wòl konpleman objè endirek.
– Pou nou jwenn konpleman objè dirèk la nou poze kesyon Kilès oswa ki sa devan gwoup sijè a.

Nou dwe konnen

1. Yon **konpleman objè endirèk** se yon mo ki konplete sans vèb la nan yon fraz.
2. Pou nou jwenn **konpleman objè endirèk** la nou poze kesyon **ak ki sa, ak kilès, pou kilès, de kilès, de ki sa, san ki sa** devan gwoup sijè a. Kesyon an dwe fini nan vèb la.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè fraz la kòrèk n ap leve pous nou anlè. Si li pa kòrèk mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

– Konpleman objè endirèk la konplete sans vèb la nan yon fraz.
– Pou nou jwenn konpleman objè dirèk la nou ka poze kesyon ak ki sa devan gwoup sijè a ?
– Pou nou jwenn konpleman objè dirèk la nou ka poze kesyon kilès devan gwoup sijè a ?
– Pou nou jwenn konpleman objè dirèk la nou ka poze kesyon pou kilès devan gwoup sijè a ?
– Pou nou jwenn konpleman objè dirèk la nou ka poze kesyon ki sa devan gwoup sijè a ?
– Pou nou jwenn konpleman objè dirèk la nou ka poze kesyon de ki sa devan gwoup sijè a ?

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

a. Egzèsis gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan **kaye nou**. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 141 an pou nou fè egzèsis # 1 an.

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki **mo vokabilè nou te aprann nan leson an** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Vakans pral rive

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon dokiman enpòtan pou elèv.
Mwen pa liv, mwen pa kaye.
Men mwen gen liy tankou kaye.
Yo sèvi avè m pou mete nòt ak mwayèn.
Se mwen ki di si yon elèv pase oswa li pa pase.
Ki sa mwen ye ? *(kanè)*

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 142 a. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : konsole

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Pyè renmen konsole zanmi li. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **konsole**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **konsole** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **konsole** vle di : **ede yon moun diminye lapenn li**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **konsole**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : kaskad

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Agat ap benyen anba kaskad la. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **kaskad**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **kaskad** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **kaskad** vle di : **dlo rivyè ki soti anlè yon tèt mòn k ap tonbe ak fòs**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kaskad**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. ***[30 segonn]***
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. ***[30 segonn]***
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse tèks la pral pale ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]***

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di m nan ki mwa ane lekòl la konn fini ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***
2. Kilès ki ka di m ki jan li konn santi lè li fè yon bèl mwayèn li ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***
3. Èske nou panse li enpòtan pou nou fè mwayèn nou ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) *[Tit : Jou kanè]*

Jodi a, nou pral li yon **tèks naratif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Nan yon **tèks naratif**, evènman yo prezante daprè yon seri etap. Tout etap sa yo ansanm, fòme yon **chema naratif**.
3. **Chema naratif** la gen 5 etap : yon sitiyasyon inisyal, yon pwoblèm, aksyon yo, yon solisyon, yon sitiyasyon final.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 142 a pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Pou ki sa elèv yo kè pòpòz oswa kè yo sou biskèt ?
2. Ki sa papa Dominik pral l fè l ?
3. Kilès ki pral vwayaje ansanm ak Anita ?
4. Ki pwojè yo ?
5. Sa w konn fè lè vakans ?
6. Èske w dakò pou timoun yo amize yo pandan vakans ? Pou ki sa ?

Aktivite 5 Mini leson/ Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè revizyon sou kèk règ gramè nou te aprann nan leson pase yo. Jodi a, n ap fè yon aktivite sou advèb.

Nou dwe konnen

1. Yon **advèb** se yon mo ki plase bò kote yon lòt pou li bay plis presizyon sou sans mo a.
2. **Advèb manyè** a endike ki jan yon aksyon fèt.
3. **Advèb tan** an endike kilè yon aksyon fèt.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tande yon fraz ki kòrèk n ap leve pous nou anlè. Lè nou tande yon fraz ki pa kòrèk mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

– Yon **advèb** se yon mo ki plase bò kote yon lòt pou li bay plis presizyon sou sans mo a.
– Yon **advèb se yon mo ki ranplase yon non**.
– Yon advèb manyè endike ki kote yon aksyon fèt.
– **Advèb manyè** a endike ki kote yon aksyon fèt.
– **Advèb tan** an endike ki lè yon aksyon fèt.

Nou dwe konnen

1. Yon **advèb** se yon mo ki plase bò kote yon lòt pou li bay plis presizyon sou sans mo a.
2. **Advèb lye** a endike ki kote yon aksyon fèt.
3. **Advèb kantite** a bay yon lide sou kantite moun, bèt oswa kantite objè.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tande yon fraz ki kòrèk n ap leve pous nou anlè. Lè nou tande yon fraz ki pa kòrèk mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

– Yon **advèb** se yon mo ki plase bò kote yon lòt pou li bay plis presizyon sou sans mo a.
– Yon **advèb lye** endike kilè yon aksyon fèt.
– Yon **advèb lye** endike ki kote yon aksyon fèt.
– Yon **advèb kantite** bay yon lide sou kantite moun, bèt oswa kantite objè.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

a. Egzèsis gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan **kaye nou**. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 142 a pou nou fè egzèsis # 1 an.

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki **mo vokabilè nou te aprann nan leson an** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Vakans pral rive

Pale sou Imaj (2 minit)

Pou nou kòmanse leson jodi a, nou pral pale sou yon imaj. Nou pral gade imaj la aprè sa n ap di sa nou panse sou li. ***[Bay elèv yo 30 segonn.]***

[Aprè sa di :] Kilès ki ka di m sa li wè nan imaj la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak apre sa di klas la sa ou panse sou imaj la.]***

[Lè yo fin reponn di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou imaj sa a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak aprè sa di klas la sa ou panse sou imaj la.]***

Mwen kontan tande jan nou pale sou imaj la.

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 143 a. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : viwonnen

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Fanatik yo viwonnen atis la. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **viwonnen**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **viwonnen** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **viwonnen** vle di : **fè wonn yon moun oswa yon objè**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **viwonnen**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : tansyon

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Dina gen yon tansyon ki ap fatige li. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **tansyon**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **tansyon** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **tansyon** vle di : **maladi moun genyen lè san li pa byen sikile**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **tansyon**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè tit

Kounye a, nou pral sèvi ak tit tèks la pou nou devine sou ki sa tèks la pral pale.

[Ekri tit sa a sou tablo a : yon vakans Ansavo (pati 1).]

[Aprè sa di :] Sa a se tit tèks jodi a. Li tit la ; aprè sa mande tèt ou ki sa ki pral pase nan tèks la. Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]***

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di mwen kèk pàn machin konn pran ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***
2. Kilès ki ka di m non kèk pwodui machann konn vann nan yon estasyon ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***
3. Èske nou panse li enpòtan pou elèv gen vakans ? Pou ki sa? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) *[Tit : Anita pral nan vakans]*

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks naratif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Nan yon **tèks naratif**, evènman yo prezante daprè yon seri etap. Tout etap sa yo ansanm, fòme yon **chema naratif**.
3. **Chema naratif** la gen 5 etap : yon sitiyasyon inisyal, yon pwoblèm, aksyon yo, yon solisyon, yon sitiyasyon final.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 143 a pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki sa ki rive kafou Deriso ?
2. Ki sa machann yo ap vann ?
3. Kilès ki t ap tann Anita ak Magda ?
4. Ki sa ki montre Matant Kawòl kontan ?
5. Daprè ou èske Grann Kèkèt kontan wè timoun yo ? Pou ki sa ?
6. Si w te nan kay la ki sa w t ap fè pou w kite pou timoun yo ?

Aktivite 5 Mini leson/ Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè revizyon sou kèk règ gramè nou te aprann nan leson pase yo.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwonon** se yon mo ki ka ranplase yon non oubyen ton gwoup non.
2. **Pwonon pèsonèl** yo se : **Mwen, ou, li, nou, yo**.
3. Yon **pwonon pèsonèl** sijè toujou plase devan yon vèb.
4. Yon **pwonon pèsonèl konpleman toujou** plase dèyè yon vèb.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè fraz la kòrèk n ap leve pous nou anlè. Si li pa kòrèk n ap mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

– Pwonon pèsonèl yo se mo ki ka ranplase yon vèb nan yon fraz.
– Pwonon pèsonèl yo se mo ki ka ranplase non moun nan yon fraz.
– Yon pwonon pèsonèl sijè toujou plase dèyè yon vèb .
– Yon pwonon pèsonèl konpleman toujou plase dèyè yon vèb.
– Yon pwonon pèsonèl sijè toujou plase devan yon vèb.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwonon pèsonèl sijè** toujou plase devan yon vèb.
2. Yon **pwonon pèsonèl konpleman** toujou plase dèyè yon vèb.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tande yon fraz ki gen yon pwonon pèsonèl sijè n ap leve pous nou anlè. Lè nou tande yon fraz ki gen yon pwonon pèsonèl konpleman mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

– Faniz fè lesiv pou manman li.
– Nou pral etidye anba tonèl la.
– Ou byen fè devwa a.
– Jak pote yon diksyonè pou nou.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

a. Egzèsis gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan **kaye nou**. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 143 a pou nou fè egzèsis # 1 an.

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki **mo vokabilè nou te aprann nan leson an** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Vakans pral rive

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon espas ki chaje dlo.
Mwen al tonbe nan lanmè.
Mwen se kote pèche vin peche pwason.
Lesivyè vin lave.
Moun vin pran dlo pou bèt.
Timoun vin benyen, fè lago.
Ki sa mwen ye ? *(rivyè)*

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 144 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : lesivyè

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Lesivyè yo renmen lave nan larivyè. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **lesivyè**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **lesivyè** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **lesivyè** vle di : **moun ki fè metye lave rad**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **lesivyè**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : vakans

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Elèv yo amize yo anpil lè gen vakans. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **vakans**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **vakans** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **vakans** vle di : **moman nan ane a kote lekòl oswa travay sispann fonksyone pou pèmèt elèv ak travayè repoze**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **vakans**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. ***[30 segonn]***
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. ***[30 segonn]***
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse tèks la pral pale ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]***

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di m ki sa li konn wè bò yon rivyè ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***
2. Èske ou panse li bon pou yon timoun mande paran li pèmisyon avan li sòti ? Pou ki sa ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]***

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) *[Tit : Yon vakans Ansavo (pati 2)]*

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks naratif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Nan yon **tèks naratif**, evènman yo prezante daprè yon seri etap. Tout etap sa yo ansanm, fòme yon **chema naratif**.
3. **Chema naratif** la gen 5 etap : yon sitiyasyon inisyal, yon pwoblèm, aksyon yo, yon solisyon, yon sitiyasyon final.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 144 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. ***[Pran liv elèv la. Li tèks : « Yon vakans Ansavo (pati 2) » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanp.]***

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki sa timoun yo fè lè yo rive ?
2. Pou ki sa manman yo di fè atansyon lè y ap soti ?
3. Site 2 eleman ki montre peyi a bèl daprè tèks la.
4. Ki sa yo fè aprè sizè ?
5. Èske Anita gen rezon di « pa gen tankou vakans ak fanmi ou » ? Pou ki sa ?
6. Ou renmen pase vakans ak fanmi ou ? Pou ki sa ?

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè revizyon sou kèk règ gramè nou te aprann nan leson pase yo.

Nou dwe konnen

1. Nou pale de **kontraksyon** lè yon mo pèdi youn oubyen plizyè nan son li yo.
2. Lè nou itilize **kontraksyon** nan yon mo, nou pran mwens tan pou nou li mo a.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè fraz la kòrèk n ap leve pous nou anlè. Si li pa kòrèk n ap mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

– Nou pale de kontraksyon se lè yon mo pèdi youn oubyen plizyè nan son li yo.
– **/l/** se kontraksyon mo **li**.
– **/m/** se kontraksyon mo **mwen**
– **/n/** se kontraksyon mo **nou**
– **/w/** se kontraksyon mo **ou**

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (10 minit)

a. Gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye nou. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 144 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki **mo vokabilè nou te aprann nan leson an** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Vakans pral rive

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon bwason natirèl.
Mwen gen koulè blan.
Se bèf yo tire pou yo jwenn mwen.
Yon bwè m bouyi ak sik oswa san sik.
Yon fè fromaz avè m.
Yon mete nan plizyè kalite manje.
Ki sa mwen ye ? *(lèt)*

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 145 la. Li mo yo. ***[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].***

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : detant

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Veniz ap pran yon ti detant anba pye rezen an. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **detant**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **detant** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **detant** vle di : **repo yon moun pran pou li konbat fatig**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **detant**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

b. Dezyèm mo a se : rafrechi

1. ***[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Tanya ap rafrechi kò li nan pisin nan. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]***
   – Leve men nou si nou konnen mo **rafrechi**.
   – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **rafrechi** vle di nan fraz nou sot li a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]***
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **rafrechi** vle di : **vin fre**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **rafrechi**. ***[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]***

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè revizyon sou kèk règ gramè nou te aprann nan leson pase yo.

Nou dwe konnen

1. Tan yo endike nan ki moman yon aksyon fèt.
2. **Tan prezan** an montre yon aksyon ap fèt nan moman y ap pale a.
3. **Tan pase** a montre yon aksyon fin fèt.
4. **Tan fiti** a montre aksyon an poko fèt.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tande yon fraz nan tan prezan n ap leve pous nou anlè. Lè fraz la pa nan tan prezan mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

– Mari ap etidye.
– Polèt te fè devwa a.
– Silnò ap kouri sou teren an.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tande yon fraz nan tan pase n ap leve pous nou anlè. Lè fraz la pa nan tan pase mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

– Kenòl pral Soti kounye a.
– Yolèn te byen konpoze.
– Edna te lave rad yo.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tande yon fraz nan tan fiti n ap leve pous nou anlè. Lè fraz la pa nan tan fiti mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

– Sara pral fè espò.
– Kal ap achte nan magazen an.
– Emil pral nan plaj ak fanmi li.

Nou dwe konnen

Yon **mo sinonim** se yon mo ki gen menm sans avèk yon lòt mo.

Egzanp : si/ goyin ; chache/ bouske.

Koute epi reponn ak pous

Mwen pral li kèk pè mo youn aprè lòt, lè nou tande de mo ki sinonim n ap leve pous nou anlè. Lè de mo yo pa sinonim mete pous nou tèt anba.

Fraz yo

– soufle/ soupi
– soufle/ vante
– trakase/ fawouche
– klere/ briye
– trakase/ boulvèse

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (10 minit)

a. Gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye nou. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 145 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 5 Li pwezi (12 minit) *[Tit : vakans]*

Tèks n ap li jodi a se yon pwezi.

Nou dwe konnen

1. Yon pwezi se yon tèks enteresan ki itilize mo ak bèl fraz pou eksprime emosyon, lide ak santiman moun ki ekril la.
2. Yon emosyon se sa ki fè yon moun santi li boulvèse oswa li kontan.
3. Yon santiman se sa yon moun santi anndan kè li.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 145 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. ***[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]***

b. Li de pa de

Nou pral li pwezi a de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li pwezi a pou lòt.

c. Konkou pwezi

Moman konkou pwezi a rive. M ap chwazi kèk elèv pou vin resite pwezi a devan tout klas la. Pandan yon elèv devan an, tout rès klas la ap suiv san pale. ***[Aprè chak elèv fin resite pwezi a, mande elèv yo bat yon gwo bravo pou li. Aprè sa, mande kèk elèv nan klas la pou yo di sa yo panse sou jan elèv la sot resite pwezi a.]***

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Pou ki sa yo di vakans se moman detant san kè kase ?
2. Ki kote yo rafrechi kò yo ?
3. Ki detant ou pi renmen nan moman vakans ?
4. Kilès ou konn ede nan moman sa a ? Sa w konn fè ?

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]***
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **itilizasyon vigil** ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]***
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? ***[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]***
4. ***[Aprè sa di :]*** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Modèl evalyasyon 1

Anpoul elektrik

Jouk jounen jodi a, gen de kote nan peyi a kouran elektrik poko rive oswa li ra. Se sa k fè moun toujou genyen lanp oswa balèn pou klere lakay yo. Lontan, lè pate ko genyen anpoul elektrik, se lanp ak balèn sèlman ki te pote limyè.

Men kilès ki envante anpoul elektrik la ? Se Joseph Swan ak Thomas Edison. Joseph Swan se yon anglè ki te fè yon premye anpoul ki pa t ka klere pou anpil tan. Yon lane aprè, Thomas Edison, ki soti nan peyi Etazini, vin amelyore anpoul la. Anpoul li fè a te klere pou plis tan. Se aprè anpil travay, anpil tantativ, Thomas Edison te resi jwenn pi bon materyo ak pi bon teknik pou fè anpoul la klere. Se te nan mwa oktòb 1879.

Se nan eta Ohio (Owayo) Thomas Edison fèt, jou ki te 11 fevriye 1847. Depi li piti, li te renmen lasyans, li te renmen li anpil epi fè rechèch. Se li tou ki envante fonograf, yon aparèy ki te sèvi nan tan lontan pou moun koute mizik.

Se te yon gwo biznisman tou. Se li ki kreye konpayi General Electric ki se yon gwo konpayi jous jounen jodi a, kote yo fè aparèy tankou fou, frijidè elatriye. Thomas Edison mouri jou ki te 18 oktòb 1931.

Kesyon ak egzèsis

I. Li chak kesyon, aprè sa reponn yo daprè tèks la.

1. Ki sa ki te konn pote limyè nan tan lontan ?
2. Kilès ki te fè premye anpoul elektrik la ?
3. Daprè tèks la, Thomas Edison te kreye yon konpayi. Ki jan li rele ?
4. Ki kalite aparèy konpayi Thomas Edison nan te kreye ?

II. Antoure bon repons la

1. Daprè tèks la Thomas Edison te envante yon aparèy mizik ki rele : Radyo frijidè fonograf
2. Daprè tèks la, Thomas Edison fèt : 11 fevriye 1747 11 fevriye 1847 11 fevriye 1947

III. Daprè ou, èske travay Thomas Edison yo itil ? Pou ki sa ?

IV. Chwazi, nan lis a kote a, mo ki mache ak definisyon an.

1. Krent yon moun genyen anfas yon danje, nan yon sitiyasyon : **kalite, souke, laperèz**.
2. Sekous ki fèt tanzantan aprè yon tranblemandtè fin pase : **tranble, replik, panike**.
3. Moustik ki bay moun malarya : **anofèl, marengwen, mouch**.

V. Fè yon flèch soti nan mo ki nan kolòn agoch (A) pou rive nan definisyon pa li ki nan kolòn adwat (B).

A	**B**
1. Takinen	Maladi timoun piti ka trape epi ki lakòz li paralize.
2. Palman	Pran plezi nan annuiye yon moun.
3. Polyo	Moun ki gen talan pou kreye bèl zèv.
4. Atis	

VI. Rekopye chak fraz epi ranplase mo ki souliye a ak sinonim li.

1. Jodi a, van an ap soufle anpil.
2. Anpoul ki sou galri a briye.

VII. Ekri fraz sa yo nan tan pase.

1. Elèv yo pral vizite Palè twasanswasannsenk pòt.
2. Jaklin ap jwe sou lakou a.
3. Lorèt ap li yon bèl istwa.

VIII. Nan chak fraz sa yo, pase yon trè anba pwonon sijè a epi pase de trè anba pwonon konpleman an.

1. Li renmen ale flannen ak mwen.
2. Li wè direktè a ki ap pale ak nou.

IX. Rekopye chak fraz sa yo, pandan n ap ekri pwonon ki souliye a nan fòm kontrakte.

1. Mwen ap ekri nan yon fèy blan.
2. Manman li vini depi yè.
3. Matin te rankontre ou yè.

X. Ekri yon ti tèks pou di ki jan anpoul elektrik itil nan lari ak nan kay.

Modèl evalyasyon 2

Siwo myèl

Siwo myèl se yon pwodui ki san pou san natirèl. Se youn nan pwodui lèzòm pa rive ajoute anyen ni defòme nan fabrikasyon l. Li egziste depi 7000 lane anvan Jezikri.

Siwo sa a rive fèt gras ak entelijans yon ensèk ki rele myèl oubyen abèy. Yo mete tèt yo ansanm, sitou femèl yo, pou yo ka reyalize gwo kokenn chenn travay sa a. Yo konstwi yon espas espesyal ki rele « rich » pou enstale yo. Anndan rich la, ou pa ta di yon antrepriz ! Yo fòme plizyè ekip ant yo. Chak ekip jwe wòl pa yo : sa k pote manje pou lòt yo ; sa k fè travay bòs mason ; sa k netwaye ; sa k al chache materyo pou fè siwo a epi sa k ap siveye rich la.

Myèl yo *sèvi* ak polèn ak nekta nenpòt flè pou fè siwo. Lè yo pran polèn ak nekta yo, yo kraze yo ak pat epi ak lang yo pou fè yo tounen yon pat. Yo mete pat la nan yon twou anndan rich la epi yo bouche l.

Aprè sa, siwo a pral pare pou agrikiltè yo tire l ak machin espesyal yo genyen pou sa. Siwo myèl la bon pou lasante. Li gen sik, dlo, asid òganik ak anpil vitamin. Lamedsin fè anpil rechèch sou li. Yo dekouvri tout enpòtans li genyen nan gerizon enfeksyon anndan kò ak sou po moun.

Mezanmi, tout moun ta dwe fè pwomosyon pou siwo myèl.

Kesyon ak egzèsis

I. Li chak kesyon, aprè sa reponn yo daprè tèks la.

1. Depi ki lè siwo myèl egziste ?
2. Ki jan yo rele espas espesyal kote myèl yo rete a ?
3. Site kèk eleman nou jwenn nan siwo myèl.
4. Ki lòt non myèl genyen ?

II. Souliye bon repons la aprè sa ekri li sou liy nan

1. Pou myèl yo fè siwo, yo sèvi ak_____ Polèn ak sik Nekta flè ak sik Polèn ak nekta flè
2. Daprè tèks la, siwo myèl enpòtan_____ pou fyèv malarya pou enfeksyon pou moun ki enfim

III. Daprè ou, èske li enpòtan pou moun bwè siwo myèl ? Pou ki sa ?

IV. Chwazi bon repons la.

Polisyon vle di :

1. divès kalite objè moun ka itilize.
2. dega anviwònman an sibi lè yo mete divès kalite dechè ladan li.
3. pran plezi nan annuiye yon moun.

V. Konplete chak fraz ak mo ki kòrèk la.

Radyografi Laboratwa Konje

1. _____ : Jou ki pa gen lekòl ak travay.
2. _____ : Espas nan yon lopital kote yo fè tout kalite egzamen medikal.
3. _____ : Imaj yon pati anndan kò yon moun ki montre si li malad oswa si li ansante.

VI. Fè flèch soti nan mo ki nan kolòn agoch (A) la pou rive nan definisyon pa li ki nan kolòn adwat la (B).

A	**B**
1. Takinen	teknik ki pèmèt nou ranmase dechè yo pou nou itilize yo ankò nan pwodiksyon objè ki itil.
2. Izin	pran plezi nan annuiye yon moun.
3. Resiklaj	kote yo pwodui divès kalite objè moun ka itilize.
4. Nouvèl	

VII. Konplete fraz sa yo.

1. Yon pwonon se yon mo ki ranplase yon _____.
2. Pwonon pèsonèl sijè a toujou plase _____ yon vèb.
3. Pwonon an ka gen fonksyon konpleman objè _____ ak konpleman objè _____.

VIII. Nan chak fraz, souliye gwoup vèbal la. Aprè sa, mete V sou vèb la, K.O.E sou konpleman objè endirèk la.

1. Filip pale ak manman li.
2. Manno ap jwe ak Lora.

IX. Ekri yon ti tèks pou w pale de fanmi ou.

Modèl evalyasyon 3

Timoun yo gen dwa pale

« Pe bouch, pe bouch ! Silans ! », se fraz sa nou abitye di pou konsole timoun k ap kriye. Men gen pafwa timoun nan fin gran, epi nou kontinye ap di li « Pe la ! Se gran moun k ap pale ».

Timoun gen dwa pale. Nou fèt pou nou ankouraje timoun yo pale, diskite, di sa yo panse. Depi sa fèt nan respè, nan lizaj.

Se depi piti, nan fanmi li ak nan lekòl li pou timoun nan aprann eksprime opinyon li, dekwa pou demen nou pa genyen yon bann bègwè kòm sitwayen.

Se pou paran yo pale ak timoun yo sou divès kalite sijè. Wi gen yon jan pou sa fèt, gen jan pou yo eksplike bagay yo nan nivo timoun nan ka konprann. Se pou yo koute timoun yo tou, epi pou yo pa voye lide yo jete.

Nan lekòl, se pou pwofesè yo ankouraje elèv yo poze kesyon, epi pataje lide yo youn ak lòt. Se pou timoun yo fè travay rechèch epi vin prezante devan klas la. Sa va aprann timoun nan pi alèz pou li pale devan moun, sa va fè l ogmante konfyans nan tèt li.

Pale lib e libè nan respè youn pou lòt se yon dwa tout moun genyen, timoun kou granmoun.

Kesyon ak egzèsis

I. Li chak kesyon, aprè sa reponn yo daprè tèks la.

1. Ki tit tèks la ?
2. Ki dwa tout moun genyen daprè tèks la?
3. Ki bò pou timoun yo aprann eksprime opinyon yo ?
4. Daprè tèks la ki sa pwofesè yo dwe fè nan lekòl yo ?

II. Èske ou panse li enpòtan pou paran ak pwofesè kite timoun yo di sa yo panse ? Pou ki sa ?

III. Antoure lèt ki koresponn ak bon repons la

Daprè tèks la :

a. Se sèl granmoun ki gen dwa pale

b. Timoun gen dwa pale lib e libè

ch. Timoun gen dwa dezobeyi granmoun.

IV. Chwazi youn nan mo sa yo pou konplete chak fraz.

ekonomi lwa enterese kachèt dwa
1. Tout timoun yo gen _____ pou ale lekòl.
2. Depite ak senatè yo vote _____ pou pwoteje timoun yo.
3. Lendò _____ pou li aprann jwe twonpèt.

V. Re-ekri fraz yo pandan w ap ranplase mo ki souliye yo ak youn nan mo ki nan parantèz yo. Fraz la dwe konsève menm sans la.

1. Van an ap <u>vante</u> maten an. ***(soufri - soufle)***
2. Nouvèl sa a <u>boulvèse</u> tout moun. ***(trakase - twonpe)***

VI. Fè yon fraz ki gen konpleman :

1. sikonstansyèl lye : _____
2. sikonstansyèl tan : _____
3. sikonstansyèl manyè : _____.

VII. Li tèks la byen aprè sa korije mo ki mal ekri yo.

Jac se yon ti gason sage. Li toujou koute toute koncèy parant li. Lakay li parant li yo toujou kite li exprimer opinion li.

VIII. Ekri yon tèks sou kèk lòt dwa ou konnen timoun genyen.

IX. Ekri yon ti tèks pou di granmoun yo jan ou ta renmen pou yo respekte dwa tout timoun.

Modèl evalyasyon 4

Resèt Akra

Akra pou 5 moun

Engredyan w ap bezwen

5 malanga (tayo, karayib)[1]

– Yon piman pike

– Yon moso mori oswa aransò

– Yon bò zoranj si

– Yon ti kiyè sèl fen

– Yon ti bidon luil

– Epis : 1 tèt lay, 3 pye powo, yon bouke ten, 2 pwaro fre.

Preparasyon

1. Kale malanga yo.
2. Lave yo epi graje yo.
3. Rache mori a oswa aransò a byen rache/Pile epis yo ansanm nan yon pilon.
4. Mete mori/ aransò, epis, piman ak zoranj si epi yon ti kiyè sèl. Brase yo byen brase ak malanga graje a.
5. Mete li fri pa ti kiyè nan yon chodyè luil byen cho.

Kesyon ak egzèsis

I. Li chak kesyon, aprè sa reponn yo daprè tèks la.

1. Resèt ki manje yo bay nan tèks la ?
2. Ekri de lòt non malanga genyen ?
3. Si n ap fè akra, ki sa nou ka mete nan plas mori a?

II. Ekri kèk epis nou ka mete nan akra ?

[1] **tayo** oswa **karayib** selon rejyon an.

III. Fè flèch soti nan mo ki nan kolòn agoch (A) pou rive nan definisyon pa li ki nan kolòn adwat (B).

A	B
1. Santinèl	Moun k ap veye.
2. Atlèt	Enfòmasyon
3. Ranpòte	Moun ki gen talan pou kreye bèl zèv.
4. Nouvèl	Kapasite pou konprann
5. Entèlijans	Moun ki pratike yon espò.
6. Dwa	Genyen yon konkou

IV. Nan chak kaz, ekri 2 manje ou ka fè, 2 jwèt ou konn fè.

Manje ou konn fè	Jwèt ou konn fè

V. Ekri yon fraz ki gen yon konpleman sikonstansyèl tan.

VI. Konplete fraz sa yo.

1. Yon_____ se yon tèks ki rakonte istwa lavi yon moun.
2. Lè yon mo pèdi youn oubyen plizyè son yo rele sa_____.
3. Pwonon pèsonèl sijè a toujou plase _____yon vèb.

VII. Ekri yon tèks pou di tout etap ki ka pèmèt ou reyalize yon manje ou ta renmen fè.

VIII. Ekri yon tèks pou di pou ki sa li enpòtan pou gason kou fi konn fè manje.

Modèl evalyasyon 5

Manmzèl Lasigal ak Man Foumi

Se melodi vwa Manmzèl Lasigal
K ap klewonnen
Lajounen kou lannuit,
Ki louvri sezon gwo chalè
Menm jan silans li anonse sezon lapli
Paske Manmzèl Lasigal pa menm ak vwazin li Man foumi.
Li pantan, move tan bare l san li pa pare anyen
Li sètoblije janbe baryè al wè Man Foumi,
Vwazin li, pou mande li prete kèk pwovizyon.
Li fè pwomès, l a va remèt tout sa ak enterè,
Lè tan an va pi bon.
Men sa ki rantre pa soti konsa kay Man Foumi,
Li pa renmen prete zafè l.
« Sezon lapli fèk kòmanse, Manmzèl Lasigal, epi pwovizyon ou fini ? »
« Mwen pa t gen tan fè pwovizyon ditou Man Foumi.
Mwen te tèlman pèdi nan chante, mwen pa wè lè tan an pase. »
« Oo ! Ou t ap chante, se lè pou w danse kounye a. »

Daprè yon fab Jean de la Fontaine, adaptasyon Darline Alexis

Kesyon ak egzèsis

I. Li chak kesyon, aprè sa reponn yo daprè tèks la.

1. De kilès tèks la pale ?
2. Ki sa melodi Manmzèl Lasigal anonse ?
3. Ki sa silans Manmzèl Lasigal la anonse ?
4. Kay kilès Manmzèl Lasigal te ale ?

II. Lasigal te gaspiye tout tan li ap chante. Èske ou panse li te byen aji ? Pou ki sa ?

III. Pou chak fraz, antoure bon repons la.

1. Aparèy ki pèmèt de moun pale. telefòn vantilatè televizyon
2. Moun ki pratike yon espò pou li patisipe nan konpetisyon. enjenyè atlèt fi kou gason
3. Enfòmasyon yo bay sou yon aktivite ki pral fèt. istwa anons telegraf

IV. Ekri mo kontrè chak mo bò kote li. Aprè sa fè yon fraz ak mo kontrè a.

1. pwòp : fraz :
2. gwo : fraz :
3. kontan : fraz :

V. Pou chak fraz, ekri nan ki tan vèb la ye.

1. Manmzèl Lasigal te chante lajounen kou lannuit. _____
2. Keti pral vizite basen Zim. _____
3. Vensan ap li yon liv. _____


VI. Fè flèch soti nan mo ki nan kolòn agoch (A) pou rive nan definisyon pa li ki nan kolòn adwat (B).

A	**B**
1. Pwonon	se yon mo ki gen yon sans opoze avèk yon lòt mo.
2. Sinonin	endike nan ki moman yon aksyon fèt.
3. Tan yo	Se yon mo ki gen menm sans ak yon lòt mo.
4. Mo kontrè	Konplete sans vèb la nan yon fraz.
5. Konpleman objè dirèk	Se yon mo ki ranplase yon non nan yon fraz.

VII. Li tèks la byen aprè sa korije mo ki mal ekri yo.

Nadèj ap vive nan komine Pilat. Li gen pliziè frè ak sè. Nadèj rinmen tout fenmi li.

VIII. Ekri yon tèks pou di si ou te nan plas Man foumi, èske ou t ap prete Manmzèl Lasigal pwovizyon ? Pou ki sa ?



Liv sa a fèt epi li pibliye an kolaborasyon avèk Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) Gouvènman Ayisyen an, gras a yon èd ki soti nan ajans amerikèn U.S. Agency for International Development (USAID), nan kad Aktivite Rechèch Aplike Tout Timoun Ap Li – ToTAL, dapre kontra No. EHC-E-00-0004-00 pwogram èd USAID ki rele EdData II Technical and Managerial Assistance.

Novanm 2014